देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

रवि

06 सितंबर, 2026

पटना

भादव, कृष्ण पक्ष, दशमी, संवत् : 2083

देशक पहिल मैथिली दैनिक

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 16, अंक : 354 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 3:00




## 'हे भगवान! अपन लोक सकुशल घर आबि जाइथ, आर किछु नहि चाही...'



- पहाड़ पर काज करय गेल मिथिला क्षेत्रक लगभग 133 लोक छथि लापता

**जनकपुरधाम, समदिया**

सप्तरीक बोदेबरसाइन नगरपालिका-8 निवासी रामकुमार यादवक तीन भाइ रसुवाक दोभान हाइड्रोपावर मे काज करैत छलाह। बाढ़ि अयलाक बाद सं तीनू लापता छथि। रामकुमारक अनुसार तीनू भाइ तकनीकी क्षेत्र मे कार्यरत छलाह। 35 वर्षीय शिवकुमार यादव इंजीनियर, 32 वर्षीय देवकुमार यादव ओवरसियर आ 25 वर्षीय शचित कुमार यादव इलेक्ट्रिसियन छलाह।

सप्तरीक रामकुमार कहलनि जे एक भाइ कें दू बच्चा अछि, दोसर भाइ कें गत वैशाख मे विवाह भेल छल आ छोट भाइ अविवाहित छथि। रसुवा मे बाढ़ि अयलाक समय तीनू काज पर छलाह आ एखन धरि हुनका सं संपर्क नहि भए सकल अछि। परिवार गहींर पीड़ा मे अछि। हुनकर सरकार आ ईश्वर सं प्रार्थना अछि जे तीनू भाइ सकुशल भेटि जाइथ। एहि तरहें रौतहटक वृंदावन नगरपालिका-1 रमोली निवासी गजेंद्र रायक परिवार सेहो गहींर पीड़ा मे अछि। हुनकर 46 वर्षीय माय तेतरी देवी बाढ़िक बाद सं लापता छथि। गजेंद्रक अनुसार आर्थिक अवस्था कमजोर रहबाक कारण परिवार कमाइ लेल रसुवा गेल छल। बाढ़िक बाद प्राण तं बचि गेल, मुदा आब ओ सभ सलार्ही घुरि गेल छथि। हुनकर पिता आ भाइ रसुवा मे तेतरी देवीक खोज करैत छथि।

तैयब सेहो अपन बेटाक प्रतीक्षा मे छथि। हुनकर बेटा रसुवा मे टायरक दोकान मे काज करैत छल। हुनकर टोलक मात्र पांच व्यक्ति लापता छथि। पूरा टोल शोक मे डूबल अछि आ कोनो सूचना नहि भेटला सं परिवारक सदस्य बेचैन छथि।

विनाशकारी बाढ़ि सभक सपना आ कमाइक आशा कें बहा लए गेल अछि। मुदा पीड़ित परिवारक कहब अछि जे प्रियजन मात्र जीवित अवस्था मे घुरि आबथि, तं हुनका आरो किछु नहि चाही। भोटेकोशी आ त्रिशूली नदी मे आएल बाढ़िक बाद मधेश प्रदेशक 220 व्यक्ति संपर्कविहीन भेल छलाह, जाहि मे 38 व्यक्ति परिवारक संपर्क मे आबि गेल छथि। एखन धरि दू गोटेक मृत्युक पुष्टि भेल अछि, जखन कि 180 गोटेक अवस्था अज्ञात अछि। किछु परिवारक कहब अछि जे भारी मन सं कुशक शव बना कए अंत्येष्टि धरि करय पड़ल अछि।

## सुपौल आ मधेपुरा मे गहरायल पशु चाराक संकट

# कोसीक जलस्तर बढ़ल मधेपुराक दर्जनो गाम प्रभावित

- भागलपुरक टीएमबीयू कॉलेज परिसर मे भरल पानि खाली कराओल गेल छात्रावास
- सीएम केलनि बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक हवाई निरीक्षण

**पटना, समदिया**

कोसी नदीक जलस्तर लगातार बढ़ला सं मधेपुरा जिलाक चौसा आ आलमनगर प्रखंडक निचला इलाका मे पानि पसरि गेल अछि। करीब एक दर्जन गाम प्रभावित भेल अछि। कतेको ठाम ग्रामीणक आवागमन बाधित अछि आ मवेशीक लेल चारा जुटेनाइ सेहो कठिन भए गेल अछि। प्रशासन चौसा मे 19 आ आलमनगर मे 36 नाव परिचालन मे देने अछि। मोटरबोट आ एसडीआरएफक दल कें सेहो तैयार राखल गेल अछि। कोसीक बढ़ैत जलस्तरक कारण ग्रामीण क्षेत्र मे बाढ़िक आशंका गहींर भए गेल अछि। प्रशासनक अनुसार जरूरत पड़लापर प्रभावित लोक सभ कें सुरक्षित ठाम पहुंचाओल जायत आ सामुदायिक भानस सेहो शुरू कएल जा सकैत अछि।

चौसा प्रखंडक फुलौत स्थित तियर टोला उत्क्रमित उच्च माध्यमिक विद्यालय परिसर मे सेहो कोसीक पानि प्रवेश कए गेल अछि। पानि जमा भेला सं छात्रक उपस्थिति प्रभावित भेल अछि। परिसर मे सांप-बिच्छूक आशंका सं छात्र आ अभिभावक मे डरक वातावरण अछि। स्थानीय लोकक कहब अछि जे प्रत्येक साल बाढ़िक समय विद्यालय मे पानि भरि जाइत अछि आ पढ़ाइ लगभग दू मास धरि प्रभावित रहैत अछि।



### पटना सं भागलपुर धरि बढ़ल चिंता

राज्य मे एखन मात्र कोसी नहि, गंगा, गंडक, बूढ़ी गंडक, बागमती, पुनपुन आ घाघरा सहित कतेको नदी उफान पर अछि। राज्यक 16 जिला मे बाढ़िक असरि अछि आ राहति-बचाव लेल 9 एनडीआरएफ आ 27 एसडीआरएफ दल तैनात कएल गेल छल। पटना मे गंगाक जलस्तर अत्यंत चिंताजनक भए गेल अछि। 5 सितंबर कें गांधी घाटपर गंगा उच्चतम स्तर सं ऊपर बहय लागल। चारि घंटा मे जलस्तर 10 सेंटीमीटर बढ़ल। निचला इलाका मे पानि पसरबाक आशंका सं प्रशासन सतर्क अछि।

भागलपुर मे सेहो स्थिति विकट अछि। गंगाक पानि शहरी मोहल्ला आ नवगछिया अनुमंडल क्षेत्रक कतेको इलाका धरि पहुंचि गेल अछि। टीएमबीयू आ बीसीई परिसर मे पानि प्रवेश करबाक खबरि अछि आ किछु छात्रावास खाली कराओल गेल अछि।

वैशाली, मुजफ्फरपुर, खगड़िया, सहरसा आ कटिहारक निचला इलाका सेहो बाढ़िक चपेट मे अछि। सरकारी बरखा आंकड़ा मे 5-6 सितंबर लेल दरभंगा, मुजफ्फरपुर, समस्तीपुर, मधेपुरा आ भागलपुर सहित कतेको जिला मे वर्षाक संभावना देखाओल गेल अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक हवाई सर्वेक्षण कए गंगा आ सहायक नदीक जलस्तर, दियारा आ निचला क्षेत्रक स्थिति तथा राहति-बचाव काजक जायजा लेने छलाह। हवाई सर्वेक्षणक बाद उच्चस्तरीय समीक्षा बैठक मे ओ प्रभावित जिलाक जिलाधिकारी आ पुलिस अधीक्षक कें अपन-अपन जिला मे रहि तत्काल सहायता सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि।

### एक नजरि

**बिहार मे तीन दिन भारी बरखाक चेतावनी, पटना मे सेहो होयत झमाझम**

**पटना** : राज्य मे बाढ़िक संकट बीच अगिला तीन दिन भारी वर्षाक चेतावनी देल गेल अछि। मौसिम विभागक अनुसार 6 सितंबर कें अररिया, कटिहार आ किशनगंज मे भारी वर्षाक येलो अलर्ट अछि। एहि दौरान वज्रपात आ तेज हवा संग वर्षाक आशंका अछि। 7 सितंबर कें दरभंगा, मधुबनी, समस्तीपुर, सीतामढ़ी आ सुपौल मे भारी बरखा भए सकैत अछि। 8 सितंबर कें गोपालगंज, सीवान आ पश्चिम चंपारण मे किछु ठाम भारी वर्षाक संभावना अछि।

**पटना विवि परिसर मे सुतली बम सं धमाका**

**पटना** : पटना विश्वविद्यालयक जियोग्राफी विभाग परिसर मे सुतली बम फोड़ल गेल। धमाका सं परिसर मे अफरा-तफरी मचि गेल। घटनास्थल लग किछु छात्र ठाढ़ छलाह, मुदा सभ बाल-बाल बचि गेलाह। छात्र सभ घटनाक सूचना पुलिस कें देलथि। सूचना भेटिते पीरबहोर थाना पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि जांच-पड़ताल शुरू कए देलक।

(विस्तृत खबरि पेज 2 पर)

# आब 1 सप्ताह मे आयत मैट्रिक-इंटरक रिजल्ट

## शिक्षक सबहक सम्मान समारोह मे सीएम केलनि घोषणा

- सीएम कहलनि, वित्त रहित शिक्षक सभ कें नव ढंग सं देल जायत अनुदान

**पटना, समदिया**

शिक्षक दिवसक अवसर पर बिहार सरकार शिक्षा व्यवस्था कें लए कतेको पैघ घोषणा कएलक अछि। एसके मेमोरियल सभागार मे आयोजित राजकीय शिक्षक सम्मान समारोह कें संबोधित करैत मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी मैट्रिक आ इंटरक परीक्षा सं लए शिक्षक सभक प्रशिक्षण धरि कतेको महत्वपूर्ण बात कहलनि। ओ कहलनि जे मैट्रिक आ इंटरक परीक्षाक परिणाम आब एक सप्ताहक भीतर घोषित कएल जायत। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे सरकारक योजना सेंटरवार परीक्षाक परिणाम जारी करबाक अछि। ओ कहलनि जे





सरकारक प्रयास अछि जे परीक्षा समाप्त भेलाक बाद यथाशीघ्र रिजल्ट जारी कएल जाए। मुख्यमंत्री कहलनि जे हुनकर इच्छा तं 48 घंटाक भीतर परीक्षा परिणाम घोषित करबाक अछि। एकरा लेल परीक्षा आ मूल्यांकन व्यवस्था कें आरो नीक बनेबाक दिशा मे काज कएल जायत।

मुख्यमंत्री फेल होयबला विद्यार्थी सभ कें लए सेहो पैघ घोषणा कएलनि। ओ कहलनि जे एहन छात्र सभ कें 15 दिनक भीतर फेर परीक्षा देबाक अवसर देल जायत। एहि सं विद्यार्थी सभ कें एक वर्ष धरि प्रतीक्षा नहि करए पड़त। मुख्यमंत्री कहलनि जे शिक्षक सभ कें नीक प्रशिक्षण देबाक लेल नव विश्वविद्यालयक स्थापना कएल जायत। एकर उद्देश्य शिक्षक सभक क्षमता बढ़ेनाइ आ शिक्षाक गुणवत्ता मे सुधार करब अछि। ओ बिहार मे बनारस हिंदू विश्वविद्यालय (बीएचयू) केर सेंटर खोलबाक घोषणा सेहो कएलनि। सरकारक एहि पहल सं राज्य मे उच्च शिक्षाक अवसरक विस्तार होयबाक उम्मीद अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी विक्रमशिला विश्वविद्यालय कें लए सेहो पैघ दावा कएलनि। ओ कहलनि जे एक वर्षक भीतर विक्रमशिला विश्वविद्यालय कें जमीन पर उतारल जायत। संगहि विश्वविद्यालय सभ मे शिक्षक आ कर्मचारी सं जुड़ल मामिला कें सेहो प्राथमिकता देबाक बात कहलनि।

मुख्यमंत्री कहलनि जे शिक्षक सभ कें समय पर वेतन भुगतान सुनिश्चित कएल जायत। ओ मदरसा आ संस्कृत विद्यालयक शिक्षक सभक बकाया वेतन कें लए सेहो घोषणा कएलनि। कहलनि जे सितंबर धरि मदरसा आ संस्कृत विद्यालयक शिक्षक सभक सभ बकाया भुगतान कए देल जायत।

मुख्यमंत्री वित्त रहित शिक्षक सभ कें लए सेहो सरकारक योजना बतौलनि। ओ कहलनि जे विश्वविद्यालयक आंतरिक संसाधन आ सरकारी अनुदानक मदति सं वित्त रहित शिक्षक सभ लेल नव वेतनमान देबाक योजना अछि। सरकारक एहि घोषणा सं परीक्षा व्यवस्था मे बदलावक संग शिक्षक सभक प्रशिक्षण, वेतन भुगतान आ उच्च शिक्षा क्षेत्र मे नव पहल होयबाक उम्मीद अछि।

# इलाज लेल आयल नाबालिग सं सामूहिक दुष्कर्म, हालति गंभीर

- ऑटो चालक बहका कए 6 किलोमीटर दूर लए गेल

**सीतामढ़ी, समदिया**

सीतामढ़ी मे इलाज कराबय आएल आठम वर्गक नाबालिग छात्रा सं तीन युवक द्वारा सामूहिक दुष्कर्म कएबाक आरोप लागल अछि। बच्ची अपन माय कें डॉक्टर सं देखेबाक लेल सदर अस्पताल आएल छल। बाट मे माय पानि पीबाक लेल एक ठाम रुकल। एहि बीच बच्ची बाट भटकि गेल। आरोप अछि जे एक ऑटो चालक बच्ची कें माय लग पहुंचेबाक बहाना बना कए अपन ऑटो मे बैसा लेलक आ करीब 6 किलोमीटर दूर बाजपट्टी सीमा लग लए गेल। ओतय चालक अपन तीन साथी संग मिलि बच्ची संग दुष्कर्म केलक आ सभ फरार भए गेल।

स्थानीय लोक बच्ची कें ओहि अवस्था मे देखि पुलिस कें सूचना देलक। पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि बच्ची कें इलाज लेल सदर अस्पताल मे भर्ती करौलक। पुलिसक निगरानी मे पीड़िताक चिकित्सकीय जांच सेहो कराओल गेल अछि। पीड़िताक माय सं पुलिस बयान दर्ज कए जांच शुरू कए देने अछि। घटना बाजपट्टी आ नगर थाना क्षेत्रक सीमाक लगपासक बताओल जा रहल अछि। पीड़िताक अनुसार, माय कें फेर सं ज्वर भेल छल, ताहि लेल बृहस्पति सांझ ओ हुनका डॉक्टर सं देखेबाक लेल सीतामढ़ी अनने छल।







# इसरोक ईओएस-05 मिशन केर सफलताक पटकथा लिखलनि दरभंगाक इम्तियाज

## जालेक रेवढ़ा गाम निवासी इम्तियाज एहि मिशनक परियोजना निदेशक छथि

- कृष्ण जन्माष्टमीक अवसर पर प्रक्षेपित भेल ईओएस-05

**दरभंगा, समदिया**

जाले प्रखंडक रेवढ़ा गाम निवासी वैज्ञानिक इम्तियाज अहमद भारतीय अंतरिक्ष अनुसंधान संगठन (इसरो) मे महत्वपूर्ण जिम्मेदारी निभा दरभंगा आ मिथिलाक नाम रोशन कएने छथि। चारि सितंबर कें ईओएस-05 मिशनक सफल प्रक्षेपणक संग हुनकर अंतरिक्ष अनुसंधान करियर मे एकटा आर महत्वपूर्ण उपलब्धि



जुड़ि गेल। एहि मिशन मे ओ परियोजना निदेशकक महत्वपूर्ण जिम्मेदारी सम्हारलनि।

वैज्ञानिक इम्तियाज अहमदक पिता सेवानिवृत्त सैनिक मो. कमर आलम छथि। ओ अपन प्रारंभिक शिक्षा रेवढ़ाक मध्य विद्यालय सं प्राप्त कएलनि। तकर बाद दरभंगा जिला स्कूल सं मैट्रिक आ पटना साइंस कॉलेज सं आईएससीक पढ़ाइ पूरा कएलनि। ओ बीआईटी सिंदरी सं इलेक्ट्रॉनिक्स एवं संचार अभियंत्रण मे डिग्री हासिल कएलनि।

इम्तियाज अहमद वर्ष 1998 मे भारतीय अंतरिक्ष अनुसंधान संगठन मे अपन करियर शुरू कएलनि। तकर बाद ओ अंतरिक्ष अनुसंधान सं जुड़ल कतेको महत्वपूर्ण अभियानक हिस्सा रहलाह। एहि सं पहिने ओ इनसैट-3 डीएस मिशन मे उपग्रह एवं परियोजना निदेशकक महत्वपूर्ण जिम्मेदारी सेहो निभा चुकल छथि।

उपलब्ध अभिलेखक अनुसार, ओ जीसैट-20 आ जीसैट-2 सन महत्वपूर्ण अंतरिक्ष कार्यक्रम सं सेहो परियोजना निदेशकक रूप मे जुड़ल रहल छथि। ईओएस-05 मिशन मे परियोजना निदेशकक जिम्मेदारी सम्हारब हुनकर उपलब्धि मे एकटा आर महत्वपूर्ण अध्याय मानल जा रहल अछि।

### भारत लेल पैघ उपलब्धि अछि ईओएस-05

जन्माष्टमीक अवसर पर प्रक्षेपित ईओएस-05 उपग्रह भारत लेल पैघ उपलब्धि मानल जा रहल अछि। ई पृथ्वी अवलोकन उपग्रह अछि, जे सीमा निगरानी, चीन-पाकिस्तान सहित पड़ोसी देशक गतिविधि पर नजरि राखत आ मौसमक सटीक पूर्वानुमान मे सहायक होयत। ईओएस-05 सन महत्वपूर्ण अंतरिक्ष अभियान मे परियोजना निदेशकक भूमिका निभा कए गामक गौरव बढ़ेबा लेल स्थानीय लोक मे हर्ष अछि।

# पटना मे वित्तविहीन शिक्षक सभ निकाललनि कफन यात्रा

पटना/संवाददाता

देशभरि मे शनि कें शिक्षक दिवस मनाओल जा रहल अछि। एक दिस शिक्षक सभ कें सम्मानित कएल जा रहल अछि, तं दोसर दिस बिहारक राजधानी पटना मे वित्तविहीन शिक्षक सभ सरकारक विरुद्ध अनोखा प्रदर्शन कएलनि। वर्षों सं वेतनमान आ वेतन भुगतानक मांग कए रहल शिक्षक सभ शनि कें कफन यात्रा निकालि सरकारक विरुद्ध विरोध जतौलनि। वित्तविहीन शिक्षकसभक कहब अछि जे ओ सभ करीब चारि दशक सं वेतनमान आ वेतन भुगतानक मांग कए रहल छथि। कतेको बेर सरकारक समक्ष अपन मांग राखल गेल आ आंदोलन सेहो कएल गेल,




● **जेपी गोलंबर पर पुलिस रोकलक तं सड़क पर बैसल प्रदर्शनकारी**

मुदा हुनका सभक समस्याक स्थायी समाधान नहि भेल। शिक्षक सभ कहलनि जे आब ओ सभ अपन मांग कें लए निर्णायक आंदोलनक तैयारी मे छथि। कफन यात्रा लए विधानसभा लग स्थित मूर्तिधरि जाएबाक योजना छल। जखन प्रदर्शनकारी शिक्षक सभ जेपी गोलंबर पहुंचलाह तं पुलिस हुनका सभ कें आगू जाए सं रोकि देलक। पुलिस मौका पर लोहाक गेट आ बैरिकेड लगा कए बाट बंद कए देलक। एकर बाद वित्तविहीन शिक्षक आ कांग्रेस सेवा दलक कार्यकर्ता सड़क परे धरना पर बैसि गेलाह। प्रदर्शनकारी सभ सरकारक विरुद्ध नारेबाजी कएलनि आ अपन मांग कें लए विरोध जतौलनि। प्रदर्शनक दौरान शिक्षक सभ हाथ मे कटोरा लए सरकार सं वेतन देबाक मांग कएलनि। शिक्षक सभ सड़क पर कटोरा पटकैत कहलनि जे सरकार हुनका सभक हक दए अथवा कफन दए। कफन यात्राक माध्यम सं शिक्षक सभ अपन वर्षों पुरान समस्याक दिस सरकारक ध्यान आकृष्ट करबाक प्रयास कएलनि। जेपी गोलंबर पर प्रदर्शन आ बैरिकेडिंगक कारण करीब एक घंटा धरि यातायात व्यवस्था प्रभावित रहल। वाहनक आवाजाही प्रभावित भेलाक बाद ट्रैफिक पुलिस यातायात सामान्य करबाक आ वाहन सभ कें निकालबाक प्रयास मे लागल रहल। वित्तविहीन शिक्षक सभ स्पष्ट कएलनि जे हुनका सभक मांग पर सरकारक दिस सं ठोस पहल नहि भेल तं आंदोलन कें आरो तेज कएल जाएत। शिक्षक सभ कहलनि जे जरूरत पड़ल तं मुख्यमंत्री आवास आ राजभवन धरि जा कए प्रदर्शन कएल जाएत। प्रदर्शन कए रहल शिक्षक सभ कहलनि जे शिक्षक दिवसक दिन एक दिस सरकार शिक्षक सभ कें सम्मान देबाक बात कए रहल अछि, तं दोसर दिस वित्तविहीन शिक्षक सभ अपन वेतन आ अधिकारक लेल सड़क पर उतड़बाक लेल मजबूर छथि। ओ सभ सरकार सं वर्षों पुरान मांग पर शीघ्र निर्णय लेबाक मांग कएलनि।

**एक नजरि**

## पटना मे भारी बरखा सं आफत, पटेल गोलंबर सं एयरपोर्ट धरि सड़क पर पानि



**पटना/संवाददाता।** पटना मे शनि कें दुपहर अनचोके झमाझम बरखा भेल। बरखाक कारण कतेको इलाका मे जलजमावक स्थिति उत्पन्न भए गेल। भारी बरखाक बाद पटेल गोलंबर सं पटना एयरपोर्ट जाएबला मुख्य मार्ग पर कतेको जगह जलजमाव भए गेल अछि। एहि कारण एहि मार्ग पर वाहनक रफ्तार धीमा भए गेल अछि आ जामक आशंका बनल अछि। स्थिति कें देखैत यातायात पुलिस वाहन चालक आ एयरपोर्ट जाएबला यात्री सभ लेल ट्रैफिक एडवाइजरी जारी केने अछि। यातायात पुलिस एयरपोर्ट जाएबला यात्री सभ सं अपील केने अछि जे संभावित ट्रैफिक जाम सं बचबाक लेल घर सं पर्याप्त समय पहिने निकलथि। यात्री सभ कें एयरपोर्ट पहुंचय मे अतिरिक्त समय लगबाक संभावना कें ध्यान मे राखैत अपन यात्राक योजना बनेबाक सलाह देल गेल अछि। पुलिस वाहन चालक सभ सं जलजमाव बला हिस्सा मे विशेष सतर्कता बरतबाक आ धीमा गति मे वाहन चलयबाक अपील केने अछि। एकरा सं दुर्घटनाक आशंका कम कएल जा सकत। एकरा संगहि मार्ग पर तैनात यातायात पुलिसकर्मीक निर्देशसभक पालन करबाक लेल कहल गेल अछि। बरखाक कारण मार्ग पर यातायात व्यवस्था प्रभावित होयबाक आशंका कें देखैत पुलिस स्थिति पर नजरि रखने अछि। यात्री सभ सं अपील कएल गेल अछि जे समयक अतिरिक्त मार्जिन रखैत एयरपोर्ट लेल विदा होथि।

## पटना जंक्शन पर मोबाइल चोरी केनिहार गिरोहक 8 सदस्य गिरफ्तार



**पटना/संवाददाता।** पटना जंक्शन पर मोबाइल चोरीक घटनाक विरुद्ध चलाओल जा रहल विशेष अभियान मे जीआरपी कें पैघ सफलता भेटल अछि। रेल थाना पटना जंक्शनक पुलिस कारबाइ करैत मोबाइल चोरीक आरोप मे 8 अभियुक्त कें गिरफ्तार केने अछि। गिरफ्तार आरोपितसभक लग सं 8 स्क्रीनटच मोबाइल आ एचपी कंपनीक एकटा स्लेटी रंगक लैपटॉप बरामद कएल गेल अछि। पुलिसक अनुसार, 3 सितंबर 2026 कें पटना जंक्शनक प्लेटफॉर्म संख्या 4/5क पश्चिमी छोर पर आरओबीक नीचा मोबाइल चोरीक घटना सामने आएल छल। घटनाक जानकारी भेटलाक बाद रेल पुलिस त्वरित कारबाइ करैत संदिग्धसभक खोज शुरू केने छल। जांचक दौरान पुलिस 8 आरोपित कें पकड़ि लेलनि। तलाशी लेला पर हुनका सभक लग सं 8 चोरीक मोबाइल आ एचपी कंपनीक लैपटॉप बरामद भेल। बरामद सामान पुलिस जब्त कए लेलनि। मामिला कें लए रेल थाना पटना जंक्शन मे कांड संख्या 497/26, दिनांक 4 सितंबर 2026 दर्ज कएल गेल अछि। गिरफ्तार आरोपित सभ सं पूछताछ कएल जा रहल अछि। पुलिस पूछताछक माध्यम सं गिरोहक अन्य सदस्य सभ आ पहिने कएल गेल मोबाइल चोरीक घटनाक संबंध मे जानकारी जुटा रहल अछि। पुलिसक अनुसार, गिरफ्तार आरोपितसभक विरुद्ध नियमानुसार आगूक कानूनी कारबाइ कएल जा रहल अछि।

# बाढ़िक बीच सम्राट सरकारक पैघ योजना मंत्री-सचिव 13 जिला मे करताह कैंप

पटना/संवाददाता

बिहारक कतेको जिला मे बाढ़िक स्थिति गंभीर बनल अछि। गंगा सहित सोन, पुनपुन, सरयू आ कोसी नदीक जलस्तर मे लगातार उफान सं निचला इलाका मे पानि पसरि गेल अछि। कतेको स्थान पर घर, सड़क आ संपर्क मार्ग धरि बाढ़िक पानि पहुंचि गेल अछि। लगातार बढ़ैत जलस्तरक बीच सरकार राहति आ बचाव

● **पटनाक तटबंध पर विशेष नजरि**

काजक निगरानी आ तेज करबाक निर्णय लेने अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी गंगाक तटवर्ती 13 जिला मे राहति-बचाव काजक निगरानी लेल प्रभारी मंत्री आ प्रभारी सचिव सभ कें महत्वपूर्ण निर्देश देने छथि। मुख्यमंत्री कहलनि जे संबंधित प्रभारी मंत्री आ प्रभारी सचिव बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक दौरा करताह आ जरूरतक




अनुसार ओतहि कैंप कए राहति-बचाव काजक गहन पर्यवेक्षण करताह। मुख्यमंत्रीक निर्देश अंतर्गत बक्सर, भोजपुर, पटना, सारण, वैशाली, बेगूसराय, समस्तीपुर, लखीसराय, खगड़िया, मुंगेर, भागलपुर आ कटिहार सहित गंगा तटवर्ती जिला मे विशेष निगरानीक व्यवस्था कएल गेल अछि। अधिकारी सभ कें बाढ़ि प्रभावित इलाका मे लगातार स्थितिक जायजा लेबाक आ राहति काज मे कोनो तरहक कमी नहि रहय देबाक निर्देश देल गेल अछि। सरकारक जोर एहि बात पर अछि जे बाढ़ि प्रभावित लोक धरि राहति सामग्री, भोजन, पेयजल आ आवश्यक सहायता समय पर पहुंचाओल जाए। जलस्तर मे वृद्धि कें देखैत संवेदनशील इलाका पर लगातार नजरि रखबाक निर्देश सेहो देल गेल अछि। पटना शहरी क्षेत्र मे गंगाक बढ़ैत जलस्तर कें देखैत विशेष सतर्कता बरतबाक निर्देश देल गेल अछि। पटना शहरी सुरक्षा तटबंधक आसपासक इलाका पर विशेष निगरानी रखबाक कहल गेल अछि, जाहि सं कोनो आपात स्थिति सं समय रहैत निपटल जा सकय। मुख्यमंत्री पटना नगर निगम, जिला प्रशासन आ जल संसाधन विभाग कें अलर्ट मोड मे रहबाक निर्देश देने छथि। संबंधित विभाग सभ कें आपसी समन्वय सं काज करबाक आ तटबंध सहित संवेदनशील स्थानक नियमित निगरानी करबाक कहल गेल अछि। बढ़ैत जलस्तरक बीच प्रभारी मंत्री आ प्रभारी सचिवसभक अपन-अपन जिला मे कैंप करला सं राहति-बचाव काजक निगरानी सीधा उच्च स्तर सं होयत। स्थानीय प्रशासन कें सेहो बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे आवश्यक संसाधनक उपलब्धता सुनिश्चित करबाक आ लोकक समस्याक तत्काल समाधान करबाक निर्देश देल गेल अछि। सरकार स्पष्ट कएलक अछि जे जलस्तर बढ़लाक स्थिति मे प्रभावित आबादी कें सुरक्षित स्थान पर पहुंचेबाक आ राहति काज मे तेजी अनबाक प्राथमिकता देल जायत।

## वित्त रहित शिक्षकक लेल अलग वेतनमानक घोषणा शिक्षकक हितक प्रति सरकारक प्रतिबद्धताक प्रमाण : संजय सरावगी

पटना/संवाददाता

बिहार भाजपा प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी शिक्षक दिवसक अवसर पर मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी द्वारा शिक्षा व्यवस्था कें सशक्त बनेबाक, शिक्षकक सम्मान आ हित कें प्राथमिकता देबाक तथा विद्यार्थी सभक भविष्य कें नीक बनेबाक दिशा मे कएल गेल महत्वपूर्ण घोषणा सभक स्वागत कएलनि। ओ कहलनि जे मुख्यमंत्री द्वारा कएल गेल घोषणा बिहारक शिक्षा व्यवस्था मे व्यापक आ सकारात्मक बदलावक मजबूत आधारशिला राखनिहार अछि। संजय सरावगी कहलनि जे बिहार मे शिक्षक प्रशिक्षण विश्वविद्यालयक स्थापना करबाक निर्णय शिक्षा क्षेत्र मे दूरगामी प्रभाव डालनिहार कदम अछि। एहि सं शिक्षक सभ कें आधुनिक शैक्षणिक पद्धति, नव तकनीक आ बदलैत समयक आवश्यकताक अनुरूप प्रशिक्षण देबा मे सहायता



भेटत। गुणवत्तापूर्ण शिक्षाक लेल प्रशिक्षित आ दक्ष शिक्षक सभ सं महत्वपूर्ण कड़ी छथि। एहन स्थिति मे शिक्षक प्रशिक्षण कें संस्थागत आ आधुनिक स्वरूप देब राज्यक शिक्षा व्यवस्था कें मजबूती प्रदान करत। ओ कहलनि जे वित्त रहित शिक्षक सभक लेल अलग वेतनमानक व्यवस्था करबाक घोषणा शिक्षकक हितक प्रति सरकारक प्रतिबद्धता कें दर्शबैत अछि। दीर्घकाल सं शिक्षा व्यवस्था मे महत्वपूर्ण योगदान दए रहल शिक्षक सभक आर्थिक हित आ सम्मानक चिंता करब सरकारक संवेदनशील सोचक परिचायक अछि। ओ एहि निर्णय कें शिक्षक सभक मनोबल बढ़ौनिहार कदम बतौलनि। प्रदेश भाजपा अध्यक्ष कहलनि जे शिक्षक सभ कें कृत्रिम बुद्धिमत्ता (एआई) केर आधुनिक तकनीकक प्रशिक्षण देबाक निर्णय समयक मांग अछि। बिहार मे आधुनिक कृत्रिम बुद्धिमत्ता तंत्र विकसित करबाक तथा विद्यार्थी सभक लेल बनारस हिंदू विश्वविद्यालय (बीएचयू) केर केंद्र स्थापित करबाक प्रयास राज्यक युवा सभ कें आधुनिक शिक्षा, तकनीक आ शोधक नीक अवसर उपलब्ध करबाक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम अछि। संजय सरावगी कहलनि जे संस्कृत बोर्ड आ मदरसा शिक्षक सभक लंबित वेतनक भुगतान जारी करबाक निर्णय सेहो सरकारक संवेदनशीलता आ शिक्षकक प्रति सम्मान कें दर्शबैत अछि।

## पटना विश्वविद्यालय परिसर मे सुतली बम फोड़ल गेल, जियोग्राफी विभाग परिसर मे धमाका

● **लग मे ठाढ़ छात्र बाल-बाल बचलाह**

पटना/संवाददाता

पटना विश्वविद्यालयक जियोग्राफी विभाग परिसर मे धमाका भेल अछि। परिसर मे सुतली बम फेंकल गेल अछि। घटनाक जानकारी छात्र सभ पुलिस कें देलनि। पुलिस मौकापर पहुंचल आ मामिलाक जांच-पड़ताल शुरू कए देलक। बताओल जा रहल अछि जे जतय धमाका भेल, तकर लग मे छात्र सभ छलाह आ ओ सभ बाल-बाल बचि गेलाह। एखन पुलिस ई पता लगाबय मे जुटल अछि जे परिसर मे सुतली बम केकरा दिस सं फेंकल गेल आ एकर पाछू की कारण अछि। घटना पीरबहोर थाना क्षेत्रक अछि।

**डबल डेकर पुल सं शरारती तत्व सभ फेंकलक सुतली बम :** चीफ प्रॉक्टर उदय शंकर कहलनि जे




डबल डेकर पुल सं शरारती तत्व सभ परिसर मे सुतली बम फेंकलक। जांचक दौरान एहि मामिला मे जे छात्र पकड़ल जायताह, हुनक नामांकन रद्द कएल जायत। एहि घटनाक विरुद्ध सख्त कारबाइ कएल जायत। सहन करबाक क्षमता कें एहि घटना तोड़ि देने अछि।

**कोनो तरहक हताहत नहि भेल :** टाउन डीएसपी राजेश रंजन कहलनि जे जियोग्राफी विभागक परिसर मे धमाका भेल अछि। प्रारंभिक जानकारीक अनुसार, कोनो व्यक्तिक हताहत होएबाक सूचना नहि अछि। पुलिस मौकापर जांच-पड़ताल कए रहल अछि आ आसपास लगाओल गेल सीसीटीवी सेहो खंगालल जा रहल अछि। फिलहाल पुलिस शरारती तत्वसभक पहचान करय मे जुटल अछि। घटनाक बाद परिसरक सुरक्षा व्यवस्था कें लए पुलिस अधिकारी सभ जानकारी सेहो जुटौलनि।

# गंगाक जलस्तर बढ़ल, पटना नगर निगम अलर्ट संवेदनशील घाट पर आवाजाही रोकल गेल

● **पंप सेट स्टैंडबाय पर कंट्रोल रूम सं रियल टाइम निगरानी**

पटना/संवाददाता

गंगाक लगातार बढ़ैत जलस्तर कें देखैत पटना नगर निगम एहतियाती तैयारी तेज कए देने अछि। गंगा किनारक इलाका मे जलप्रवेशक, सीपेज आ जलजमावक आशंका कें देखैत निगमक टीम लगातार निगरानी कए रहल अछि। जिला प्रशासन दिस सं स्लुईस गेट बंद कएल गेलाक बाद निगम सेहो संवेदनशील स्थान पर नाला कें ब्लॉक कए देने अछि, जाहि सं गंगाक पानि नालाक रास्ता शहर मे प्रवेश नहि कए सकय। जतय सीपेज वा जलजमावक आशंका अछि, ओतय पंप सेटक व्यवस्था कएल जा रहल अछि।

**कंगन घाट पर बैरिकेडिंग, रास्ता सेहो कएल गेल ब्लॉक :** नागरिकक सुरक्षा कें देखैत कंगन घाट पर बैरिकेडिंग कए आवाजाही प्रतिबंधित कएल गेल अछि। निगमक अनुसार, किछु लोक बैरिकेडिंग तोड़ि कए घाट दिस जाएबाक प्रयास केने छलाह। तकर बाद घाट दिस जाए बला



रास्ता कें हाइवाक मदति सं ब्लॉक कए देल गेल अछि। संवेदनशील घाट पर लोकक आवाजाही नियंत्रित कएल जा रहल अछि। जरूरत पड़लापर तत्काल जलनिकासी लेल पंप सेट तैयार राखल जा रहल अछि। सभ प्रमुख घाट पर माइकिंगक माध्यम सं लोक कें लगातार जागरूक कएल जा रहल अछि।

**भद्र आ महावीर घाट पूरा तरहे डूबल :** जलस्तर बढ़बाक कारण भद्र घाट आ महावीर घाट पूरा तरहे डूबि गेल अछि। एहि घाट पर लोकक आवाजाही पर रोक लगा देल गेल अछि। ओतहि, कदम घाट, नरकट घाट, राजा घाट, कर्नल घाट आ चित्रगुप्त घाटक किछु सीढ़ी एखन पानि सं बाहर अछि। एहि घाट सभ पर लोक बढ़ल जलस्तर देखबाक आ फोटोग्राफी लेल पहुंचि रहल छथि। नगर निगम एहि घाट सभ पर सेहो माइकिंगक माध्यम सं लोक कें सावधान कएल अछि। निगम कहलनि जे गंगाक तेज बहाव आ लगातार बढ़ैत जलस्तर कें देखैत नागरिक घाट पर जाए सं बचथि।

**सीपेज बला स्थानक रियल टाइम निगरानी :** जलस्तर बढ़ला सं घाटसभक आसपास कतेको स्थान पर सीपेजक स्थिति बनि गेल अछि। निगमक फील्ड टीम एहन स्थानक लगातार निगरानी कए रहल अछि। मौकाक तस्वीर आ वीडियो सहित अपडेट नियमित रूप सं कंट्रोल रूम कें पठाओल जा रहल अछि, जाहि सं जरूरत पड़लापर तत्काल कारबाइ कएल जा सकय। नगर आयुक्त यशपाल मीणा संबंधित कार्यपालक पदाधिकारी सभ कें पंप सेट स्टैंडबाय राखबाक आ संवेदनशील क्षेत्रक लगातार निगरानी करबाक निर्देश देने छथि। भारी बरखा वा गंगाक जलस्तर मे आओर वृद्धि भेलापर जलजमाव सं निपटबाक लेल निगमक मशीनरी आ संसाधन तैयार राखल जा रहल अछि।

**विस्थापित परिवार लेल सफाइ आ शौचालयक व्यवस्था :** बाढ़ि प्रभावित आ विस्थापित परिवारक सुविधा लेल मीनार घाट स्थित कम्युनिटी किचेन आ बिंद टोली मे विशेष सफाइ व्यवस्था कएल गेल अछि। दूनू स्थान पर एक-एक लू कैफे आ एक-एक पिंक टॉयलेट उपलब्ध कराओल गेल अछि। सफाइक व्यवस्थाक लेल दूनू स्थान पर 3 पाली मे कर्मीसभक तैनाती कएल गेल अछि। प्रत्येक पाली मे 5 सफाइकर्मी लगातार काज कए रहल छथि। मच्छरसंबचाव लेल एंटी-लार्वाक छिड़काव, जखनकि संक्रमण आ जलजनित रोगक रोकथाम लेल चूना आ ब्लीचिंग पाउडरक छिड़काव कराओल जा रहल अछि।

## बिहार मे बाढ़िक स्थिति पर सीएम लगातार कए रहलाह निगरानी, सरकार जनताक संग ठाढ़ : नितिन नवीन

पटना/संवाददाता

बिहारक कतेको जिला मे बाढ़िक स्थिति बीच भारतीय जनता पार्टी (भाजपा)क राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन शनि कें कहलनि जे राज्य सरकार बाढ़ि आ आपदाक स्थिति पर लगातार नजरि रखने अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी स्वयं स्थितिक निगरानी कए रहल छथि आ सरकारक पूरा ध्यान प्रभावित लोक सभ कें राहति पहुंचेबा पर अछि। पटना मे मीडिया सं बातचीतक दौरान नितिन नवीन कहलनि जे बाढ़िक स्थिति कें लए मुख्यमंत्री लगातार निगरानी कए रहल छथि। ओ कहलनि जे सरकारक पूरा ध्यान एहि बात पर अछि जे आपदाक एहि घड़ी मे लोक सभ कें कम-सं-कम परेशानीक सामना करए पड़ए। ओ कहलनि, ऱहम सभक प्रयास अछि जे लोक सभ कें एहि आपदाक समय मे सेहो कम-सं-कम समस्या हो। सरकार पूरा तरहे जनता लेल ठाढ़ रहए, इएह हमर प्रयास अछि। भाजपा अध्यक्ष कहलनि जे केंद्र सरकार सेहो बिहार मे उत्पन्न स्थिति कें लए गंभीर अछि। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी हर विषयक संज्ञान लैत छथि आ आपदा सं जुड़ल मामिला सभ पर सेहो लगातार नजरि राखल जाइत अछि। ओ कहलनि जे केंद्र आ राज्य सरकार मिलि कए प्रभावित लोक सभ कें हरसंभव सहायता उपलब्ध कराबयक प्रयास कए रहल अछि।



● **पटना मे मीडिया सं बातचीतक क्रम मे कहलनि**

नितिन नवीन कहलनि जे नेपाल मे भेल घटनाक बाद सं बिहार मे परिस्थिति चुनौतीपूर्ण बनल अछि। एकर बाद बरखाक कारण सेहो कतेको इलाका मे स्थिति आरो प्रभावित भेल अछि। एहि परिस्थिति मे सरकारक प्राथमिकता लोक सभ कें राहति आ सहायता उपलब्ध करेनाइ अछि। ओ कहलनि जे मुख्यमंत्रीक निगरानी मे राहति आ बचाव सं जुड़ल काज लगातार कएल जा रहल अछि। सरकारक प्रयास अछि जे बाढ़ि प्रभावित लोक सभ कें कठिन परिस्थिति मे सेहो राहति भेटय आ हुनका सभक समस्याक समाधानक बाट देखाइ दे। ओ कहलनि जे आपदाक समय मे सरकारक जिम्मेवारी आरो बढ़ि जाइत अछि। एहि समय मे प्रशासन कें पूरा संवेदनशीलताक संग काज करबाक चाही आ प्रभावित लोक सभ धरि समय पर सहायता पहुंचबाक चाही।

# अंबेडकर चौक लग सं 200 कार्टून मे 6 हजार बोतल नेपाली देसी शराब बरामद

## शराब लादल मैजिक पिकअप जब्त, तस्कर फरार



**बेनीपट्टी, समदिया**

स्थानीय थाना पुलिस शराब तस्करीक विरुद्ध पैघ कारबाइ करैत शनिदिनक भोर अंबेडकर चौक लग सं भारी मात्रा मे नेपाली देसी शराब बरामद केलक। पुलिस शराब लादल एकटा मैजिक पिकअप वैन कें सेहोजब्त कए लेलक। हालांकि, पुलिसक गाड़ी अबैत देख चालक आ वाहन मे सवार तस्कर पिकअप वैन केंसड़क पर छोड़ि मौका सं फरार भए गेलाह। जानकारीक अनुसार थानाध्यक्ष अनुप कुमार कें गुप्त सूचना भेटल छल जे तस्कर मैजिक पिकअप वैन सं भारी मात्रा मे नेपाली शराब लए अंबेडकर चौक बाटे कतहु लए जेबाक तैयारी मे छथि। सूचना भेटिते थानाध्यक्ष त्वरित गश्ती पर निकलल पीएसआई आकाश कुमार कें सूचना सत्यापन आ आवश्यक कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। ओहि समय पीएसआई अनुमंडलीय अस्पतालक आसपास गश्ती कए रहल छलाह। थानाध्यक्षक निर्देश पर पीएसआई दलबलक संग तत्काल अंबेडकर चौक पहुंचलाह। पुलिसक पहुंचबाक भनक लगिते चालक आ वाहन मे सवार तस्कर पिकअप वैन कें सड़क पर छोड़ि फरार भए गेल छलाह। तकर बाद पुलिस मौका पर पिकअप वैनक तलाशी लेलक। तलाशी मे वाहन सं 200 कार्टून मे राखल 6 हजार बोतल नेपाली देसी शराब बरामद भेल। पुलिस शराब सहित मैजिक पिकअप वैन कें जब्त कए थाना लए अएलक। मामिलाक संबंध मे थानाध्यक्ष इंस्पेक्टरअनुप कुमार कहलनि जे शराब तस्करीक मामिला मे प्राथमिकी दर्ज कए लेल गेल अछि। फरार तस्करसभक पहचान कएल जा रहल अछि। हुनका सभक गिरफ्तारी लेल आवश्यक कारबाइ जारी अछि आ शीघ्र तस्कर सभ कें गिरफ्तार कए लेल जायत।

## डूबि कए मरल आठ लोकक आश्रित कें चारि-चारि लाख टका भेटल

**बेनीपट्टी, समदिया**

» बेनीपट्टीक आठो मृतकक परिजनक बैंक खाता मे पठाओल गेल सहायता राशि

प्राकृतिक आ गैर प्राकृतिक आपदा मे जान गमेनिहार लोकक आश्रित सभ कें राहति उपलब्ध कराबयक उद्देश्य सं बिहार सरकारक दिस सं अनुग्रह अनुदानक राशि उपलब्ध कराओल गेल अछि। बेनीपट्टीअनुमंडल पदाधिकारी शारंग पाणि पांडेय बतौलनि जे अनुमंडलक विभिन्न प्रखंड मे डूबि कए मृत्यु भेल आठ मृतकक आश्रित सभ कें प्रति परिवार चारि-चारि लाख टाकाक दर सं कुल 32 लाख टाकाक सहायता राशि स्वीकृत कए हुनकर बैंक खाता मे पठा देल गेल अछि। अरेर उत्तरी पंचायतक बिचखाना मे डूबि कए मृत सुभाष कुमारक आश्रित हुनकर पिता ज्ञानी दास, बेनीपट्टी नगर पंचायत वार्ड नंबर-2, उच्चैठ मे डूबिकए मृत विष्णुदेव मुखियाक आश्रित हुनकर पत्नी पवित्री देवी, बिस्फी प्रखंडक परसा सिमरी मे डूबि कए मृत आरुषि कुमारीक आश्रित हुनकर माता सविता कुमारी, नरसाम मे डूबि कए मृत श्रीकेश कुमारकआश्रित हुनकर माता राधा देवी, जगवन पश्चिमी पंचायतक कमलावारी वार्ड नंबर-13 मे डूबि कए मृत पियूष कुमारक आश्रित हुनकर माता राधा देवी, परसौनी पंचायतक परसौनी उत्तरी मे डूबि कए मृत राजेंद्र शर्माक आश्रित हुनकर पत्नी फुल्तारिणी देवी, भैरवा पंचायतक दमला मे डूबि कए मृत मो. कल्लूक आश्रित हुनकर माता असगरी खातून तथा मधवापुर प्रखंडक उतरा मे डूबि कए मृत शिवानी देवीक आश्रित हुनकर पति प्रकाश कुमार मिश्र कें सहायता राशि देल गेल। सभ मृतकक आश्रित कें निर्धारित चारि लाख टाकाक दर सं सहायता राशि स्वीकृत कए चेकक माध्यम सं उपलब्ध कराओल गेल अछि।

# विशेष अभियान मे 47 अभियुक्त गिरफ्तार, 24 वारंट आ 128 सम्मनक भेल निष्पादन

## 3 इश्तेहारक निष्पादन, 53 वाहन सं 93 हजार टाका जुर्माना वसूल



**मधुबनी, समदिया**

पुलिस महानिदेशक, बिहार, पटनाक आदेशानुसार आ वरीय पुलिस अधीक्षक, मधुबनीक निर्देशनक आलोक मे 4 सितंबर 2026 कें जिला मे विशेष अभियान चलाओल गेल। गंभीर प्रकृतिक कांड, जेना हत्या, लूट, डकैती, दुष्कर्म, पुलिस पर हमला आदि मामिला मे प्राथमिकताक आधार पर कुर्की-जब्तीक कारबाइ करबाक उद्देश्य सं चलाओल गेल एहि विशेष अभियान मे पुलिस कें महत्वपूर्ण सफलता भेटल। अभियानक दौरानकुल 24 वारंट, 3 इश्तेहार आ 128 सम्मनक निष्पादन कएल गेल। संगहि कुल 47 अभियुक्त कें गिरफ्तार कएल गेल। गिरफ्तार अभियुक्त सभ मे शराबक कांड मे 10, हत्याक प्रयासक कांड मे 6, शस्त्रअधिनियमक कांड मे 1, हत्याक कांड मे 1, वारंटक मामिला मे 24 आ अन्य कांड मे 5 अभियुक्त शामिल छथि। एहि अभियानक दौरान वारंट निर्गत 24 अभियुक्त कें गिरफ्तार कएल गेल। पुलिस द्वारा गंभीर कांड सभ मे फरार अभियुक्त सभक गिरफ्तारी आ न्यायालय सं निर्गत वारंटक निष्पादन लेल कारबाइ तेज कएल गेल। संगहि जिला मे अपराध नियंत्रण आ यातायात सुरक्षाक दृष्टिकोण सं सेहो कारबाइ कएल गेल। एहि क्रम मे कुल 53 वाहन सं 93 हजार टाका जुर्माना वसूल कएल गेल। अभियानक दौरान जिलाक विभिन्न थाना क्षेत्र सं 575 लीटर देसी-विदेशी शराब, एकटा देसी कट्टा आ आठटा मोटरसाइकिल सेहो बरामद कएल गेल। पुलिसक दिस सं कहल गेल जे अपराध नियंत्रण, फरार अभियुक्त सभक गिरफ्तारी,न्यायालयक आदेशक अनुपालन आ अवैध शराब तथा हथियारक विरुद्ध कारबाइ आगू सेहो लगातार जारीरहत।

# योग, साहस, आस्था आ सनातनक प्रतीक छथि बजरंगबली : गोपाल जी ठाकुर

**दरभंगा, समदिया**



बजरंगबली सनातन संस्कृति मे योग, ध्यान आ आत्मसंयमक प्रतीक छथि। धर्म आधारित जीवन जीबाक दिनचर्या सनातन संस्कृतिक उत्कृष्ट उदाहरण अछि। परोपकार, दया आ ज्ञानक भावना कें जागृत कए लोभ, मोह, काम, क्रोध आ अहंकार जेकां कुवृत्ति कें त्यागने बिना श्रेष्ठ जीवनक कामना नहि कएल जासकैत अछि। दरभंगाक सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर संसदीय क्षेत्रकबेनीपुर विधानसभा अंतर्गत मकरमपुर स्थित बजरंगबली मंदिर मे सैकड़ो बरख सं आयोजित होइत आबिरहल ध्वजारोहण कार्यक्रम मे सहभागी भेलाक बाद उक्त बात कहलनि। एहि अवसर पर सांसद डॉ. ठाकुरध्वजारोहण कए बजरंगबलीक विधिवत पूजा-अर्चना केलनि। ओ मिथिला क्षेत्रक सर्वांगीण विकासक कामना करैत कहलनि जे धर्मक आवृत्ति समाज मे सद्विचारक चेतना कें जागृत करैत अछि।सांसद डॉ. ठाकुर मकरमपुरक स्थानीय ग्रामीण आ आयोजक सभक जमि कए प्रशंसा करैत कहलनि जेआइ समाज कुसंस्कृतिक कारण कमजोर भए रहल अछि। सामाजिक आ पारिवारिक मान्यता तथापरंपराक ह्रास भए रहल अछि। एहि परिस्थिति मे एहि तरहक परंपरा सांस्कृतिक राष्ट्रवाद कें मजबूतकरैत अछि। ओ कहलनि जे धार्मिक साधना, सांस्कृतिक परंपरा आ अपन विरासत कें जीवंत राखब वर्तमान समयक आवश्यकता अछि। एहि सं नव पीढ़ी कें अपन संस्कृति आ परंपरा सं जोड़ल जा सकैत अछि। एहि अवसर पर स्थानीय ग्रामीण सभक संग भाजपा कार्यकर्ता सभ सेहो पैघ संख्या मे उपस्थित छलाह।

# सकरी मे रेस्ट हाउसक आड़ मे चलि रहल देह व्यापारक भंडाफोड़

## देह व्यापारक दलदल सं 3 युवती सकुशल मुक्त

**मधुबनी, समदिया**



जानकारीक अनुसार, 4 सितंबर कें करीब दिनक 3 बजे वरीय पुलिस अधीक्षक, मधुबनी कें मधुबनी न्याय केंद्र, बिहार सेवा समितिक सामाजिक कार्यकर्ता द्वारा गुप्त सूचना भेटल जे सकरी थाना अंतर्गत नरपतिनगर मे राष्ट्रीय राजमार्ग-27 किनारे स्थित अपोलो टायर दोकानक ऊपरी तल पर 'रॉयल रेस्टहाउस'क आड़ मे बाहर सं युवती कें आनि कए हुनका सं जबरन अवैध देह व्यापार कराओल जा रहल अछि। प्राप्त संवेदनशील सूचनाक गंभीरता सं लैत वरीय पुलिस अधीक्षकक निर्देश पर अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी, सदर-01क नेतृत्व मे एकटा विशेष संयुक्त छापामारी दल गठित कएल गेल। एहि दल मे सकरीक थानाध्यक्ष, मानव तस्करी निरोधक इकाईक दल प्रभारी आ सदस्य, महिला थानाध्यक्ष, विधि-विज्ञान दल आ अतिरिक्त महिला-पुरुष पुलिस बल कें शामिल कएल गेल। गठित दल द्वारा करीब 4बजकर 40 मिनट पर अपोलो टायर दोकानक ऊपर स्थित रॉयल रेस्ट हाउस कें चारू दिस सं सुनियोजितढंग सं घेराबंदी कए विधिवत तलाशी लेल गेल। तलाशीक क्रम मे दोसर आ तेसर तलक विभिन्न कोठली सं आपत्तिजनक स्थिति मे 3 युवती कें मुक्त कराओल गेल आ महिला पुलिसकर्मीक सुरक्षित अभिरक्षा मे राखल गेल। ओतहि कोठलीक भीतर सं आपत्तिजनक अवस्था मे 4 व्यक्ति सौरभ मिस्त्री, दिनेश कुमार महतो, दिनेश कुमार आ पप्पू पासवान कें रंगे हाथ पकड़ि लेल गेल। जखन कि 2-3 अन्य व्यक्ति पुलिस कें देखिते घटनास्थल सं भागि निकलल। पूछताछक क्रम मे पीड़ित युवती सभ जानकारी देलनि जे मुख्यसंचालक बंगाली उर्फ आलमगीर शेख, सौरभ मिस्त्री आ दिनेश कुमार महतो द्वारा कोलकाता आ अन्यक्षेत्र सं भोली-भाली युवती सभ कें प्रेम संबंध, विवाहक झांसा आ नीक काजक प्रलोभन दए कए एतयआनिलए जाइत छल। एहि ठाम अनलाक बाद हुनका सभ कें बंधक बना कए मारपीट आ जान सं मारि देबाक धमकी दैत जबरन देह व्यापार कराओल जाइत छल। ग्राहक सं भेटल पूरा राशि संचालक सभआपस मे बांटि लैत छल। छापामारीक दौरान कोठली सभ सं विधि-विज्ञान दल द्वारा वीडियोग्राफी करैत आपत्तिजनक सामग्री आ वस्त्र कें वैज्ञानिक साक्ष्यक रूप मे जब्त कएल गेल। एहि मामिला मे सकरीथाना मे भारतीय न्याय संहिता केर धारा आ अनैतिक देह व्यापार निवारण अधिनियमक धारा केरअंतर्गत मामिला दर्ज कएल गेल अछि। गिरफ्तार चारू अभियुक्त कें न्यायिक हिरासत मे पठाओल जा रहल अछि। ओतहि गिरोहक मुख्य संचालक बंगाली उर्फ आलमगीर शेखक गिरफ्तारी लेल पुलिसक विभिन्न दल संभावित ठिकाना सभ पर सघन छापामारी कए रहल अछि।

# बासोपट्टी थाना क्षेत्र मे देसी कट्टाक संग एक अभियुक्त गिरफ्तार

**मधुबनी, समदिया**



बासोपट्टी थाना क्षेत्र मे डायल-112क गश्ती दल त्वरित आ प्रभावी कारबाइ करैत अवैध देसी कट्टाकसंग एक अभियुक्त कें गिरफ्तार कएलक। गिरफ्तार अभियुक्तक पहचान शिवम कुमारक रूप मे भेलअछि। जानकारीक अनुसार बासोपट्टी थाना अंतर्गत डायल-112क गश्ती दल कें सूचक विनिता देवीडायल-112 पर फोन कए सूचना देलनि जे हुनकर ग्रामीण शिवम कुमार हुनकर घरक बगल मे आबि देसी कट्टा लहरबैत गाली-गलौज कए रहल अछि आ जान सं मारबाक धमकी दए रहल अछि। सूचना सं वरीय पदाधिकारी कें अवगत कराओल गेल। प्राप्त निर्देशानुसार बासोपट्टी थाना डायल-112क टीम करीब 3 बजकर 15 मिनटक समय मे त्वरित गति सं ग्राम उछाल पहुंचल। पुलिसक वाहन कें देखिते एक युवक भागबाक प्रयास केलक। पुलिस बल तत्परता देखबैत घेराबंदी कए युवक कें मौका परे पकड़ि लेलक। पूछताछक क्रम मे पकड़ल गेल युवक अपन नाम शिवम कुमार बतौलक। विधिवत तलाशी लेलापर युवकककमर मे खोसल एकटा अवैध देसी कट्टा बरामद भेल। तकर बाद बरामद अवैध हथियार कें विधिवतजब्त कए अभियुक्त शिवम कुमार कें थाना आनल गेल। पूछताछ मे अभियुक्त स्वीकार केलक जे ओ नेपाल सं ई कट्टा लए कए आएल छल आ क्षेत्र मे अपन भय आ रौब देखेबाक लेल एकरा अपन लगरखैत छल।

# दू बाइकक आमने-सामने ठोकर मे युवकक मृत्यु

**लदनियां, समदिया**

लदनियांक तेनुवाही चौक सं आगू हीरोहोंडा एजेंसीक ठीक सामने तेनुवाही-खुटौना मुख्य सड़क पर शनिदिन दुइ बाइकक आमने-सामने जोरदार टक्कर भए गेल। एहि सड़क हादसा मे एक युवकक घटनास्थले परे मृत्यु भए गेल। प्रत्यक्षदर्शीक अनुसार, थाना क्षेत्रक तेनुवाही चौक सं पूरब हीरोहोंडा एजेंसीक लग दुइ बाइकक आमने-सामने टक्कर भेल। हादसा मे खाजेडीह गाम निवासी प्रवीण शर्मा (23 बरख),पिता भूताई शर्मा,क घटनास्थले परे मृत्यु भए गेल। हादसा मे एकहरी निवासी चंदन कुमार (22 बरख), पिता सुधीर कामत आ सुरेंद्र शर्मा (25 बरख) घायल भेल छथि। गंभीर रूप सं घायल सुरेंद्र शर्मा कें नीक उपचारक लेल अन्यत्र रेफर कएल गेल अछि। एकहरी निवासी मिलन कुमार (21 बरख), पिता राजन कामत, सेहो एहि हादसा मे घायल भेल छथि। घटनाक सूचना भेटिते लदनियां थाना पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि गेल आ मामिलाक जांच मे जुटि गेल। प्रारंभिक जानकारीक अनुसार, घटना तखन भेल जखन एक मोटरसाइकिल सवार जन्माष्टमी मेला देखि कए वापस आबि रहल छल, जखन कि दोसर मोटरसाइकिल सवार मेला देखबाक लेल जा रहल छल। स्थानीय लोकक कहब अछि जे बाइक पर नियंत्रण नहि रहबाककारण दुर्घटना भेल होएत। नशायुक्त शराब अथवा अन्य मादक पदार्थक सेवन सेहो दुर्घटनाक एक कारणहोएबाक आशंका स्थानीय लोक जता रहल छथि। मुदा घटनाक वास्तविक कारणक पुष्टि पुलिसक जांचक बादे भए सकत।

# नेपाली शराबक संग एक तस्कर गिरफ्तार



**जयनगर, समदिया**

जयनगर 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगरक 'बी' कंपनी मुख्यालय, मधवापुरक कार्यक्षेत्र मे अवैध शराबक तस्करीक विरुद्ध कारबाइ करैत 13.5 लीटर नेपाली देसी शराब (सोफी)क संग एक व्यक्ति कें गिरफ्तार कएल गेल। कारबाइक दौरान तस्करी मे प्रयुक्त एकटा बजाज पल्सर मोटरसाइकिल सेहो जब्तकएल गेल। कंपनीक आसूचना स्रोत सं भेटल जानकारीक आधार पर विशेष गश्ती दलक गठन कएल गेल।करीब 8 बजकर 5 मिनटक समय मे गश्ती दल सीमा स्तंभ संख्या 296/01क दिस रवाना भेल। करीब 8 बजकर 48 मिनटक समय मे सीमा स्तंभ संख्या 296/01 सं लगभग 350 मीटर भीतर भारतीय क्षेत्र मे नेपालक दिस सं एक व्यक्ति कें बजाज पल्सर मोटरसाइकिल पर अबैत देखल गेल। गश्ती दल संदिग्ध रूप सं हुनका रोकि पूछताछ आ तलाशी लेलक। तलाशी दौरान हुनका लग रहल कारी रंगक बैग सं नेपाली देसी शराब बरामद भेल। बरामद शराब मे 300 मिलीलीटरक 45 बोतल, कुल 13.5 लीटर नेपालीदेसी शराब (सोफी) छल। संगहि तस्करी मे प्रयुक्त एकटा बजाज पल्सर मोटरसाइकिल सेहो जब्त कएल गेल। गिरफ्तार अभियुक्तक पहचान लाल मोहन कुमार (उम्र करीब 23 बरख), पिता राज किशोर राय, ग्राम भीठा धर्मपुर, डाकघर एवं थाना पुपरी, जिला सीतामढ़ी, बिहारक रूप मे भेल अछि।प्रारंभिक पूछताछ मे गिरफ्तार व्यक्ति बतौलक जे ओ उक्त शराब नेपालक चौरिया गांव निवासी जितेंद्रनामक व्यक्ति सं लेने छल आ अपन गांव भीठा धर्मपुर, थाना पुपरी, जिला सीतामढ़ी लए जा कए स्वयंबेचबाक योजना मे छल।

# शिक्षक समाज आ राष्ट्र निर्माणक आधारशिला : डीएम




» शिक्षक सम्मान समारोह मे डीएम देलनि गुणवत्तापूर्ण शिक्षा पर जोर

**दरभंगा, समदिया**

शिक्षक दिवसक अवसर पर शनिदिन प्रखंड संसाधन केंद्र, दरभंगा मे शिक्षक सम्मान समारोहक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक शुभारंभ जिलाधिकारी कौशल कुमार सहित उपस्थित पदाधिकारी आ शिक्षक सभदीप प्रज्वलित कए केलनि। एहि अवसर पर बिहारक शिक्षा मंत्री द्वारा राज्यक शिक्षक सभक नाम संबोधित पत्र उपलब्ध कराओल गेल, जाहिक वितरण डीएम कौशल कुमार आ अन्य पदाधिकारी शिक्षकसभक बीच केलनि। समारोहक अध्यक्षता करैत डीएम कौशल कुमार शिक्षक सभ कें शिक्षक दिवसक शुभकामना देलनि। ओ कहलनि जे शिक्षक समाज आ राष्ट्र निर्माण मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत छथि। शिक्षक बच्चा सभ कें मात्र पाठ्यक्रमक ज्ञान नहि दैत छथि, बल्कि हुनकर व्यक्तित्व, सोच, व्यवहार आ भविष्यक दिशा निर्धारित करबा मे सेहो महत्वपूर्ण योगदान दैत छथि। ओ शिक्षक सभ सं विद्यालय मेगुणवत्तापूर्ण आ प्रभावी शिक्षण व्यवस्था सुनिश्चित करबाक आह्वान केलनि। कहलनि जे बच्चा सभकचरित्र निर्माण, नैतिक मूल्य, अनुशासन, जिम्मेदारी आ सामाजिक सरोकारक भावना विकसित करबापर विशेष ध्यान देबाक चाही। शिक्षाक उद्देश्य मात्र परीक्षा मे नीक अंक प्राप्त करब नहि, बल्कि बच्चा सभकें जिम्मेदार, संवेदनशील आ नीक नागरिक बनेनाइ अछि। डीएम नियमित रूप सं कक्षा संचालन, बच्चासभक सीखबाक क्षमता अनुरूप शिक्षण पद्धति अपनाबय तथा कमजोर विद्यार्थी सभपर विशेष ध्यानदेबाक अपील केलनि। ओ विद्यालय मे अनुशासनक व्यवस्था कें सुदृढ़ बनौने रखबाक आवश्यकता परसेहो जोर देलनि। समारोह मे शिक्षक सभ शिक्षा व्यवस्था कें आरो प्रभावी बनेबाक संबंध मे अपन अनुभव आ विचार साझा केलनि। मौका पर सहायक समाहर्ता कल्पना रावत, जिला शिक्षा पदाधिकारी विद्यानंद ठाकुर सहित शिक्षा विभागक अधिकारी, कर्मी आ पैघ संख्या मे शिक्षक उपस्थित छलाह।

## शिक्षक ज्ञानक संग संस्कार दए राष्ट्रक भविष्य गढ़ैत छथि : कुलपति

**दरभंगा, समदिया**



ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक जुबिली हॉल मे शिक्षक दिवसक अवसर पर कुलपति प्रो. संजय कुमार चौधरीक अध्यक्षता मे शिक्षक सम्मान समारोह सह ''आधुनिक शिक्षा एवं भारतीय ज्ञान-परंपरा मे शिक्षकक भूमिका'' विषय पर विचारगोष्ठीक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक शुभारंभ दीप प्रज्वलन आ डॉ. सर्वपल्ली राधाकृष्णनक चित्र पर पुष्पांजलि अर्पित कए कएल गेल। संगीत आ नाट्य विभागक छात्र-छात्रा सभ राष्ट्रगीत, राष्ट्रगान, कुलगीत आ बिहार-गीत प्रस्तुत केलनि। एहि अवसर पर गत एक वर्षक दौरान सेवानिवृत्त भेल 86 शिक्षक कें पाग, चादर आ प्रशस्ति-पत्र दए सम्मानित कएल गेल। विश्वविद्यालयक सभ पदाधिकारी कें सेहो कुलपति प्रशंसा-पत्र प्रदान केलनि। अध्यक्षीय संबोधन मे कुलपति कहलनि जे प्राचीन शिक्षा व्यवस्था चरित्र आ संस्कार निर्माण पर आधारित छल, जखन कि आधुनिक शिक्षा मे कौशल विकास पर जोर देल जा रहल अछि। राष्ट्रीय शिक्षा नीति- 2020 छात्र सभक समग्र विकासक माध्यम अछि। भारतीय ज्ञान परंपरा मे योग, आयुर्वेद आ दर्शनक विशेष महत्व अछि। शिक्षक शिक्षा देबाक संग संस्कार दए अगिला पीढ़ीक निर्माण करैत छथि। मुख्यअतिथि प्रो. वीरेंद्र नारायण यादव शिक्षक सम्मान कें नीक शैक्षणिक वातावरण लेल महत्वपूर्ण बतौलनि। एमएलसी सर्वेश कुमार भारतीय ज्ञान परंपरा कें आधुनिकताक संग जोड़बाक आवश्यकता पर जोर देलनि। मुख्य वक्ता प्रो. सिद्धार्थ शंकर सिंह आ विशिष्ट वक्ता प्रो. अमरेश शांडिल्य गुरुकुल परंपरा आ भारतीय ज्ञान-विरासत पर विस्तार सं चर्चा केलनि। मौका पर कुलसचिव डॉ. दिव्या रानी हांसदा सहित शिक्षक, पदाधिकारी आ छात्र-छात्रा उपस्थित छलाह।

# झंझारपुर मे निजी अस्पताल दलालक जाल... लगातार मृत्यु सं आम लोक चिंतित

## कतेको नर्सिंग होम मे प्रसूताक मृत्यु, स्वास्थ्य विभाग बेखबर

झंझारपुर, समदिया



» रोगी कें लोभाबै लेल बोर्ड पर पैघ डॉक्टर सभक नाम
» प्रैक्टिशनर सं कराओल जाइत अछि ऑपरेशन
» मानक कें ताक पर राखि चलि रहल ऑपरेशनक खेल

झंझारपुर अनुमंडल मुख्यालय सहित ग्रामीण क्षेत्र मे निजी नर्सिंग होम मे लगातार भए रहल प्रसूता सभक मृत्यु सं आम लोक मे भारी चिंता अछि। पछिला दू सं तीन मासक भीतर कतेको निजी नर्सिंग होम मे प्रसूताक मृत्यु भए चुकल अछि। प्रत्येक घटना उपरांत हंगामा, सड़क जाम आ विधि-व्यवस्थाक समस्या उत्पन्न भए जाइत अछि। एहि कारणे स्थानीय पुलिस आ प्रशासन कें 24 घंटा समस्याक सामनाकरए पड़ैत अछि, मुदा स्वास्थ्य विभाग पर एकर कोनो प्रभाव पड़ैत नहि देखाइत अछि। स्वास्थ्य विभाग कें सभ जानकारी, तैयो अनभिज्ञ अनुमंडल मुख्यालय सहित ग्रामीण क्षेत्र मे जतय जतय अवैध नर्सिंग होम खुजि रहल अछि अथवा पहिने सं चलि रहल अछि, ओकर जानकारी स्वास्थ्य विभाग कें रहैत अछि। मुदा मीडियाक द्वारा प्रश्न कएलापर जवाबदेह स्वास्थ्य अधिकारी अनभिज्ञता व्यक्त करैत छथि। फर्जी नर्सिंग होम मे घटना घटलाक बादो स्वास्थ्य विभागक चिंता नहि बढ़ैत अछि। एक दिस विधि-व्यवस्था कायम रखबाक लेल स्थानीय पुलिस आ प्रशासन कें कठिनाइ उठाबऽ पड़ैत अछि, जखन कि स्वास्थ्य विभाग निश्चिंत बनल रहैत अछि। दलालक चंगुल मे फंसि रहल गरीब एहन अस्पताल सभ मे समाजक आर्थिक रूप सं कमजोर वर्गक लोक दलालक चंगुल मे फंसि कए पहुंचैत छथि। दलाल सभ कम पाइक मे शल्यक्रिया अथवा उपचार करा देबाक झांसा दए कए हुनका निजी नर्सिंग होम मे भर्ती करा दैत छथि। नर्सिंग होमक बाहर पैघ-पैघ डॉक्टरक नाम आ डिग्रीक बोर्ड लागल रहैत अछि, मुदा आरोप अछि जे अस्पतालक भीतर डॉक्टरक स्थान पर प्रैक्टिशनर आ झोलाछाप लोक द्वारा उपचार आ शल्यक्रिया कराओल जाइत अछि।

जानकारीक अनुसार, कतेको नर्सिंग होम आवश्यक मानक कें पूरा नहि करैत अछि, तैयो शल्यक्रियाक काज बेरोकटोक चलैत रहैत अछि। सरकारी अस्पताल मे चिकित्सक उपलब्ध नहि रहबाक कारण प्रसूताकशल्यक्रिया नहि भए पाबैत अछि, तखन मजबूरी मे गरीब परिवार निजी नर्सिंग होमक रुख करैत छथि।आरोप अछि जे ओतय पाइक लए कए शल्यक्रिया कए बच्चा कें तं बचा लेल जाइत अछि, मुदा प्रसूताक जान चलि जाइत अछि।एपेक्स हॉस्पिटल कांड बनल उदाहरण मोहना जीरो माइल राष्ट्रीय राजमार्ग-27 स्थित एपेक्स हॉस्पिटल मे महिलाक मृत्युक बाद उत्पन्न भेल विधि-व्यवस्थाक स्थिति एकर ताजा उदाहरण अछि। मृत्युक बाद स्थानीय प्रशासन सं लए कए पुलिसक अधिकारी धरि 24 घंटा घटनास्थल पर उपस्थित रहलाह, मुदा स्वास्थ्य विभागक एको पदाधिकारी घटनास्थल पर पहुंचल नहि। आब कहल जा रहल अछि जे स्वास्थ्य विभाग द्वारा मामिलाक जांच कएल जायत। मुदा स्थानीय लोकक आरोप अछि जे ई जांच महीना धरि जांच पर जांचक नाम पर चलैत रहतआ अंततः लोक घटना कें बिसरि जेताह। तकर बाद ओही स्थान पर नव नाम सं अस्पताल फेर शुरू भए जायत। लोकक कहब अछि जे जं स्वास्थ्य विभाग ईमानदारी सं कारबाइ करय तं फर्जी नर्सिंग होम पर नकेल कसल जा सकैत अछि। मुदा एहन कारबाइ होइत दूर-दूर धरि नहि देखाइत अछि।मृत्युक बाद समझौता करबाक खेलदोसर दिस, मृत्युक बाद गरीब परिवार कें पाइक प्रलोभन दए मामिला कें समझौता करबाक खेल स्थानीयमान्यवर सभक माध्यम सं शुरू भए जाइत अछि। एहि समझौताक प्रक्रिया मे गरीब परिवार फंसि जाइत छथि आ पाइक लए कए घटना कें दबा देल जाइत अछि। एहन अस्पताल मे प्रायः ओही लोक उपचार लेलपहुंचैत छथि जे अत्यंत निर्धन आ गरीब होइत छथि। तैयो नर्सिंग होमक प्रबंधक द्वारा पहिनेहि पूरा राशि जमा करा लेल जाइत अछि। कहल जाइत अछि जे एहि बेर एपेक्स अस्पताल मे 40 हजार टाका पहिनेहि जमा करा लेल गेल छल। कतेको निजी अस्पताल मे उपचार सं पहिनेहि राशि जमा करा लेल जाइत अछि, कारण अस्पताल प्रबंधक कें आशंका रहैत अछि जे बाद मे पाइक भेटत अथवा नहि। स्थानीयलोक जिला प्रशासन आ स्वास्थ्य विभाग सं अवैध तथा निर्धारित मानक पूरा नहि करऽवला नर्सिंग होम सभ पर कठोर कारबाइ करबाक मांग कएलनि अछि, जाहि सं गरीब लोकक जान सं खेलवाड़ पर रोक लगाओल जा सकय।

## शिक्षक विद्यार्थी सभक चरित्र निर्माणक संग राष्ट्रबोध आ नैतिक मूल्यक विकास करथि : श्वेता सोनाली



दरभंगा, समदिया

जिला शिक्षा आ प्रशिक्षण संस्थान (डायट), किलाघाट मे शनिदिन शिक्षक दिवसक अवसर पर संस्थानक सभागार मे कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। कार्यक्रम मे प्रशिक्षु शिक्षक सभ कें भारतक महान शिक्षाविद् आ पूर्व राष्ट्रपति डॉ. सर्वपल्ली राधाकृष्णनक जीवन आ कृतित्व सं प्रेरणा लेबाक आह्वान कएल गेल।कार्यक्रम कें संबोधित करैत डायटक प्राचार्या श्वेता सोनाली कहलनि जे शिक्षक विद्यार्थी सभक जीवनक नींव तैयार करैत छथि। तें शिक्षकक जिम्मेवारी मात्र पाठ्यक्रम पूरा करब धरि सीमित नहि अछि। प्रत्येक विद्यार्थी मे नैतिक मूल्य, अनुशासन, कर्तव्यबोध आ राष्ट्रक प्रति जिम्मेदारीक भावना विकसित करबशिक्षकक महत्वपूर्ण दायित्व अछि। ओ कहलनि जे डॉ. सर्वपल्ली राधाकृष्णनक जीवन शिक्षक सभ लेल प्रेरणाक स्रोत अछि आ हुनकर आदर्श कें अपनाकऽ भावी पीढ़ी कें नीक दिशा देल जा सकैत अछि। उप प्राचार्य पंकज प्रसाद कहलनि जे प्रत्येक विद्यार्थी मे डॉ. राधाकृष्णन सन महान शिक्षाविदक आदर्श आ मूल्य विकसित करबाक प्रयास होयबाक चाही। शिक्षक अपन आचरण आ व्यवहार सं विद्यार्थी सभकलेल प्रेरणास्रोत बनि सकैत छथि। व्याख्याता सुनील कुमार शिक्षक दिवसक महत्व आ डॉ. राधाकृष्णनक शिक्षा क्षेत्र मे योगदान पर प्रकाश देलनि। ओतहि प्रशासक दीपक आ शब्बीर सहित संस्थानक कर्मी सभ सेहो कार्यक्रम मे सहभागी भेलाह। कार्यक्रम मे प्रशिक्षु शिक्षक सभ डॉ. सर्वपल्ली राधाकृष्णनक आदर्श कें अपन शिक्षण आ व्यक्तिगत जीवन मे अपनयबाक संकल्प लेलनि। कार्यक्रमक उद्देश्य शिक्षक सभ कें हुनकर सामाजिक आ राष्ट्रीय दायित्वक प्रति जागरूक करब रहल।

# शिक्षक दिवस पर कतेको शिक्षक सम्मानित

बिस्फी, समदिया



शिक्षक संघ बिहार, प्रखंड इकाई बिस्फीक द्वारा शनिदिन शिक्षक दिवसक अवसर पर बीआरसी भवनक सभागार मे सम्मान समारोहक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता संघक जिला उपाध्यक्ष मो. साबिर केलनि, जखन कि संचालन प्रखंड अध्यक्ष दिनेश यादव केलनि। एहि अवसर पर संघक दिस सं प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी कौशल कुमार सिंह कें पाग, दोपटा आ माला पहिरा कए सम्मानित कएल गेल आ शिक्षक दिवसक शुभकामना देल गेल। शिक्षा क्षेत्र मे उत्कृष्ट काज करबाक लेल कतेको शिक्षक कें प्रशस्ति- पत्र दए कए सम्मानित कएल गेल। सम्मानित होमऽवला शिक्षक मे संघक महिला प्रभारी विभा कुमारी,संतोष कुमार शर्मा, राणा प्रताप, रविंद्र मोहन, फुलेश्वर सिंह भारती, पिन्टु राम, राजू कुमार आ नरेश कुमारनिराला सम्मिलित छथि। ओतहि, मीनाक्षी कुमारी आ मनोज कुमार मंडल कें प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी प्रशस्ति-पत्र दए कए सम्मानित केलनि आ सभ शिक्षक कें शिक्षक दिवसक हार्दिक शुभकामना देलनि।

# एसएसबी नेपाली युवती कें सुरक्षित रेस्क्यू कए नेपाल एपीएफ कें सौंपलक

जयनगर, समदिया



जयनगर 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगरक एफ कंपनी, कमला अंतर्गत बालदिहा चेकपोस्ट पर तैनात ड्यूटी पार्टी सजगता आ तत्परताक परिचय दैत नेपाल सं भारत आनल जा रहल 18 वर्षीय नेपालीयुवती कें सुरक्षित रेस्क्यू कएलक। तकर बाद आगांक कारबाइ लेल युवती कें नेपाल एपीएफ कें सौंपि देल गेल। बालदिहा चेकपोस्ट पर ड्यूटीक दौरान जवान सभ एक व्यक्ति कें नेपाल सं भारतक दिस एकयुवतीक संग अबैत देखलनि। ड्यूटी पार्टी दुनू कें रोकि पूछताछ केलनि। पूछताछक दौरान व्यक्ति अपन नाम रंजीत साहनी (लगभग 21 बरख), निवासी घौराहा, डाकघर–कल्याणपुर, थाना–चिकना, जिला–सिरहा, नेपाल बतौलनि। संग मे रहल युवती अपन नाम प्रीति कुमारी (लगभग 18 बरख), निवासी माधवपुर, डाकघर–लहान, थाना–चिकना, जिला–सिरहा, नेपाल बतौलनि। आरो पूछताछ मे जानकारी भेटल जे उक्त व्यक्ति युवती कें जयनगर रेलवे स्टेशन सं ट्रेन द्वारा राजकोट (गुजरात) लए जेबाक योजना बना रहल छल। ओतय होटल मे वेटरक रूप मे काज करयबाक बात कहल गेल छल। एहि संबंध मे युवतीक परिवारक सदस्य सभ कें कोनो जानकारी नहि छल। परिस्थिति कें देखैत ड्यूटी पार्टी युवती कें सुरक्षितरेस्क्यू कएलक।पूछताछक दौरान ईहो जानकारी भेटल जे जयनगर रेलवे स्टेशन पर तीन अन्य युवक हुनका सभक संग जेबाक लेल प्रतीक्षा कए रहल छल। हुनका सभक संबंध मे आवश्यक जानकारी प्राप्त कएलाक बाद मामिला मे आगांक कारबाइ कएल गेल। तकर बाद रेस्क्यू कएल गेल युवती सहित कुल पांच नेपालीनागरिक कें करीब राति 9:30 बजे दुनू देशक अधिकारी आ कंपनी कमांडरक उपस्थिति मे सीमा स्तंभसंख्या 269 (34) कए लग बेटौहा–मरर सीमा क्षेत्र मे 07म बटालियन APF, जिला सिरहा, नेपाल कें सुरक्षित रूप सं सौंपि देल गेल। नेपाली पक्ष द्वारा नियमानुसार आगांक कारबाइ करबाक लेल ई कदम उठाओल गेल। एहि कारबाइ सं 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बलक सतर्कता, त्वरित कारबाइ आ मानवीय संवेदनशीलताक परिचय भेटल। भारत-नेपाल सीमा पर SSB द्वारा सीमा सुरक्षाक संग-संग मानव तस्करी आ मानवतस्करीक आशंका सं जुड़ल गतिविधिक रोकथाम लेल लगातार निगरानी आ समन्वित कारबाइ कएल जा रहल अछि। एहि अवसर पर 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगरक कमांडेंट राजेंद्र कुमार कहलनि जेभारत-नेपाल सीमा पर तैनात SSB जवान सीमा सुरक्षाक संग मानवीय दायित्वक निर्वहन सेहो पूरा संवेदनशीलताक संग कए रहल छथि। महिला आ युवतीक सुरक्षा सं जुड़ल मामिला मे विशेष सतर्कताबरतल जा रहल अछि। मानव तस्करी जेकां गतिविधि कें रोकबाक लेल नेपाल APFक संग नीक समन्वय स्थापित कए प्रभावी कारबाइ कएल जायत।

## शिक्षक दिवस पर छात्र-छात्रा सभ गुरुजनक उतारलनि आरती



मधुबनी, समदिया

लदनियां प्रखंडक महथा गाम स्थित उत्कृष्ट मध्य विद्यालयक छात्र सभ विद्यालय परिसरक सभागार मे शिक्षक दिवसक अवसर पर गुरु-शिष्य परंपरानुसार शिक्षक सभक आरती उतारलनि आ पूजा-अर्चना केलनि। प्रधानाध्यापक प्रेमनाथ गोसाईक देखरेख मे आयोजित कार्यक्रमक उद्घाटन दीप प्रज्वलित कए कएल गेल। एहि अवसर पर शिक्षक सभ कें अंगवस्त्र दए कए सम्मानित कएल गेल। छात्र सभ प्रज्वलितदीप, मिठाई, पुष्प आ कुमकुम सं भरल थारी सं शिक्षक सभक आरती उतारलनि आ हुनकर चरण-पूजन केलनि। सम्मानित शिक्षक सभ मे शिबू महरा, भोगेंद्र सिंह, अरुण सिंह, सत्येंद्र कुमार, सफीना, रेणु कुमारी, महेश कुमार, जीबछ कामत, योगेंद्र राम आ कैलाश सिंह शामिल छलाह।

# शिक्षक दिवस पर छात्र छात्रा बनलाह प्रधानाध्यापक, शिक्षक आ प्रबंधक

झंझारपुर, समदिया



शिक्षक दिवसक शुभ अवसर पर झंझारपुर प्रखंड अंतर्गत उत्क्रमित उच्च माध्यमिक विद्यालय अड़रिया संग्राम मे विद्यालय प्रबंधन द्वारा छात्र-छात्रा सभ सं विद्यालयक संचालन कराकऽ एकटा अभिनव प्रयोगकएल गेल। एहि अवसर पर छात्र-छात्रा सभ कें सम्मानित सेहो कएल गेल। कार्यक्रमक अंतर्गत कक्षा 12 केर विद्या कुमारी प्रधानाध्यापकक दायित्व निभौलनि। कक्षा 11 केर मीनाक्षी मिश्रा आ शिवानी कुमारी कक्षा प्रबंधकक भूमिका मे रहलीह। कक्षा 11 केर तकदीस फातमा कें अनुशासन प्रभारीक दायित्व देल गेल। ओतहि सरस्वती कुमारी, खुशी झा, एलिजा खान, विवेक कुमार, अनुष्का कुमारी, स्नेहा कुमारी, जोया आफरीन, अंशु कुमारी, नसरुद्दीन, स्मृति कुमारी आ अफीफा खातून शिक्षकक भूमिका मे रहलीह। सभ छात्र-छात्रा अपन-अपन दायित्वक निर्वहन अपन प्रतिभाक अनुरूप कएलनि आ विद्यालय प्रबंधन कें प्रभावित कएलनि। विद्यालयक प्रधानाध्यापक डॉ. अमित कुमार पांडेय कहलनि जे एहि प्रकारक कार्यक्रम सं छात्र-छात्रा सभ मे आत्मविश्वास बढ़त। एकर माध्यम सं समाज मे सेहो सकारात्मक परिवर्तन देखबाक अवसर भेटत। ओ कहलनि जे सरकारक उद्देश्य आ समाजक आवश्यकताक बुझैत एकटा सफल शिक्षकक कर्तव्य अछि जे ओ समाज कें योग्य शागिर्द देथि, जाहि सं अन्हार कें इजोत मे आ बुराइ कें अच्छाइ मे बदलल जा सकय। ओ कहलनि जे एहि कार्यक्रम मे भाग लेनिहार छात्र-छात्रा सभक तीन प्रकारक परीक्षा लेल गेल छल। जाहि छात्र-छात्रा सभ ओहि परीक्षा मे सफल भेलाह, हुनका सभ कें विभिन्न दायित्व देल गेल। कार्यक्रमक अंत मे सभ प्रतिभागी कें विद्यालय प्रबंधनक दिस सं पदक दए कए पुरस्कृत कएल गेल। कार्यक्रम मे कतेको गणमान्य व्यक्ति सेहो उपस्थित छलाह। एहि अवसर पर छात्र-छात्रा सभ मे आलोक कुमार, अमरेश कुमार, कौशल कुमार, रमन कुमार, सूरज कुमार, शुभकांत, नीतू कुमारी, ख्याति कुमारी, रामाकांत, लता, जानकी कुमारी आ सायमा अंजुम उपस्थित छलाह।

# हर्षोल्लासक संग मनाओल गेल श्रीकृष्ण जन्माष्टमी

बिस्फी, समदिया



बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक कठैला, नूरचक, ईटहर, परसौनी, सिमरी, गोला टोल बिस्फी, लोहरा, पतौना, मुरलियाचक, बलभिंडा, चहुटा, गोढौल, सादुल्लाहपुर, जगवन सहित एक दर्जन सं बेसी स्थान पर मुरली मनोहर श्रीकृष्ण आ राधाक प्रतिमा स्थापित कए हर्षोल्लास आ श्रद्धाभावक संग पूजा-अर्चना कएल जा रहल अछि। पूजा-पंडाल कें आकर्षक ढंग सं सजाओल गेल अछि। श्रद्धालुक पूजा-अर्चनाक लेल पूजा समितिक दिस सं भव्य तैयारी कएल गेल अछि। श्रीकृष्ण जन्माष्टमी कें लए कए क्षेत्र मे उत्सवी माहौल देखल जा रहलअछि आ चारू दिस भक्तिमय वातावरण बनल अछि। पूजा स्थल पर भजन-कीर्तन, नाच-तमाशा आ भव्यमेला सेहो आयोजित कएल गेल अछि। पंडितक उपस्थिति मे विधि-विधानक संग पूजा-अर्चना कएल गेलआ आरती उतारल गेल। विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक लेल बीडीओ वसंत कुमार सिंह, सीओ शैलेंद्र कुमार यादव, थानाध्यक्ष अविनाश कुमार, अनुराग कुमार, आदित्य कुमार भगत सहित कतेको अधिकारी दिनभर अपन-अपन क्षेत्र मेसतर्क देखल गेलाह। ओतहि, कठैला गाम मे विगत 30 बरख सं श्रीकृष्ण अष्टमी हर्षोल्लासक संग मनाओलजा रहल अछि। समिति सदस्य नवल किशोर यादव, सियाराम यादव, अनोज कुमार यादव, देव कृष्ण यादव, रामबाबू शर्मा, राम बहादुर महतो, अंजनी साहु, शंभू ठाकुर, रविंद्र यादव आ मनोज शर्मा बतौलनि जे एहि बरख विशेष तैयारी कएल गेल अछि।

## शारदा कंप्यूटर जयनगर मे धूमधाम सं मनाओल गेल शिक्षक दिवस समारोह

# डॉ. सर्वपल्ली राधाकृष्णन कें देल गेल श्रद्धांजलि

जयनगर, समदिया



शारदा कंप्यूटर, कमला रोड जयनगर मे भारतक पूर्व राष्ट्रपति, महान शिक्षाविद् आ दार्शनिक डॉ. सर्वपल्ली राधाकृष्णनक जयंतीक अवसर पर शिक्षक दिवस समारोह हर्षोल्लास, उत्साह आ धूमधाम सं मनाओल गेल। एहि अवसर पर संस्थानक पूरा परिसर उत्सवमय बनल रहल आ छात्र-छात्रा सभ मे विशेष उत्साह देखल गेल। कार्यक्रमक शुरुआत डॉ. सर्वपल्ली राधाकृष्णनक तैलचित्र पर पुष्प अर्पित कए हुनका श्रद्धापूर्वक नमन करैत कएल गेल। तकर बाद छात्र-छात्रा सभ अपन गुरुजनक सम्मान मे विभिन्न सांस्कृतिक आ मनोरंजक कार्यक्रम प्रस्तुत केलनि। विद्यार्थी सभ गीत, कविता आ भाषणक माध्यम सं शिक्षक सभक प्रति अपन सम्मान, प्रेम आ आभार व्यक्त केलनि।एहि अवसर पर संतोष सर छात्र-छात्रा सभ कें संबोधित करैत कहलनि जे शिक्षक मात्र किताबक ज्ञान नहि दैत छथि, बल्कि विद्यार्थी सभ केंजीवन मे सही दिशा आ उचित मार्गदर्शन सेहो दैत छथि। शिक्षा संग अनुशासन, मेहनत आ नीक संस्कारजीवन मे सफलता प्राप्त करबाक लेल अत्यंत आवश्यक अछि। शारदा कंप्यूटरक निदेशक संतोष सर छात्र-छात्रा सभ कें शिक्षक दिवसक शुभकामना दैत कंप्यूटर शिक्षाक महत्व पर विस्तार सं प्रकाश देलनि। ओकहलनि जे आइक आधुनिक आ डिजिटल युग मे कंप्यूटरक ज्ञान युवाक उज्वल भविष्य आ रोजगारक नीक अवसर लेल अत्यंत आवश्यक अछि। विद्यार्थी सभ कें पढ़ाइक संग तकनीकी ज्ञान सेहो प्राप्त करबाक चाही, जाहि सं ओ भविष्यक चुनौतीक सफलतापूर्वक सामना कए सकथि। समारोहक दौरान सभ छात्र-छात्रा अपन शिक्षक सभ कें शिक्षक दिवसक हार्दिक शुभकामना देलनि आ हुनकर मार्गदर्शन मे आगू बढ़ैत जीवन मे सफलता प्राप्त करबाक संकल्प लेलनि। कार्यक्रम कें आरोयादगार बनेबाक लेल संस्थानक दिस सं छात्र-छात्रा सभक लेल विशेष नाश्ता आ जलपानक व्यवस्था कएल गेल छल। एहि दौरान पानीपुरी, आइसक्रीम, केक, छोला-भटूरा, कोल्ड ड्रिंक सहित अन्य स्वादिष्टव्यंजनक प्रबंध कएल गेल छल। बच्चा सभ पैघ उत्साह सं सभ व्यंजनक आनंद लेलनि आ एहि विशेष आयोजन सं प्रसन्न देखाइ पड़लनि। कार्यक्रम मे शिवशंकर, भास्कर, विकास, नीतीश, दुर्गेश, प्रदीप, अंकित, साओन, देवेंद्र, मुकेश, विवेक, अंशु, स्वीटी, सुनीता, अंजलि, रंजना, रोशनी, कल्पना, किरण, अर्चना, खुशबू, सलोनी, मोनी, काजल, मंजिला, सविता सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह। एहि दौरान संस्थान मे खुशी आ उत्साहक माहौल बनल रहल। शिक्षक दिवसक ई समारोह छात्र-छात्रा आ शिक्षक सभक लेल एकटा यादगार अवसर बनि गेल।

# प्रखंड अध्यक्ष पार्टी संगठनक रीढ़ छथि : कृष्णा अल्लावरू

## प्रखंड अध्यक्ष सभक प्रशिक्षण शिविरक भेल शुभारंभ

सीतामढ़ी, समदिया



बिहार प्रदेश कांग्रेस कमिटीक तत्वावधान मे नवनिर्वाचित प्रखंड अध्यक्ष सभक दुइ दिवसीय आवासीय प्रशिक्षण शिविरक शुभारंभ शनिदिन सीतामढ़ीक सिद्धिविनायक होटल सभागार मे भेल। शिविर मे बिहारकांग्रेसक प्रभारी कृष्णा अल्लावरू आ प्रदेश कांग्रेस अध्यक्ष, पूर्व विधायक राजेश कुमार राम मुख्य रूप संशामिल भेलाह। शिविरक पहिल दिन कांग्रेसक नवनिर्वाचित प्रखंड अध्यक्ष सभ कें गांधीवादी विचारधारा,कांग्रेस पार्टीक मूल मूल्य आ सिद्धांतक संबंध मे प्रशिक्षण देल गेल। संगहि राजनीति मे महिलाकभूमिका बढ़ेबाक आवश्यकता पर जोर देल गेल। वर्तमान राजनीतिक परिवेश मे कांग्रेसक भूमिका आ जनसरोकारक मुद्दा पर लोक कें संगठित करबाक आधुनिक तरीका पर सेहो विस्तार सं चर्चा भेल। प्रशिक्षण शिविर मे मुख्य अतिथिक रूप मे उपस्थित बिहार कांग्रेसक प्रभारी कृष्णा अल्लावरू कहलनि जेसरकार चला रहल लोक समाज आ देश कें तोड़बाक काज कए रहल छथि, जखन कि राहुल गांधी भारतजोड़ो यात्राक माध्यम सं देश कें जोड़बाक प्रयास कए रहल छथि। आपसी एकता आ सहमति सं देश कें शक्तिशाली बनाओल जा सकैत अछि। पार्टी आ समाज कें अनुशासनक संग एकजुट भए कए आगूबढ़बाक चाही। कांग्रेस देश मे लोकतंत्र स्थापित करबाक काज केने अछि आ प्रखंड अध्यक्ष सभक वैचारिक मजबूती लेल ई प्रशिक्षण अत्यंत आवश्यक अछि। प्रखंड अध्यक्ष पार्टी संगठनक रीढ़ छथि। प्रदेश कांग्रेस अध्यक्ष राजेश राम कहलनि जे 'संगच्छध्वं संवदध्वं'क सूत्रक अर्थ अछि जे सभ कें संग लए कए चलला आ सभक विचारक सम्मान कएला सं श्रेष्ठ समाजक निर्माण संभव अछि। कांग्रेस सदिखन एहि सूत्रक सम्मान करैत रहल अछि। पंचायतक एकटा कार्यकर्ता सं लए कए प्रदेश अध्यक्ष धरि सभ एकटा सूत्र मे बन्हल छथि आ एक-दोसराक सम्मान करैत छथि। देश निर्माण मे सभ कें अपन भूमिका निभेबाक अछि।एक-दोसराक संग संवाद करब आ एक-दोसराक सम्मान करब हमर संस्कार अछि। प्रशिक्षण शिविरक संचालन बिहार कांग्रेसक प्रशिक्षण प्रभारी प्रो. रंजीत कुमार मिश्र आ प्रशिक्षक राजकुमार मीणा केलनि। जिला कांग्रेस अध्यक्ष सह शिविरक संयोजक अमित कुमार टुन्ना शिविरक आयोजन मे महत्वपूर्ण भूमिकानिभौलनि। प्रखंड अध्यक्ष सभक दुइ दिवसीय आवासीय प्रशिक्षण शिविर मे खगड़िया जिलाध्यक्ष डॉ. चंदन यादव, डॉ. गौरव वर्मा, पूर्व जिलाध्यक्ष रकटू प्रसाद, सीताराम झा, प्रदेश प्रतिनिधि रितेश रमण सिंह, मो. शम्स शाहनवाज, मनोज कुमार सिंह, रामू मिश्रा, आफताब अंजुम, धीरज सिंह सहित अन्य प्रमुख कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

# आदर्श विद्यालयक छात्र सभ कें भेटत विशेष पोशाक

» कक्षा 9 सं 12 धरि छात्र छात्राक 8 सं 12 सितंबर धरि लेल जायत नाप

## जीविकाक डीपीएम आ बीपीएम करताह सहयोग




**सहरसा, समदिया**

राज्यक सरकारी विद्या निकेतन (आदर्श विद्यालय) मे कक्षा 9 सं 12 धरि पढ़ि रहल छात्र-छात्रा सभ कें आब विशेष पोशाक उपलब्ध कराओल जायत। एहि लेल शिक्षा विभाग पोशाकक मानक आकार तालिका उपलब्ध कराबय आ छात्र-छात्राक नाप लेबाक काज मे जीविका सं सहयोग मांगलक अछि। माध्यमिक शिक्षा निदेशक नितिन कुमार सिंह 3 सितंबर 2026 कें जीविका, पटनाक मुख्य कार्यपालक पदाधिकारी कें पत्र पठा कए आवश्यक कारबाइ करबाक अनुरोध कएलनि। ई पत्र जीविकाक पत्रांक 4659, दिनांक 1 सितंबर 2026 केर संदर्भ मे जारी कएल गेल अछि। जीविकाक दिस सं आदर्श विद्यालय सभक कक्षा 9 सं 12 धरि अध्ययनरत विद्यार्थी सभक संख्या, नाप, आकार आ पोशाकक सामग्री संबंधी तकनीकी जानकारी उपलब्ध करबाक अनुरोध कएल गेल छल। एहि पर शिक्षा विभाग जीविका सं विशेष पोशाक लेल विभागीय मानक आकार तालिका उपलब्ध करबाक कहलनि। संगहि छात्र-छात्राक नाप आ आकारक आकलन करबाक लेल 8 सितंबर सं 12 सितंबर 2026 धरि प्रतिदिन पूर्वाह्न 10 बजे सं समय निर्धारित कएल गेल अछि। पत्र मे मुख्य कार्यपालक पदाधिकारी सं अनुरोध कएल गेल अछि जे विद्यालय मे नामांकित छात्र-छात्राक नाप आ आकारक आकलन संबंधी काज मे सहयोग करबाक लेल संबंधित डीपीएम आ बीपीएम कें आवश्यक निर्देश देथि। ओतहि शिक्षा विभागक दिस सं संबंधित जिलाक जिला कार्यक्रम पदाधिकारी (माध्यमिक शिक्षा) आ प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी सेहो एहि काज मे उपस्थित रहताह। पत्रक संग आदर्श विद्यालय सभ मे नामांकित छात्र-छात्राक संख्याक सूची सेहो संलग्न कएल गेल अछि।

# विद्यालय सभक निरीक्षण मे डीएम देलनि सुधारक कड़गर निर्देश

**सहरसा, समदिया**



जिला मे विद्यालयी शिक्षाक गुणवत्ता मे सुधार आ अनुशासित शैक्षणिक वातावरण सुनिश्चित करबाक लेल जिलाधिकारी दीपेश कुमार सिमरी बख्तियारपुरक उच्च विद्यालय तथा सलखुआ प्रखंडक उत्क्रमित उच्च माध्यमिक विद्यालय उटेसराक सघन निरीक्षण केलनि। एहि दौरान ओ कक्षा, स्मार्ट क्लास, आईसीटीप्रयोगशाला, प्रयोगशाला आ अन्य आधारभूत सुविधाक जायजा लेलनि। संगहि विद्यार्थी सभ सं संवाद कएहुनकर विषयगत ज्ञानक जानकारी सेहो लेलनि। डीएम विद्यार्थी सभ कें परीक्षा मे नीक अंक प्राप्त करबाक संग तार्किक सोच, आत्मविश्वास आ पैघ लक्ष्य निर्धारित करबाक लेल प्रेरित केलनि। ओ विद्यालय सभ मे शत-प्रतिशत छात्र उपस्थिति सुनिश्चित करबाक, नियमित अभिभावक-शिक्षक बैसार (पीटीएम) करबाक, कक्षा 9 आ तकरा सं ऊपर एनसीईआरटी आधारित शिक्षण करबाक तथा स्मार्ट क्लासआ आईसीटी संसाधनक प्रभावी उपयोग करबाक निर्देश देलनि। प्रतिदिन आखरी घंटीक बाद खेलकूदक गतिविधि संचालित करबाक लेल सेहो कहलनि। निरीक्षणक दौरान भेटल कमी कें लए कए डीएम उच्चविद्यालय सिमरी बख्तियारपुरक अंग्रेजी शिक्षक सरोज कुमार आ उटेसरा विद्यालयक अंग्रेजी शिक्षकराहुल कुमार दुलारे सं स्पष्टीकरण मंगौलनि। दुनू विद्यालयक प्रधानाध्यापक सभ सं सेहो देल गेलनिर्देशक अनुपालन मे शिथिलता बरतला पर जवाब-तलब कएल गेल। सिमरी बख्तियारपुर विद्यालयक भवनक रंग-रोगनक गुणवत्ता असंतोषजनक भेटलापर पुनः रंग-रोगन करबाक निर्देश देल गेल। प्रयोगशाला मे प्रकाशक व्यवस्था आ साफ-सफाई कें सेहो तत्काल दुरुस्त करबाक लेल कहल गेल।

# ठाकुरबाड़ीक विकास लेल नगर निगमक कतेको योजना प्रस्तावित : बैन प्रिया

## ठाकुरबाड़ी मे तीन दिवसीय कृष्ण जन्माष्टमी महोत्सव शुरू

**सहरसा, समदिया**



शहरक वनगांव रोड स्थित मसोमात पोखरि ठाकुरबाड़ी परिसर मे शुक्रक सांझ तीन दिवसीय कृष्ण जन्माष्टमी महोत्सवक शुभारंभ भेल। नगर निगमक महापौर बैन प्रिया आ सदर एसडीओ श्रेयांश तिवारीसंयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित कए महोत्सवक उद्घाटन केलनि। कार्यक्रमक अध्यक्षता पूर्व पार्षद श्यामजायसवाल केलनि। मेला समितिक सदस्य सभ अतिथि सभक मिथिलाक परंपरा अनुसार पाग, चादर आ पुष्पगुच्छ दए स्वागत केलनि। महापौर बैन प्रिया कहलनि जे जन्माष्टमी भगवान श्रीकृष्णक उपासना संग हुनकर जीवन-संदेश कें आत्मसात करबाक अवसर अछि। श्रीकृष्ण धर्मक मार्ग पर चलबाक, कर्म करैत रहबाक आ सत्यक साथ देबाक संदेश देने छथि। गीता मे देल गेल निष्काम कर्मक संदेशक प्रासंगिकता आइयो बनल अछि। ठाकुरबाड़ीक धार्मिक आ ऐतिहासिक महत्व पर प्रकाश दैत महापौर कहलनि जे परिसरक विकास लेलनगर निगमक दिस सं कतेको योजना प्रस्तावित अछि। एहि मे मुख्य सड़क, पहुंच पथ, मंदिरक जीर्णोद्धार आ सीढ़ी निर्माण सहित अन्य कार्य सम्मिलित अछि। सदर एसडीओ श्रेयांश तिवारी कहलनि जे ठाकुरबाड़ीपरिसरक जमीनक मापी कराओल जायत। अतिक्रमण भेटलापर नियमानुसार कारबाइ कए परिसर केंअतिक्रमणमुक्त कराओल जायत। प्रशासन धार्मिक स्थल सभक विकास मे आवश्यक सहयोग करत। मौका पर भाजपा जिलाध्यक्ष साजन शर्मा, सुरजीत सिंह, रंजीत स्वर्णकार, नवीन राय, अमरजीत यादव सहितसमितिक सदस्य आ पैघ संख्या मे श्रद्धालु उपस्थित छलाह। कार्यक्रमक संचालन बजरंग गुप्ता केलनि।

# बिहरा पुलिसक पैघ कारबाइ, चोरीक चारि मोटरसाइकिल बरामद

**सहरसा, समदिया**



पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहागक निर्देशानुसार जिला मे अपराध नियंत्रण, वाहन चोरीक घटना पर रोकथाम आ चोरीक वाहन बरामदगी लेल लगातार विशेष अभियान चलाओल जा रहल अछि। एहि क्रम मे बिहरा थाना पुलिस कें वाहन जांच, गश्ती आ छापामारीक क्रम मे गुप्त सूचना भेटल जे सतर सिमराहा वार्डसंख्या-05 निवासी रामचंद्र कुमार, पिता-बिकन यादव आ नीतीश कुमार, पिता-राजेंद्र यादव अपन अन्य सहयोगी सभक संग मिलि मोटरसाइकिल चोरी कए ओकर खरीद-बिक्रीक काज करैत अछि। सूचना सत्यापित करबाक बाद त्वरित कारबाइ करैत दुनू कें पकड़ल जा सकैत छल। सूचनाक जानकारी वरीय अधिकारी कें दैत आवश्यक कारबाइ लेल बिहरा थाना पुलिसक दल सतर सिमराहा वार्ड संख्या-05 स्थित दुनूक घर पर विधिवत तलाशी लेलनि। तलाशीक क्रम मे रामचंद्र कुमारक घर सं तीनटा मोटरसाइकिल आ नीतीश कुमारक घर सं एकटा मोटरसाइकिल, कुल चारिटा मोटरसाइकिल बरामद कएल गेल। बरामद मोटरसाइकिलक संबंध मे पुलिस संबंधित परिजन सं स्वामित्व आ वैधकागजात प्रस्तुत करबाक लेल कहलनि, मुदा हुनका सभ द्वारा कोनो वैध कागजात प्रस्तुत नहि कएल गेल। तकर बाद एहि मामिला मे बिहरा थाना कांड संख्या-299/2026 केर अंतर्गत सुसंगत धारा मे प्राथमिकी दर्ज कए आगांक अनुसंधानक कारबाइ कएल जा रहल अछि। पुलिस बरामद वाहन सभक संबंधमे विस्तृत जांच कए रहल अछि। छापामारी दल मे पुलिस अवर निरीक्षक-सह-थानाध्यक्ष संजय कुमारसत्यार्थी, बिहरा थाना, पुलिस अवर निरीक्षक राजू कुमार, बिहरा थाना, सहायक पुलिस अवर निरीक्षकधनंजय कुमार, बिहरा थाना आ सशस्त्र बल, बिहरा थाना शामिल छलाह।

# अमर शहीद बाबू जगदेव प्रसादक बलिदान दिवस पर रक्तदान आ श्रद्धांजलि

**सीतामढ़ी, समदिया**




गरीब, शोषित आ वंचित वर्गक मसीहा भारत लेनिन अमर शहीद बाबू जगदेव प्रसादक शहादत दिवस 5 सितंबर कें मनाओल गेल। एहि पावन अवसर पर सम्राट अशोक क्लब, जिला इकाई सीतामढ़ीक सभ साथी आ कार्यकर्ता सभक दिस सं राजेंद्र भवन, रेडक्रॉस सीतामढ़ी मे रक्तदान शिविरक आयोजन कएल गेल। एहि दौरान 20 सं बेसी लोक रक्तदान कए मानव सेवा आ लोक कल्याणक संदेश देलनि। संगहि बाबू जगदेव प्रसादक तैलचित्र पर माल्यार्पण कए हुनका भावभीनी श्रद्धांजलि अर्पित कएल गेल। एहि अवसर पर रेडक्रॉसक अध्यक्ष डॉ. एम. ठाकुर, ब्लड बैंक केंद्रक सह-प्रशासक अभय प्रसाद, कोषाध्यक्ष राजेश महतो, सम्राट अशोक क्लबक महासचिव धनंजय कुमार मौर्य, प्रदेश सांस्कृतिक मंत्री राजेश मौर्य, प्रदेशकार्यकारिणी मंत्री सत्यनारायण सिंह, बथनाहा प्रखंड अध्यक्ष वीरेंद्र कुमार, डुमरा प्रखंड अध्यक्ष डॉ. मनीष कुमार, जिला मीडिया प्रभारी मधुसूदन शाक्य, जिला कोषाध्यक्ष श्रवण कुमार मौर्य सहित करीब 100 सम्राटअशोक क्लबक साथी उपस्थित छलाह। बाबू जगदेव प्रसादक जीवन शोषित, वंचित आ गरीब लोकक अधिकारक लेल संघर्ष करबा मे समर्पित रहल। हुनकर प्रसिद्ध नारा छल—हुनकर विचार छल जे समाजक कमजोर, गरीब आ वंचित वर्गक लोकक संग अन्याय नहि हो आ हुनका सभ कें हुनकर अधिकार आ सम्मान भेटय। ओ जीवनभर एहि उद्देश्यक लेल संघर्ष केलनि आ अपन जीवन समाजक लेल समर्पित कए देलनि। सम्राट अशोक क्लब, जिला इकाई सीतामढ़ी हुनकर विचार आ मानव सेवाक भावनाक आगू बढ़बैत हुनकर शहादत दिवस पर रक्तदान कए हुनका सच्ची श्रद्धांजलि अर्पित कएलक।

# नियोजन मेला मे 800 अभ्यर्थीक चयन, 4 हजार रिक्त पद पर भेल भर्ती प्रक्रिया



**सहरसा, समदिया**

युवा, रोजगार आ कौशल विकास विभाग तथा अवर प्रादेशिक नियोजनालय, सहरसाक तत्वावधान मेशनिदिन जिला स्कूल मैदान मे एक दिवसीय जिला स्तरीय नियोजन-सह-व्यावसायिक मार्गदर्शन मेला-2026क आयोजन कएल गेल। मेलाक उद्घाटन जिलाधिकारी दीपेश कुमार दीप प्रज्वलित कए केलनि। एहि अवसर पर जिलाधिकारी कहलनि जे नियोजन मेला जिलाक युवा सभ कें हुनकर शैक्षणिक योग्यता,कौशल आ रुचिक अनुरूप रोजगार उपलब्ध करेबाक दिशा मे महत्वपूर्ण पहल अछि। ओ युवा सभ सं एहि तरहक रोजगार मेला मे सक्रिय रूप सं भाग लए उपलब्ध अवसरक लाभ उठेबाक अपील केलनि। मेला मे कुल 35 कंपनी पंजीकरण करौने छल, जाहि मे 27 कंपनी सहभागिता केलक। सहभागी कंपनी सभक दिस सं विभिन्न पदक लेल करीब 4 हजार रिक्ति उपलब्ध कराओल गेल छल। अभ्यर्थी सभक योग्यता आ कौशलक अनुरूप चयन प्रक्रिया ऑनलाइन माध्यम सं संचालित कएल गेल। एहि प्रक्रिया मे करीब 800अभ्यर्थीक चयन कएल गेल। मेला मे रोजगारक अवसरक संग अभ्यर्थी सभ कें विभिन्न व्यावसायिक क्षेत्र,कौशल विकास आ करियर निर्माण सं संबंधित मार्गदर्शन सेहो देल गेल। जिला प्रशासन आनियोजनालयक दिस सं अभ्यर्थी सभक सुविधा लेल आवश्यक व्यवस्था कएल गेल छल। मौका पर कोसीप्रमंडलक उपनिदेशक (नियोजन) निशांत कुमार सिन्हा, सहायक निदेशक (नियोजन) अमित कुमार सहित अन्य पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# जनकपुरधाम मे धूमधाम सं मनाओल गेल बाबा गणिनाथ गोविंद भगवानक पूजा



**जनकपुरधाम, समदिया**

नेपालक पलवैया धामक नाम सं प्रसिद्ध जनकपुरधाम उपमहानगरपालिका वार्ड नंबर-23, बेला स्थित दूधमती नदीक तट पर अवस्थित श्री बाबा गणिनाथ गोविंद भगवानक मंदिर मे गणिनाथ गोविंदभगवानक पूजा धूमधाम सं मनाओल गेल। शुक्रदिन मंदिर परिसर मे अष्टयामक आयोजन कएल गेल छल। शनिदिन दिनक 11 बजे विशाल शोभायात्रा निकालल गेल। राघवेंद्र साहक अगुआई मे श्री गणिनाथ गोविंद भगवानक प्रतिमा कें सुसज्जित रथ पर राखि दर्जनों वाहनक काफिलाक संग नगर भ्रमण कराओल गेल। शोभायात्रा मे गाज-बाजाक संग सैकड़ो महिला-पुरुष सहभागी भेलाह। बाट मे विभिन्न स्थान पर स्थानीय लोक पुष्पवर्षा कए शोभायात्राकस्वागत केलनि। गणिनाथ गोविंद भगवानक पूजा मे नेपालक संग भारतक सीमावर्ती क्षेत्र सं सेहो पैघ संख्या मे श्रद्धालु सहभागी भेलाह। एहि अवसर पर भव्य मेला सेहो लागल छल। दूर-दराज सं आएल श्रद्धालु सभक लेल पूजा समितिक दिस सं निःशुल्क भोजनक व्यवस्था कएल गेल छल। गणिनाथ गोविंद भगवान आ खेमा सतीक जीवन पर आधारित लोकगाथा (झूमर) गायक सभ द्वारा प्रस्तुत कएल गेल, जाहि सं पूरा वातावरण भक्तिमय बनि गेल। पूजोत्सवक अवसर पर सांस्कृतिक कार्यक्रमक आयोजन सेहोकएल गेल छल। एहि तरहें गंगासागरक तट पर कानू हलवाई समाजक दिस सं गणिनाथ गोविंद मंदिर मे सेहो गणिनाथ गोविंद भगवानक पूजाक आयोजन धूमधाम सं कएल गेल।

# रेल संपत्तिक चोरी मामिला मे तीन गिरफ्तार, अनाधिकृत प्रवेशक आरोप मे एक पकड़ल गेल



**सहरसा, समदिया**

रेल संपत्तिक चोरी, चोरीक संपत्तिक खरीद-बिक्री आ रेल क्षेत्र मे अनधिकृत प्रवेशक विरुद्ध रेलवे सुरक्षा बल (रेसुब) द्वारा चलाओल जा रहल अभियानक अंतर्गत पैघ कारबाइ कएल गेल। पोस्ट कमांडर रेसुब धनंजय कुमारक नेतृत्व मे गठित टीम चारि लोक कें गिरफ्तार केलक। रेसुब टीम मे उपनिरीक्षक सुजीत कुमार मिश्र, सहायक उपनिरीक्षक महेश कुमार सिंह, प्रधान आरक्षी वीरेंद्र कुमार, आरक्षी निखिल कुमार तथा अपराध आसूचना शाखाक सहायक उपनिरीक्षक आकाश रंजन कुमार आ प्रधान आरक्षी देव शंकर कुमार शामिल छलाह। कारबाइक दौरान सदरे आलम (19), पिता अयूब खान, निवासी रानीबाग नहर पर, वार्ड नंबर-15, थाना सिमरी बख्तियारपुर, जिला सहरसा कें ट्रेन संख्या 11401/02 सं चोरी कएल गेल नल आ सहरसा यार्ड सं चोरी कएल गेल रेल संपत्तिक संग गिरफ्तार कएल गेल। पूछताछ मे भेटल जानकारीक आधार पर टीम चोरीक रेल संपत्ति खरीदनिहार कबाड़ दोकानदारक दोकान पर छापामारी केलक। सिमरी बख्तियारपुरक रानीबाग-सिमरी रोड स्थित राज ट्रेडर्स कबाड़ दोकान सं दोकानदारक पुत्र प्रशांत राज, पितादिलीप कुमार, निवासी चकभारो, वार्ड नंबर-06, थाना सिमरी बख्तियारपुर कें चोरीक रेल संपत्तिक संग गिरफ्तार कएल गेल। तकर बाद गुप्त सूचनाक आधार पर रेल मालगाड़ी सं बुक कएल गेल संपत्तिक चोरीक मामिला मे फरार चलि रहल रामा उर्फ गाबा उर्फ मिथुन कुमार, निवासी बटराहा, थाना सदर, सहरसा कें सेहो गिरफ्तार कएल गेल। ओतहि रेल क्षेत्र मे अनधिकृत प्रवेशक मामिला मे संजय कुमार, निवासी बटराहा, थाना सदर, सहरसा कें गिरफ्तार कएल गेल। गिरफ्तार चारू आरोपित कें आगांक कानूनी कारबाइ लेल माननीय रेल न्यायालय, खगड़ियाक समक्ष प्रस्तुत कएल गेल। न्यायालयक आदेश पर सदरे आलम,रामा उर्फ गाबा उर्फ मिथुन कुमार आ प्रशांत राज कें न्यायिक हिरासत मे खगड़िया जेल पठा देल गेल। संजय कुमारक संबंध मे न्यायालय द्वारा आगांक विधिक कारबाइ कएल गेल।

# 8 सितंबर कें बाल श्रम मुक्त घुरघुरा हनुमाननगर पंचायतक होयत घोषणा

**सीतामढ़ी, समदिया**

## डॉ. सुबोध कुमार महतो पंचायतक पहल कें सामाजिक बदलावक दिशा मे महत्वपूर्ण डेग बतौलनि



जिलाक सोनबरसा प्रखंड अंतर्गत घुरघुरा हनुमाननगर पंचायत मे बाल श्रम उन्मूलनक दिशा मे पंचायत, प्रशासन, पुलिस, श्रम संसाधन एवं प्रवासी श्रमिक कल्याण विभाग, पंचायत स्तरीय बाल कल्याण एवंसंरक्षण समिति, अदिथी कवच परियोजना तथा स्थानीय समुदाय द्वारा संयुक्त रूप सं कएल गेल प्रयास सं महत्वपूर्ण उपलब्धि हासिल भेल अछि। एहि क्रम मे पंचायत कें 8 सितंबर कें बाल श्रम मुक्त घोषित करबाक लेल विशेष कार्यक्रमक आयोजनक तैयारी कएल जा रहल अछि। बाल श्रमक विरुद्ध पंचायत स्तर पर लगातार जागरूकता अभियान, जनसंपर्क, बच्चा आ अभिभावक सभक बीच संवाद तथा संबंधित विभाग सभक संग समन्वय कें एहि पहलिक महत्वपूर्ण कड़ी मानल जा रहल अछि। कार्यक्रम कें सफल बनेबाक लेल पंचायतक मुखिया नुशरत जहां, सामाजिक कार्यकर्ता मो. कमर अख्तर आ ज्याउद्दीन उर्फ तन्नु लगातार जनसंपर्क कए रहल छथि। संगहि प्रखंड आ जिला स्तरक पदाधिकारी, प्रबुद्ध नागरिक आ अन्य हितधारक सभ कें कार्यक्रम मे शामिल होयबाक लेल आमंत्रित कएल जा रहल अछि। बाल श्रमक विरुद्ध पंचायतक एहि अनूठा पहलिक प्रशंसा करैत डॉ. सुबोध कुमार महतो कहलनि, घुरघुरा हनुमाननगर पंचायत कें बाल श्रम मुक्त बनेबाक दिशा मे कएल जा रहल सामूहिक प्रयास सामाजिक परिवर्तनक महत्वपूर्ण उदाहरण अछि। बाल श्रमक रोकथाम मात्र सरकारी तंत्रक जिम्मेदारी नहि, बल्कि समाजक प्रत्येक व्यक्तिक साझा जिम्मेदारी अछि। पंचायतवासी सभक सक्रिय भागीदारी एहि अभियान कें स्थायी सफलता प्रदान करत। सामाजिक कार्यकर्ता मो. कमर अख्तर कहलनि, बाल श्रम मुक्त पंचायतक लक्ष्य मात्र एकटा घोषणाधरि सीमित नहि रहबाक चाही, बल्कि प्रत्येक बच्चा कें शिक्षा, सुरक्षा आ विकासक अवसर सुनिश्चित करबाक सतत संकल्प होयबाक चाही। पंचायतवासी, जनप्रतिनिधि आ प्रशासनक सहयोग सं घुरघुरा हनुमाननगर पंचायत एहि दिशा मे उल्लेखनीय डेग बढ़ौने अछि। हमर प्रयास रहत जे पंचायत मे कोनो बच्चा श्रम करबाक लेल मजबूर नहि हो आ सभ बच्चा शिक्षा सं जुड़ल रहय। अदिथीक कार्यक्रम प्रबंधक रोहित सिंह कहलनि, घुरघुरा हनुमाननगर पंचायतक बालश्रम मुक्त पंचायत बनेबाक दिशा मे आगू बढ़ब सामूहिक इच्छाशक्ति आ समुदायिक भागीदारीक परिणाम अछि। बाल श्रमक विरुद्ध कारबाइक संग-संग बच्चा सभ कें शिक्षा, संरक्षण आ हुनकर अधिकार सं जोड़ब सेहो ओतबे आवश्यक अछि। ई पहल अन्य पंचायत सभ लेल सेहो प्रेरणादायक बनि सकैत अछि। आयोजक सभ कहलनि जे 8 सितंबरक कार्यक्रम मात्र औपचारिक घोषणा नहि, बल्कि बाल श्रमक विरुद्ध पंचायत स्तर पर सामूहिक संकल्प कें मजबूत करबाक अवसर होयत। पंचायत कें बाल श्रम मुक्त बनौने रखबाक लेल आगू सेहो लगातार निगरानी, जनजागरूकता, बच्चा सभक शिक्षा सं जुड़ाव तथा संबंधित विभाग सभक संग समन्वय जारी रखबाक पर जोर देल जायत।

# शिक्षक दिवस पर उच्च विद्यालय चैनपुरक प्रधानाध्यापक कें भेटल प्रशस्ति-पत्र

**सहरसा, समदिया**



शिक्षक दिवस-2026क अवसर पर विद्यालय संचालन आ अन्य विद्यालयी कार्य सभक समय पर आउत्कृष्ट ढंग सं निष्पादन करबाक लेल उच्च विद्यालय चैनपुरक प्रभारी प्रधानाध्यापक राजकुमार कें सम्मानित कएल गेल। प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी, कहराक कार्यालय आदेशक आलोक मे आयोजित कार्यक्रम मे बीडीओ अभिलाषा पाठक हुनका प्रशस्ति-पत्र प्रदान कए हुनकर कार्यक सराहना केलनि। एहि अवसर परबीडीओ कहलनि जे विद्यालयक शैक्षणिक आ प्रशासनिक कार्य सभक नीक ढंग सं संचालन करबा मे प्रधानाध्यापक राजकुमारक नेतृत्व सराहनीय रहल अछि। हुनकर प्रयास सं विद्यालय मे कार्य सभक समयबद्ध निष्पादन आ नीक शैक्षणिक वातावरण कें बढ़ावा भेटल अछि। प्रधानाध्यापक राजकुमारसम्मान लेल आभार व्यक्त करैत कहलनि जे विद्यालयक प्रगति सामूहिक प्रयासक परिणाम अछि। ओ शिक्षक सभ आ कर्मचारी सभक सहयोग कें महत्वपूर्ण बतौलनि। हुनकर नीक नेतृत्व आ कार्यशैली कें लए कए विद्यालयक विभिन्न शिक्षक, पुस्तकालयाध्यक्ष राजीव कुमार सहित अन्य कर्मचारी सभ हर्ष व्यक्त केलनि। शिक्षक सभ कहलनि जे ई सम्मान विद्यालय परिवार लेल गौरवक विषय अछि आ एहि सं सभकें आरो नीक काज करबाक प्रेरणा भेटत।

# बाढ़िक मूल्य : नेपाल क्षतिपूर्ति कोना पाबि सकैत अछि?

राम गुरुंग

बाढ़ि सं कतेक रुपैयाक क्षति भेल, ई पूछब सहज अछि। कतेक घर ढहल, कतेक सड़क-पुल बहि गेल, कतेक विद्युत परियोजना क्षतिग्रस्त भेल, कतेक हेक्टेयर भूमि डुबल आ पुनर्निर्माण मे कतेक धन लागत - एहि सभक हिसाब कएल जा सकैत अछि। मुदा भोटेकोशीक पछिला विपत्ति नेपालक समक्ष एकटा बेसी गहींर प्रश्न ठाढ़ केने अछि। एहि विपत्ति सं मनुष्यक जीवन, परिवारक भविष्य, सामाजिक संबंध, संस्कृति, भूगोल, पर्यावरण, जीविकोपार्जन आ राष्ट्रीय अर्थव्यवस्थाक जे समग्र क्षति भेल, तकर मूल्यांकन कोना कएल जाए? ई सहज नहि अछि, मुदा एकरा इग्नोर सेहो नहि कएल जा सकैत अछि। किछुए दिन मे शताब्दी सं बसल बस्ती उजड़ि गेल, पीढ़ी-दर-पीढ़ी संचित संपत्ति नष्ट भए गेल आ परिवारक सदस्य लापता भए गेलाह। स्थानीय बजार आ जीविकाक आधार ध्वस्त भेल। कतेको परिवार घरक संग अपन सामाजिक परिवेश, स्मृति आ भविष्यक आर्थिक सुरक्षा सेहो गमा देलक। तें भोटेकोशी बाढ़िक मूल्य मात्र सीमेंट, लोहा, काठ आ श्रमक लागति जोड़ि कए नहि निकालल जा सकैत अछि। सामाजिक, सांस्कृतिक, पर्यावरणीय आ मानवीय क्षतिक सेहो समुचित लेखा-जोखा आवश्यक अछि। मुदा एहि बहस मे वैज्ञानिक ईमानदारी सेहो आवश्यक अछि। भोटेकोशी विपत्तिक तत्काल कारण ग्लेशियर अथवा चट्टान खसबाक घटना सहित प्राकृतिक प्रक्रिया सं जुड़ल रहल हो, तकर अनुसंधान चलि रहल अछि। वैज्ञानिक प्रमाण पूरा भेलाक पहिने एकरा पूर्णतः जलवायु परिवर्तनक परिणाम कहब उचित नहि होयत। तथापि जलवायु परिवर्तनक संभावित योगदान पर प्रश्न उठेनाइ आवश्यक अछि। वैश्विक तापमान वृद्धि, हिमालयी क्षेत्र मे ग्लेशियर पिघलनाइ, वर्षाक स्वरूप मे परिवर्तन आ चरम मौसमी घटनाक तीव्रता सं संबंधित खतराक वैज्ञानिक प्रमाण निरंतर बढ़ि रहल अछि। तें प्रश्न मात्र ई नहि जे बाढ़ि जलवायु परिवर्तनक कारण भेल कि नहि, बल्कि ई सेहो जे जलवायु परिवर्तन एहि प्रकारक खतराक संभाव्यता अथवा तीव्रता कें कतेक बढ़ौलक। एहि ठाम सं लॉस एंड डैमेज अर्थात क्षति आ नोकसानक बहस आरंभ होइत अछि। नेपाल एखन धरि विपत्तिक मूल्यांकन मुख्यतः राहति, भौतिक क्षति आ पुनर्निर्माणक आवश्यकताक आधार पर करैत आएल अछि। मुदा जलवायु परिवर्तनक युग मे विपत्तिक अर्थ एहि सं बेसी व्यापक अछि। एकटा विपत्ति सं संपत्ति नष्ट होयबाक संग उत्पादन रुकि सकैत अछि, रोजगार समाप्त भए सकैत अछि, परिवारक आय घटि सकैत अछि, बच्चा सभक पढ़ाइ प्रभावित भए सकैत अछि आ लोक विस्थापित भए सकैत छथि। स्थानीय अर्थव्यवस्था आ सामाजिक संरचना वर्षो धरि कमजोर रहि सकैत अछि। नेपालक ऐतिहासिक कार्बन उत्सर्जन औद्योगिक आ उच्च-उत्सर्जन कएनिहार देश सभक तुलना मे अत्यंत न्यून रहल



अछि। उलटे वन संरक्षण, सामुदायिक वन व्यवस्थापन आ प्राकृतिक स्रोतक संरक्षण द्वारा नेपाल वैश्विक पर्यावरणीय संतुलन मे योगदान दैत रहल अछि। मुदा हिमालयी भूगोल, गरीबी, कमजोर पूवार्धार आ भौगोलिक संवेदनशीलताक कारण जलवायु परिवर्तनक खतरा नेपाल असमान रूप सं भोगि रहल अछि।

**क्षति आ नोकसानक विस्तृत क्षेत्र :** क्षतिक परिभाषा पहिने विस्तृत करबाक आवश्यकता अछि। घर, भवन, सड़क, पुल, विद्युत परियोजना, विद्यालय, स्वास्थ्य संस्था, खेत आ सिंचाइ-सन भौतिक संपत्तिक विनाश प्रत्यक्ष क्षति अछि। मुदा उत्पादन रुकनाइ, व्यापार अवरुद्ध भेनाइ, यातायात आ ऊर्जा आपूर्ति बाधित भेनाइ, रोजगार आ आय गमेनाइ तथा सरकारी राजस्व घटब अप्रत्यक्ष आर्थिक क्षति अछि। उदाहरण लेल, कोनो जलविद्युत परियोजना किछु मास बंद रहल तं क्षति मात्र मरम्मत लागति धरि सीमित नहि रहत। ओहि अवधि मे नहि उत्पादित बिजली, गमल आय आ संबंधित आर्थिक गतिविधिक कमी सेहो क्षतिक भाग होयत। जीविकोपार्जनक क्षति सेहो महत्वपूर्ण अछि। किसानक खेती, श्रमिकक रोजगार, छोट व्यवसाय, पशुपालन, पर्यटन आ स्थानीय व्यापारक नाशक प्रभाव मात्र तत्कालीन आमदनी धरि सीमित नहि रहैत अछि। घर बहि गेल तं घर बनयबाक लागतिक संग आगामी वर्ष सभ मे गमायबला आय, बचत आ आर्थिक सुरक्षा सेहो जोड़ल जाए। मानवीय क्षति - मृत्यु, लापता भेनाइ, चोट, विस्थापन, परिवारक विखंडन, मानसिक पीड़ा आ दीर्घकालीन असुरक्षाक कोनो सामान्य आर्थिक सूचक सं पूर्णतः मूल्यांकन नहि कएल जा सकैत अछि। आर्थिक मूल्यांकन मात्र एकटा उपकरण अछि, मानवीय जीवनक वास्तविक मूल्य नहि। विपत्ति सं सामाजिक संबंध सेहो टूटि सकैत अछि। परिवार विस्थापित भेला, गाम खाली भेला आ स्थानीय संस्था कमजोर पड़ला सं सामाजिक पूंजीक क्षय होइत अछि। पड़ोसीक सहयोग, सामुदायिक विश्वास आ पीढ़ी-दर-पीढ़ी बनल संबंध नष्ट भए सकैत अछि। एहि प्रकारें सांस्कृतिक क्षति सेहो महत्वपूर्ण अछि। मंदिर, गुंबद, धार्मिक स्थल, पुरान बस्ती, स्थानीय स्मृति, परंपरा, मौखिक इतिहास आ पीढ़ी सं हस्तांतरित ज्ञान नष्ट भेलापर मात्र पुनर्निर्माण सं ओकर पुरान स्वरूप वापस नहि अबैत अछि। किछु क्षतिक मौद्रिक मूल्यांकन संभव अछि, मुदा किछु अमूल्य सेहो होइत अछि। भूगोल आ पर्यावरणक क्षति सेहो अलग सं देखबाक चाही। नदीक धार बदलनाइ, भूमि कटान, खेतीयोग्य भूमि हराएब, बस्ती विस्थापित भेनाइ, वन, जैव-विविधता, माटि, जलाधार आ पारिस्थितिक तंत्रक क्षति दीर्घकालीन प्रभाव छोड़ि सकैत अछि। सब सं महत्वपूर्ण अछि भविष्यक क्षति। आइ पुल बहि गेल तं ओकर पुनर्निर्माण लागतिक संग आगामी वर्ष सभ मे व्यापार, शिक्षा, स्वास्थ्य, पर्यटन, रोजगार आ राजस्व पर पड़निहार प्रभाव सेहो मूल्यांकन मे अयबाक चाही।

**जलवायु परिवर्तन आ जिम्मेदारी :** नेपाल कें पहिने अपन क्षतिक वैज्ञानिक अभिलेख तैयार करबाक चाही - कतेक भौतिक, आर्थिक, मानवीय, सामाजिक, सांस्कृतिक आ पर्यावरणीय क्षति भेल आ भविष्य मे एकर प्रभाव कतेक होयत। तकर बाद वैज्ञानिक अध्ययन सं ई निर्धारित करबाक चाही जे एहि क्षतिक कतेक हिस्सा मानवजन्य जलवायु परिवर्तन सं संबंधित अछि। मनमाना ढंग सं 20 अथवा 30 प्रतिशत क्षति कें जलवायु परिवर्तनक परिणाम कहब वैज्ञानिक नहि होयत। वैज्ञानिक एट्रिब्यूशन अध्ययन सं प्राप्त प्रमाण आ अनिश्चितताक सीमा कें आधार बनयबाक चाही। पाकिस्तानक 2022क बाढ़िक बाद विश्व बैंक सहितक संस्थाक मूल्यांकन मे प्रत्यक्ष क्षति, आर्थिक नोकसान आ पुनर्प्राप्ति तथा पुनर्निर्माणक आवश्यकताक अलग-अलग हिसाब कएल गेल छल। नेपाल सेहो भोटेकोशीक मूल्यांकन मे एहन वैज्ञानिक विभाजन अपना सकैत अछि। अंतरराष्ट्रीय स्तर पर जलवायु परिवर्तन सं प्रभावित देश सभक प्रत्यक्ष क्षतिपूर्ति पाबि गेलाक स्थापित परंपरा एखन सीमित अछि। मुदा कानूनी बहस आगू बढ़ि रहल अछि। अंतरराष्ट्रीय न्यायालयक 2025केर जलवायु संबंधी परामर्शात्मक राय एहि विषय मे राज्य सभक दायित्वक महत्वपूर्ण कानूनी आधार प्रस्तुत केने अछि।

**नेपालक आगूक बाट :** नेपाल कें मात्र ई नहि कहबाक चाही जे हमरा एतेक अरब रुपैया चाही। पहिने वैज्ञानिक ढंग सं प्रमाणित करबाक चाही जे वास्तविक क्षति कतेक भेल, भविष्यक नोकसान कतेक होयत आ जलवायु परिवर्तनक योगदान कतेक अछि। एहि काज मे जलवायु वैज्ञानिक, हिमनद विशेषज्ञ, अभियंता, अर्थशास्त्री, समाजशास्त्री, भूगोलविद्, पर्यावरणविद्, मानवशास्त्री, सांस्कृतिक संपदा विशेषज्ञ आ कानूनी विशेषज्ञ सभ कें एक संग काज करबाक चाही। भोटेकोशी कें मात्र एकटा प्राकृतिक आपदा मानि बिसरा देब उचित नहि होयत। एकरा नेपालक लॉस एंड डैमेजक वैज्ञानिक, सामाजिक, आर्थिक आ कानूनी बहसक आधार बनेबाक चाही। नेपाल कें आब मात्र राहति नहि, न्यायक प्रश्न उठेबाक अछि। अपन क्षतिक वास्तविक मूल्य स्वयं प्रमाणित करब एहि न्याय-यात्राक पहिल आधार होयत।

# नेपाल लेल संकट सं बाहर निकलबाक बाट ओकर लोक आ प्रवासी सभ मे अछि

ऋषि गुप्ता

न्यूयॉर्क मे संयुक्त राष्ट्र महासभाक 81म अधिवेशनक शुरूआत भए रहल अछि। एहन समय मे खबरि अछि जे नेपालक प्रधानमंत्री बालेंद्र शाह पर संयुक्त राष्ट्र महासभा मे सम्मिलित होयबाक दबाव अछि। हुनका सं बाढ़िक बाद जलवायु न्यायक मुद्दा उठेबाक आ विश्व समुदाय सं सहायता मंगबाक अपेक्षा कएल जा रहल अछि। पछिला तीन दशक मे नेपाल राजनीतिक अस्थिरता, एक दशक धरि चलल गृहयुद्ध आ प्राकृतिक आपदा सन गंभीर संकट सभक सामना केने अछि। एहि निरंतर संकट सभक प्रभाव देशक विकास पर पड़ल अछि। आब प्रश्न अछि जे नेपाल एहि परिस्थिति सं बाहर कोना निकलत।

विनाशकारी बाढ़ि मे एखन धरि 1,300 सं बेसी लोकक मृत्यु भए चुकल अछि आ संख्या आरो बढ़बाक आशंका अछि। दुर्गम भू-भाग, सीमित आपातकालीन तैयारी आ कमजोर आर्थिक स्थितिक कारण खोज-बचावक काज कठिन बनल अछि। एहन समय मे संयुक्त राष्ट्रक मंच सं बालेन शाहक सुसंगठित संदेश महत्वपूर्ण भए सकैत अछि। ओ जेन-जी पीढ़ीक बढ़ैत प्रभाव, समावेशी लोकतंत्रक मांग, जलवायु परिवर्तन आ प्राकृतिक आपदाक प्रभावक मुद्दा विश्वक समक्ष राखि सकैत छथि। नेपाल स्थलरुद्ध देश होयबाक कारणें ओकर विशेष कठिनाइ पर चर्चा कएल जा सकैत अछि।

2025 मे अंतरिम प्रधानमंत्री सुशीला कार्की सेहो एहन दुविधा मे छलथि - संयुक्त राष्ट्र महासभा मे जा लोकतंत्रक संदेश देल जाए अथवा देश मे रहि हिंसक जेन-जी



आंदोलनक बाद कानून-व्यवस्था बहाल करबाक आ नव चुनाव कराबय पर ध्यान देल जाए। कार्की दोसर विकल्प चुनने छलथि। मुदा आब बालेन शाहक समक्ष आंतरिक चुनौतीक संग-संग एतेक पैघ बाढ़ि सं निपटबाक लेल विश्व समुदाय सं सहायता प्राप्त करबाक चुनौती सेहो अछि।

**लोक मे निवेश :** 1990क दशक नेपाल लेल महत्वपूर्ण रहल। 1990क जनआंदोलनक बाद 1996 मे एक दशक धरि चलल गृहयुद्ध शुरू भेल, जाहि कारण बहुतो लोक पश्चिम एशिया, दक्षिण-पूर्व एशिया आ ऑस्ट्रेलिया दिस रोजगारक तलाश मे पलायन कएलक। भारत दिस रोजगार लेल पलायन पहिनहि सं होइत रहल अछि। खुलल सीमा होयबाक कारण भारत जाए लेल वीजा अथवा पासपोर्टक आवश्यकता नहि पड़ैत अछि। मुदा तेसर देश दिस पलायनक प्रमुख कारण नीक रोजगार, स्थायी बसोबास आ आर्थिक भविष्यक तलाश रहल। पछिला तीन दशक मे नेपालक अर्थव्यवस्था मे विदेश सं आबय बला धन, अर्थात रेमिटेंस, केर महत्व बहुत बढ़ल अछि। खेती-आधारित अर्थव्यवस्था सं रेमिटेंस-आधारित अर्थव्यवस्था दिस नेपाल बढ़ल अछि। वित्तीय वर्ष 2025-26 मे रेमिटेंसक हिस्सा जीडीपीक लगभग 33.02 प्रतिशत रहबाक अनुमान अछि। रेमिटेंस नेपालक अर्थव्यवस्था मे लोकक महत्व बढ़ौलक, मुदा राज्य द्वारा अपन नागरिक सभ मे निवेश एखनहुं पर्याप्त नहि भेल अछि। राजनीतिक अस्थिरता आ 1996 सं 2006 धरि चलल माओवादी विद्रोह एकर प्रमुख कारण रहल। एहि विद्रोहक पाछां सामाजिक-आर्थिक असमानता, ग्रामीण गरीबी आ राजनीतिक अधिकार सं वंचित रहबाक भावना छल। वर्तमान संकट सं पलायन आरो बढ़ि सकैत अछि। रोजगारक अवसर घटला आ अर्थव्यवस्था कमजोर भेला पर विदेश जायब लोक लेल एकटा विकल्प बनि रहल अछि।

# शिक्षकक दायित्व पेशेवर आवश्यकताक अनुरूप होमक चाही

अरुण कुमार

नव पीढ़ी कें शिक्षा आ मार्गदर्शन दए राष्ट्र-निर्माण मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौनिहार शिक्षक आइ व्यवस्थाक मोहरा बनि कए रहि गेल छथि। हुनका एहन-एहन काज सौंपल जा रहल अछि, जे हुनकर मूल दायित्व आ भूमिका सं कोनो मेल नहि खाइत अछि। एक दिस बदलैत सामाजिक-सांस्कृतिक परिवेश मे शिक्षकक भूमिका निरंतर चुनौतीपूर्ण होइत गेल अछि, दोसर दिस हुनका अध्यापन-काज सं हटा गैर-शैक्षणिक कार्य मे लगा देल गेल अछि। एहि सं शिक्षकक छवि कें जे क्षति पहुंचल अछि, तकर भरपाइ करब सहज नहि अछि।

भारतीय समाज मे शिक्षक कें गुरुक दर्जा देल जाइत अछि। मुदा आजुक वास्तविक परिस्थिति एहि सम्मान सं मेल नहि खाइत अछि। वस्तुतः शिक्षकक दायित्व मात्र पाठ्यक्रम पूरा करेनाइ नहि अछि आ ने ओ बच्चा सभ कें परीक्षा रूपी वैतरणी पार करेनिहार मात्र छथि। अपन विषय आ विषय-वस्तुक ज्ञाता होयबाक संग-संग ओ बाल-मनोविज्ञानक सेहो जानकार होइत छथि। बच्चा सभक मन-मस्तिष्क मे उठैत उथल-पुथल कें बुझबाक लेल ओ अपन पेशेगत दक्षताक उपयोग करैत छथि। ज्ञानात्मक विकासक संग हुनकर भावनात्मक, नैतिक, सामाजिक, सांस्कृतिक आ शारीरिक विकासक लेल सेहो बाट प्रशस्त करैत छथि।

शिक्षक अपन एहि भूमिका पर ठाढ़ उतरथि, ताहि लेल उपयुक्त वातावरण तैयार करब सरकारी व्यवस्थाक महत्वपूर्ण दायित्व अछि। एहि मे सरकारी नीति, शिक्षा विभाग, विद्यालय प्रबंधन आ आवश्यक सुविधाक महत्वपूर्ण भूमिका रहैत अछि। सरकारी विद्यालयक बात करी तं शिक्षक विद्यार्थी सभ कें पढ़ेबाक



गतिविधि संचालित करबाक दक्ष व्यक्ति छथि, मुदा व्यवहार मे हुनका शिक्षा सं इतर कतेको काज पूरा करेनिहार सहज उपलब्ध कर्मचारी जकां देखल जाइत अछि। विभिन्न विभागक सर्वेक्षण, मतदाता सूची मे नाम जोड़ेनाइ, एसआईआर, जनगणना, ऑनलाइन पोर्टल पर विद्यार्थी सभक विवरण अपलोड करेनाइ तथा सरकारी योजना सभक लेल दस्तावेज तैयार आ सत्यापित करेनाइ सन काज मे शिक्षक सभ कें लगा देल जाइत अछि। विद्यालय मे मध्याह्न भोजन योजनाक लेल गैस सिलेंडर, तरकारी आ अन्य सामग्रीक खरीद सं लए कए सामग्रीक रख-रखाव, उपयोगक हिसाब-किताब आ विभिन्न पंजिका तैयार करबाक दायित्व सेहो शिक्षक कें देल जाइत अछि। विद्यार्थी सभ सं विभिन्न मद आ कोषक शुल्क प्राप्त करेनाइ आ ओकरा जमा करेनाइ सेहो हुनके करय पड़ैत अछि।

शिक्षक सभक ऊर्जा कें गैर-शैक्षणिक कार्य मे लगेबाक लेल मूलतः सरकारी व्यवस्था जिम्मेदार अछि। एकर परिणाम हुनकर पेशेगत दक्षताक ह्रासक रूप मे तं अबैत अछि, संगहि हुनका विभिन्न प्रकारक मानसिक तनाव सं सेहो गुजरय पड़ैत अछि। एसआईआरक प्रक्रिया मे कार्यरत शिक्षक सभक मानसिक तनावक कतेको बात सामने आएल अछि। स्वाभाविक अछि जे एकर प्रभाव विद्यार्थी सभक शिक्षापर सेहो पड़ल होयत। मुदा एहि विषय पर विस्तृत अध्ययनक आवश्यकता अछि। वास्तव मे शिक्षक कें हुनकर मूल काज सं हटा दोसर कार्य मे लगा देनाइ अन्याय सं कम नहि अछि। बहुतो शिक्षक एहन परिस्थितिक पीड़ा अनुभव करैत छथि। व्यवस्था लगातार गैर-शैक्षणिक कार्यक बोझ हुनका पर लादि हुनकर पेशेवर पहिचान आ आत्मसम्मान दुनू कें प्रभावित करैत अछि।

अतिथि शिक्षक, अनुबंधित शिक्षक, एचकेआरएनक अंतर्गत नियुक्त शिक्षक आ एनएसक्यूएफ शिक्षकक वेतन आ सुविधाक बीच बहुत पैघ अंतर अछि। नीति-निमार्ता शिक्षक कें गुरुजी कहैत अवश्य छथि, मुदा हुनका उचित सम्मान देबाक वास्तविक प्रयास कम देखाइत अछि।

# बालश्रम मुक्त संकल्पक डेटलाइन किएक नहि?

किशन सनमुखदास भावनानी

भारत जखन विकसित राष्ट्र बनेबाक दिशा मे तीव्र गति सं आगू बढ़ि रहल अछि, रोजगारक नव अवसर सृजन आ 2047 धरि समृद्ध एवं न्यायपूर्ण समाज बनेबाक संकल्प लए रहल अछि, तखन एकटा प्रश्न सेहो ठाढ़ होइत अछि - की देशक नेनपन वास्तव मे सुरक्षित अछि?

भारतक सड़क, चौराहा आ चमचमाइत महानगरक पाछां एकटा कटु सत्य नुकायल अछि। सड़कक कातक चाहक दोकान पर गिलास धोइत बच्चा, ढाबा मे भोजन परसैत छोटू, यातायातक संकेत पर सामान बेचैत अबोध, निर्माणस्थल पर ईंटा ढोऐत बच्चा अथवा कारखानाक मशीनक बीच काज करैत नाबालिग - ई मात्र गरीबीक चित्र नहि, बल्कि ओहन व्यवस्थापर गंभीर प्रश्न अछि, जतय कानून रहितो ओकर प्रभावकारी क्रियान्वयन सर्वत्र नहि देखाइ पड़ैत अछि।

4 सितंबर 2026 कें सरकारी माध्यम सं प्रकाशित समाचार अनुसार, राष्ट्रीय बाल अधिकार संरक्षण आयोग (एनसीपीसीआर) द्वारा चलाओल विशेष अखिल भारतीय बचाव एवं



पुनर्वास अभियान मे 12 जून सं 31 अगस्त 2026 धरि 3,800 सं अधिक बच्चा कें बालश्रम सं मुक्त कराओल गेल आ 575 सं अधिक प्राथमिकी दर्ज भेल। महिला एवं बाल विकास मंत्रालयक अधीन ई वैधानिक संस्था राज्य सरकार, केंद्रशासित प्रदेश, जिलाधिकारी, श्रम विभाग, पुलिस आ अन्य एजेंसीक सहयोग सं अभियान चलौलक। ई संख्या मात्र उपलब्धिक कथा नहि, बल्कि समस्याक गहराइयो देखबैत अछि।

प्रश्न ई अछि जे जं लगभग ढ़ाई मासक लक्षित अभियान मे हजारो बच्चा मुक्त भए सकैत अछि, तं की एहन कारबाइ साल भरि निरंतर नहि भए सकैत अछि? प्रत्येक जिला मे बालश्रमक संभावित क्षेत्र चिन्हित कए नियमित औचक निरीक्षण, गोपनीय सूचना-तंत्र आ बहु-विभागीय कारबाइ सुनिश्चित कएल जा सकैत अछि। अभियान कें अस्थायी प्रयास नहि, बल्कि स्थायी जिला-स्तरीय प्रवर्तन व्यवस्थाक आधार बनेबाक आवश्यकता अछि।

बालश्रम मात्र ढाबा, चाहक दोकान अथवा छोट कारखाना मे नहि होइत अछि। ईंटा-भट्ठा, निर्माणस्थल, कृषि, घरेलू काज, कचरा चुननाइ, कार्यशाला, बाजार, होटल-ढाबा, कारखाना आ खतरनाक औद्योगिक गतिविधि मे सेहो बच्चाक शोषणक खतरा रहैत अछि। प्रवासी परिवारक बच्चाक स्थिति आरो जटिल होइत अछि, कारण विद्यालय सं ओकर जुड़ाव टूटि सकैत अछि आ आर्थिक विवशता ओकरा श्रम दिस धकेलि दैत अछि। अतः बालश्रम मात्र श्रम-कानूनक विषय नहि; ई गरीबी, शिक्षा, सामाजिक सुरक्षा, प्रवासन, मानव तस्करी आ प्रशासनिक जवाबदेही सं जुड़ल व्यापक प्रश्न अछि।

बालश्रम सस्ता, असंगठित आ अधिकार-विहीन श्रम उपलब्ध करबैत अछि। बच्चा कें अपन मजदूरी, कार्य-समय, अधिकार आ श्रम-सुरक्षाक जानकारी प्रायः नहि होइत अछि। एहि कारणें किछु नियोक्ताक लेल ओकर शोषण आर्थिक रूप सं लाभकारी बुझाइ पड़ि सकैत अछि। मुदा बच्चाक विवशता कें सस्ता श्रम मानि लेनाइ ओकर शिक्षा, स्वास्थ्य, गरिमा आ भविष्यपर आघात अछि।

भारत मे बालश्रम रोकबाक लेल कानूनी आधार पहिने सं उपलब्ध अछि। बाल एवं किशोर श्रम (प्रतिषेध एवं विनियमन) संशोधन अधिनियम, 2016 अंतर्गत 14 वर्ष सं कम आयुक बच्चा कें रोजगार अथवा काज मे लगेनाइ व्यापक रूप सं प्रतिबंधित अछि। 14 सं 18 वर्षक किशोर कें निर्धारित खतरनाक व्यवसाय आ प्रक्रिया मे नियोजित करब सेहो निषिद्ध अछि। कानून मे उल्लंघन लेल दंडक प्रावधान अछि आ पुनरावृत्त अपराध मे कठोर सजाक व्यवस्था सेहो अछि। अतः मूल चुनौती कानूनक अभाव नहि, बल्कि उल्लंघन पकड़बाक निश्चितता, निष्पक्ष जांच, अभियोजन आ न्यायिक परिणामक प्रभावशीलता अछि।

संविधानक अनुच्छेद 24 बच्चा कें खतरनाक रोजगार सं सुरक्षा दैत अछि, जखनकि शिक्षा अधिकार अधिनियम 6 सं 14 वर्षक बच्चा कें निःशुल्क एवं अनिवार्य शिक्षाक अधिकार दैत अछि। एकर मूल भावना स्पष्ट अछि - बच्चाक हाथ मे औजार नहि, किताब होयबाक चाही।

एहि लेल बचावक बाद पुनर्वास अत्यंत आवश्यक अछि। बच्चा कें बाल कल्याण समितिक समक्ष प्रस्तुत करब, परिवारक सामाजिक-आर्थिक स्थिति बुझब, विद्यालय सं जोड़ब, आवश्यकतानुसार भोजन, आवास, स्वास्थ्य आ मनोसामाजिक सहायता देब तथा आर्थिक पुनर्वासक निगरानी करब जरूरी अछि। मात्र दोकान अथवा कारखाना सं बच्चा कें निकालि देब अंतिम समाधान नहि। रेस्क्यू पुनर्वासक प्रथम सीढ़ी होयबाक चाही।

डिजिटल व्यवस्था सेहो एहि अभियान कें पारदर्शी बना सकैत अछि। श्रम एवं रोजगार मंत्रालयक पेंसिल पोर्टल पर बालश्रम संबंधी शिकायत दर्ज कराओल जा सकैत अछि आ शिकायत संबंधित जिला नोडल अधिकारी धरि कारबाइ लेल पठाओल जाइत अछि। शिकायत, प्रशासनिक कारबाइ आ पुनर्वासक जानकारी कें एकीकृत डिजिटल निगरानी व्यवस्था सं जोड़ल जा सकैत अछि।

अंतरराष्ट्रीय स्तरपर सेहो बालश्रम समाप्त करबाक लेल शिक्षा, सामाजिक सुरक्षा, गरिमापूर्ण वयस्क रोजगार, मजबूत कानून आ प्रभावकारी प्रवर्तनपर बल देल गेल अछि। अर्थात मात्र बच्चा कें काज सं हटेनाइ पर्याप्त नहि; परिवार कें सामाजिक सुरक्षा, वयस्क कें सम्मानजनक रोजगार आ बच्चा कें गुणवत्तापूर्ण शिक्षा देब आवश्यक अछि।

भारत जं वास्तव मे विकसित, संवेदनशील आ न्यायपूर्ण राष्ट्र बनबाक आकांक्षा रखैत अछि, तं विकासक कसौटी मात्र ऊंच भवन, विशाल अर्थव्यवस्था अथवा आधुनिक तकनीक नहि भए सकैत अछि। असली कसौटी ई होयत जे कतेक बच्चाक हाथ सं मजदूरी छुटल आ कतेक हाथ मे किताब आयल। अतः आब प्रश्न ई नहि जे बालश्रम कहिया समाप्त होयत? प्रश्न ई होयबाक चाही - बालश्रम समाप्त करबाक लेल हम आइ सं की करब? नशामुक्त, मानव तस्करी-मुक्त आ उग्रवाद-मुक्त भारतक तर्ज पर बालश्रम मुक्त भारतक स्पष्ट राष्ट्रीय संकल्प आ निश्चित डेटलाइन किएक नहि?

अभियान किछु मासक नहि, संकल्प पूरा वर्षक हो; कारबाइ किछु जिलाक नहि, संपूर्ण भारतक हो; आ लक्ष्य मात्र बालश्रम घटेनाइ नहि, बल्कि भारत कें वास्तविक अर्थ मे बालश्रम मुक्त राष्ट्र बनेनाइ हो।

# यूपी मे विधानसभा चुनावक तैयारी मे जुटल लोजपा

# चौपाल सं जुटाओल जा रहल फीडबैक

यूपी मे आगामी विधानसभा चुनाव 2027 लेल लोजपा अपन जमीन तैयार करबाक शुरूआत कए देने अछि। लोक जनशक्ति पार्टीक कार्यकर्ता आ पदाधिकारी सभ कें पार्टी हाईकमान फील्ड मे उतरि कए जनताक बीच जा कए हुनक मन बुझबाक स्पष्ट निर्देश देलक अछि। पार्टी कार्यकर्ता गांव आ बूथ सभ पर जा कए लोक सं संपर्क करताह आ हुनका पार्टीक गतिविधिक जानकारी देताह। शनि कें मेरठक कंकरखेड़ा मे लोजपाक पैघ बैठक भेल। बैठक मे पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष पवन वर्मा कार्यकर्ता सभ कें संबोधित करैत आगामी रणनीतिक जानकारी देलनि। बैठक मे मुख्य अतिथि कुंवर आसिम खान छलाह, जे लोजपाक नवनियुक्त राष्ट्रीय उपाध्यक्ष छथि। आसिम खान पहिने लोजपा मे अल्पसंख्यक प्रकोष्ठक राष्ट्रीय अध्यक्ष छलाह, आब हुनका पदोन्नति देल गेल अछि। हुनक अभिनंदन आ स्वागत समारोह सेहो भेल। एहि संगे महासंपर्क अभियानक जानकारी देल गेल।




**26 अगस्त सं शुरू भेल अछि महा जनसंपर्क अभियान :** लोजपाक पश्चिमक अध्यक्ष आ उत्तराखंडक प्रभारी पवन वर्मा कहलनि जे लोजपा यूपी मे सभ 400 सीट पर चुनाव लड़बाक तैयारी कए लेने अछि। हमर राष्ट्रीय अध्यक्ष पहिनहि एहि संबंध मे कहि चुकल छथि। सीट कतेक होयत, ई बादक विषय अछि। मुदा हमर तैयारी पूरा रहबाक चाही। ओ कहलनि जे 26 अगस्त सं पार्टीक महा जनसंपर्क अभियान शुरू भए चुकल अछि, जे 28 अक्टूबर धरि चलत।

**पूरब सं पश्चिम, अवध सं कानपुर धरि जनताक बीच जेताह :** एहि महाजनसंपर्क अभियान मे जिला सभ मे दलित चौपाल, चाणक्य, पिछड़ा, अति पिछड़ा आ अल्पसंख्यक वर्गक चौपाल आयोजित कएल जा रहल अछि। ई चौपाल जिलावार अलग-अलग भए रहल अछि। एहि संगे महानगर अध्यक्ष आ जिलाध्यक्ष सभ सं हुनक जिला आ शहरक विधानसभा सीटसभक फीडबैक लेल जा रहल अछि। पार्टी कतय-कतयक सीट पर चुनाव लड़ि सकैत अछि आ ओतय की संभावना अछि, एकर डेटा सेहो तैयार कएल जा रहल अछि। पवन वर्मा कहलनि जे लोजपा स्व. रामविलास पासवानक सान्निध्य मे रोपल गेल ओ गाछ अछि, जे आइ वटवृक्ष बनि गेल अछि। पार्टी लीक सं हटि कए सभ वर्ग लेल काज करैत अछि। समाजक पिछड़ा, अति पिछड़ा आ दलित, जे मुख्यधारा सं वंचित छथि, हुनक उत्थान लेल चौपाल आयोजित कएल जायत। हुनका सभ कें लोजपा सं जोड़ल जायत। आबय बला दिन मे महासंपर्क अभियान शामली, आगरा, अलीगढ़, हरिद्वार, बुलंदशहर सहित दोसर जिला सभ मे चलाओल जायत। पूरब सं पश्चिम, अवध सं कानपुर आ ब्रज सहित सभ क्षेत्र मे पार्टी जनताक बीच जा कए अपन काज करत। कुंवर आसिम खान कहलनि जे हम एहि मेरठक निवासी छी आ पछिला 35 साल सं रामविलास पासवान साहबक संग कंधा सं कंधा मिलाकए चलैत रहल छी। हमर राजनीतिक यात्रा छात्र राजनीति सं शुरू भेल। 28 नवंबर 2000 कें दिल्लीक रामलीला मैदान मे जखन पार्टी बनल छल, तखन हमरा छात्र प्रकोष्ठक राष्ट्रीय अध्यक्षक जिम्मेदारी देल गेल, जे हम 6 साल धरि निभौलहुं। तकर बाद 8 साल धरि युवा प्रकोष्ठक राष्ट्रीय अध्यक्षक पद पर रहलहुं। 2012सं 2026 धरि अल्पसंख्यक प्रकोष्ठक राष्ट्रीय अध्यक्षक पद पर काज कएलहुं। ओ कहलनि जे आबय बला समय मे उत्तराखंड, उत्तर प्रदेश, हिमाचल आ मणिपुर जतय-जतय चुनाव होयत, ओतय पार्टी अपन खाता खोलबाक काज करत। 2027क विधानसभा चुनाव मे लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास) हिस्सेदारी लेत। बैठक मे मेरठक जिलाध्यक्ष सुमित सहित पश्चिमी यूपीक 14 जिलाक जिलाध्यक्ष, महानगर अध्यक्ष, राजीव गोयल प्रधान महासचिव पश्चिम, प्रदीप अरोड़ा आ खुर्शीद आलम प्रदेश उपाध्यक्ष उपस्थित छलाह।

**मेरठ मे प्रदेश अध्यक्ष कार्यकर्ता सभ कें देलनि लक्ष्य**

# चिराग कें मुख्यमंत्री बनेबाक संकल्प? लोजपा-आरक प्लान तैयार

बिहारक राजनीति मे मुख्यमंत्रीक कुर्सी कें लए राजनीतिक दाबी शुरू भए गेल अछि। केंद्रीय मंत्री आ लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक राष्ट्रीय अध्यक्ष चिराग पासवान कें बिहारक मुख्यमंत्री बनेबाक संकल्प आब पार्टीक नेता सभ खुलि कए सामने राखि देने छथि। एहन स्थिति मे राजनीतिक गलियारा मे चर्चा अछि जे ई मात्र पार्टीक विस्तार अभियान अछि अथवा बिहारक सत्ता लेल लोजपा-आर एखन सं अपन राजनीतिक दिशा तय कए लेने अछि। पटना। बिहार मे अगिला विधानसभा चुनाव एखन लगभग चारि साल दूर अछि, मुदा मुख्यमंत्री पद कें लए राजनीतिक दावेदारी एखन सं सामने आबि रहल अछि। लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास) चिराग पासवान कें बिहारक मुख्यमंत्री बनेबाक अपन लक्ष्य खुलि कए सामने राखि देने अछि। पटना मे पार्टीक कार्यक्रम मे राष्ट्रीय महासचिव राजू तिवारी कार्यकर्ता सभ कें चिराग कें मुख्यमंत्री बनेबाक संकल्प देलनि। एहि के बाद नवनियुक्त प्रदेश अध्यक्ष सुरेंद्र विवेक सेहो कहलनि जे 2029म 2030 मे जखन चुनाव होयत, तखन लोजपा-आर कें बिहारक नंबर वन पार्टी बनेबाक आ चिराग कें मुख्यमंत्री बनेबाक लक्ष्य रहत।

**चिराग पासवान कें लए लोजपा-आर स्पष्ट कएलक अपन मिशन**



**पहिने बयान, तकर बाद प्रदेश अध्यक्ष सेहो स्पष्ट कएलनि योजना :** पटना स्थित व्हीलर रोडक पार्टी कार्यालय मे नव प्रदेश अध्यक्ष सुरेंद्र विवेक आ राष्ट्रीय कार्यकारिणीक पदाधिकारीसभक अभिनंदन कार्यक्रम आयोजित कएल गेल छल। एहि मंच सं राजू तिवारी कार्यकर्तासभक सामने चिराग पासवान कें मुख्यमंत्री बनेबाक संकल्प दोहरौलनि। बता दी जे राजू तिवारी हाल धरि पार्टीक बिहार प्रदेश अध्यक्ष छलाह। संगठन मे बदलावक बाद हुनका राष्ट्रीय महासचिवक जिम्मेदारी देल गेल आ सुरेंद्र विवेक कें बिहारक कमान सौंपल गेल। मुदा पद बदललाक संगे चिराग कें मुख्यमंत्री बनेबाक एजेंडा नहि बदलल, बल्कि नव प्रदेश अध्यक्ष सेहो एकरा सार्वजनिक रूप सं आगू बढ़ौलनि।

**नव प्रदेश अध्यक्ष सेहो स्पष्ट कएलनि पार्टीक लक्ष्य :** राजू तिवारीक बाद पार्टीक नव प्रदेश अध्यक्ष सुरेंद्र विवेक सेहो एहि मुद्दा पर अपन स्पष्ट राय रखलनि। ओ कहलनि जे 2029म 2030 मे जखन बिहार विधानसभा चुनाव होयत, पार्टीक लक्ष्य चिराग पासवान कें मुख्यमंत्री बनेबाक अछि। सुरेंद्र विवेक एहि लेल राजनीतिक गणित सेहो सामने रखलनि। हुनक कहब अछि जे जं लोजपा-आर बिहार मे नंबर वन पार्टी बनैत अछि तं स्वाभाविक रूप सं चिराग पासवान मुख्यमंत्री होयताह। अर्थात पार्टी आब मात्र विधानसभा मे अपन सीट बढ़ेबाक बात नहि कए रहल अछि, बल्कि बिहारक सत्ता मे सभ सं पैघ राजनीतिक ताकत बनेबाक लक्ष्य सामने राखि रहल अछि।

## यूपी चुनाव कें लए कांग्रेसक खास योजना

## प्रियंका गांधी स्वयं कए रहल छथि निगरानी

सत्ताक सीढ़ी उत्तर प्रदेश सं होइत गुजरैत अछि... एहि दृष्टि सं उत्तर प्रदेश मे अगिला साल होमय बला विधानसभा चुनाव 2027 कें बहुत महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव 2027 कें लए राजनीतिक सरगर्मी तेज भए गेल अछि। समाजवादी पार्टी, कांग्रेस आ भाजपा सहित तमाम राजनीतिक दल अपन-अपन रणनीति पर काज शुरू कए देने छथि। यूपी चुनाव कें लए कांग्रेस पार्टी पैघ योजना तैयार कए रहल अछि। सूत्रक कहब अछि जे यूपी विधानसभा चुनाव 2027 कें लए कांग्रेस पार्टी पैघ योजना बनौलक अछि। यूपी विधानसभा चुनावक रणनीति प्रियंका गांधीक हाथ मे अछि। कांग्रेस महासचिव प्रियंका गांधी उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनावक तैयारीक व्यक्तिगत रूप सं निगरानी कए रहल छथि। चुनाव कें लए होमय बला सभ महत्वपूर्ण बैठक मे प्रियंका गांधी स्वयं शामिल भए रहल छथि।

**कानपुर भाजपाक नव टीमक घोषणा, जेपी नड्डाक करीबी कें**



**भेटल जगह :** एकर अतिरिक्त समाजवादी पार्टीक संग गठबंधन आ सीट बंटवाराक मुद्दा पर सेहो प्रियंका गांधीक सीधा नजरि अछि। चुनावी रणनीति, टिकट वितरण आ सपा संग सीट बंटवारा जकां महत्वपूर्ण मामिला कें प्रियंका गांधी स्वयं संभारि रहल छथि। सूत्रक अनुसार, यूपी प्रभारी सेहो प्रियंका गांधी कें सीधे रिपोर्ट कए रहल छथि। अर्थात यूपी चुनाव मे कांग्रेसक रणनीति सं लए कए गठबंधन आ टिकट वितरण धरि प्रियंका गांधीक सीधा भूमिका रहत। उत्तर प्रदेश मे अगिला साल होमय बला विधानसभा चुनाव 2027 पर देशभरक नजरि अछि, किएक तं उत्तर प्रदेश कें दिल्लीक सत्ता धरि पहुंचबाक मुख्य द्वार मानल जाइत अछि। लोकसभा मे कुल 543 सीट मे सं 80 सीट एकसर उत्तर प्रदेश मे अछि, जे कोनो आन राज्यक तुलना मे सभ सं बेसी अछि। खास बात ई अछि जे केंद्र मे सरकार बनेबाक आ बहुमत लेल जरूरी 272क आंकड़ाक लगभग 30 प्रतिशत हिस्सा एकसर यूपी सं अबैत अछि।

# महिला आरक्षण विधेयक लेल संसदक विशेष सत्र बजेबाक तैयारी!

महिला आरक्षण आ परिसीमनक मामिला देशक राजनीति मे एक बेर फेर गरम होमय बला अछि। सूत्रक अनुसार, केंद्र सरकार सितंबर महीना मे संसदक विशेष सत्र बजएबाक गंभीरता सं विचार कए रहल अछि। मानल जा रहल अछि जे ई महत्वपूर्ण सत्र केंद्रीय मंत्रिमंडल मे संभावित फेरबदल सं ठीक पहिने आयोजित कएल जा सकैत अछि। बता दी जे संसदक मानसून सत्रक बैठक समाप्त भेल कतेको दिन बीति गेल अछि, मुदा एखन धरि एहि सत्रक औपचारिक समापन (सत्रावसान)क घोषणा नहि भेल अछि। तकनीकी रूप सं सत्रक स्थिति जीवित रहबाक कारण सरकार बिना नव समन जारी कए कोनो समय सदनक बैठक फेर सं बजा सकैत अछि।

**की भाजपा कें निशाना पर अछि यूपी विधानसभा चुनाव?**



### सितंबरक तेसर सप्ताह मे आबि सकैत अछि विशेष सत्र

संसदक एहि विशेष सत्रक समय एखन आधिकारिक रूप सं तय नहि भेल अछि, मुदा राजनीतिक गलियारा मे सितंबरक तेसर सप्ताह कें एकर लेल सभ सं नीक विकल्प मानल जा रहल अछि। संभावित तारीख 18सं 19 सितंबर बताओल जा रहल अछि। सूत्र सभ जानकारी देलनि जे प्रस्तावित बैठक 3सं 4 दिन धरि चलि सकैत अछि। एहि सत्रक मुख्य एजेंडा परिसीमन सं जुड़ल महिला कोटा कानून (महिला आरक्षण विधेयक) कें नव तरहे आगू बढ़ाएब होयत।

### आगामी विधानसभा चुनाव पर नजरि

भारतीय जनता पार्टी लेल एहि समय सभ सं पैघ परीक्षा आगामी राज्यसभक विधानसभा चुनाव अछि। 2027क शुरूआत मे गोवा, उत्तराखंड, पंजाब, मणिपुर आ उत्तर प्रदेश मे विधानसभा चुनाव होमय बला अछि। तकर बाद हिमाचल प्रदेश आ गुजरात मे सेहो चुनाव होयत। आगामी राज्य विधानसभा चुनाव कें ध्यान मे राखैत भाजपा एहि विधेयक कें अपन लेल बहुत जरूरी मानि रहल अछि।

### भाजपा लेल सभ सं पैघ दांव: यूपी 2027क चुनाव

उत्तर प्रदेश मे कुल 403 विधानसभा सीट अछि। वर्तमान विधानसभाक कार्यकाल मई 2027 मे समाप्त होमय बला अछि। चुनाव आयोग पहिनहि ई स्पष्ट कए देने अछि जे जनगणना मे भए रहल देरीक कारण उत्तर प्रदेशक चुनाव नहि टलत। फरवरी-मार्च 2027 मे निर्धारित समय पर चुनाव कराओल जायत। यूपी मे भाजपा लगातार तेसर बेर अपन सरकार बचएबाक तैयारी मे अछि। समाजवादी पार्टी ओकरा सभ सं पैघ चुनौती दए रहल अछि। एहन स्थिति मे महिला आरक्षणक एजेंडा मात्र संसद धरि सीमित नहि अछि, बल्कि ई एक पैघ चुनावी संदेश सेहो अछि। भाजपा एकरा ह्यनारी शक्तिह्लक मुद्दा बना कए महिला मतदातासभक बीच अपन पकड़ मजबूत करबाक प्रयास करय चाहैत अछि।

### परिसीमनक माध्यम सं सीटसभक नव गणित

महिला आरक्षण अपन आप मे एक पैघ सामाजिक कदम अछि, मुदा एकरा परिसीमन सं जोड़ि देलाक बाद ई देशक संघीय ढांचा आ चुनावी गणितक एक अत्यंत संवेदनशील मुद्दा बनि गेल अछि। उत्तर प्रदेश जकां पैघ राज्य मे सीट बढ़ब आ महिला सभ लेल आरक्षित सीट तय होएब, दूनू प्रमुख राजनीतिक दलक टिकट वितरण रणनीति कें पूरा तरहे बदलि देत। उत्तर प्रदेशक आगामी विधानसभा चुनाव वर्तमान 403 सीट बला ढांचा परे होमयक संभावना अछि। अर्थात जं परिसीमन आ महिला आरक्षणक नव ढांचा संसद सं पार सेहो भए जाइत अछि, तं ओकरा बाद मे लागू कएल जायत आ 2027क यूपी चुनाव मे सीट महिला सभ लेल आरक्षित नहि देखल जायत। एकरा बावजूद भाजपा एकर राजनीतिक संदेश एखन सं जनताक बीच लए जाएब चाहैत अछि।

### सभ सं पैघ राजनीतिक लड़ाइ

वर्तमान राजनीतिक परिदृश्य मे महिला आरक्षण आ परिसीमन पर आबय बला ई नव विधेयक सभ सं पैघ राजनीतिक लड़ाइ मानल जा रहल अछि। एहि सं पहिने 2023 मे संसद सं ह्यनारी शक्ति वंदन अधिनियमह्ल पारित भेल छल, जाहि अंतर्गत लोकसभा आ राज्य विधानसभा मे महिला सभ कें 33 प्रतिशत आरक्षण देबाक प्रावधान कएल गेल छल। मुदा एहि कानून मे ई शर्त जोड़ल गेल छल जे देश मे नव जनगणना आ तकर बाद सीटसभक परिसीमन पूरा भेलाक बादे ई आरक्षण जमीन पर लागू भए सकत। जनगणना मे लगातार भए रहल देरीक कारण ई आशंका जताओल जा रहल छल जे महिला सभ कें आरक्षण भेटय मे 2029म किछु अनुमानक अनुसार 2034 धरि लंबा समय लागि सकैत अछि। एहि देरी कें समाप्त करबाक लेल सरकार अप्रैल 2026 मे सेहो विशेष सत्र बजाकए 3 महत्वपूर्ण विधेयक पेश केने छल। मुदा तखन एहि संविधान संशोधन विधेयक कें लोकसभा मे जरूरी दू-तिहाई बहुमत नहि भेटि सकल।

विधेयकक पक्ष मे 298 आ विपक्ष मे 230 वोट पड़ल छल, जाहि कारण बिल खसि गेल आ सरकार कें जुड़ल दोसर विधेयक सेहो वापस लेबाक पड़ल छल। आब सूत्रक मानल जाय तं सरकार एक बेर फेर पूरा तैयारी आ रणनीति सं संशोधित विधेयक अनबाक तैयारी मे अछि। एहि नव ड्राफ्ट मे एहन व्यवस्था रखबाक प्रयास भए सकैत अछि जाहि सं परिसीमनक बाद सेहो राज्यसभक वर्तमान सीट हिस्सेदारी पर बेसी प्रभाव नहि पड़य आ क्षेत्रीय असंतुलनक कोनो नव विवाद नहि ठाढ़ हो। अंदरूनी सूत्र सं भेटि रहल जानकारीक अनुसार, गृह मंत्री अमित शाह एहि विधेयक कें पारित करएबाक लेल संसद मे जरूरी संख्या बल जुटएबाक प्रयास मे सक्रिय भए गेल छथि।

### विपक्षक रुख आ दक्षिणक राज्यक चिंता

कांग्रेस आ कतेको प्रमुख विपक्षी दल महिला आरक्षणक विरोध मे नहि छथि, बल्कि हुनक वास्तविक विरोध परिसीमनक तरीका आ ओकर शर्त सं अछि। कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे सुझाव देने छथि जे लोकसभाक वर्तमान सीट संख्या कें अगिला 25 साल लेल फेर फ्रीज राखल जाए। दक्षिणक राज्यसभक तर्क अछि जे ओ सभ जनसंख्या नियंत्रणक मामिला मे नीक काज केने छथि, एहन स्थिति मे सीट कम कए हुनका सभ कें एहि नीक काजक सजा किएक देल जा रहल अछि। विपक्षक सीधा आरोप अछि जे सरकार महिला आरक्षणक आड़ मे परिसीमन कें आगू बढ़ेबाक चाहैत अछि, जाहि सं उत्तर भारतक पैघ राज्यक राजनीतिक वजन आओर बढ़ि सकय। गौरतलब अछि जे 1971क जनगणनाक बाद सं लोकसभाक सीटसभक संख्या बहुत समय सं फ्रीज अछि। एहि दौरान दक्षिणक तुलना मे उत्तर भारतक जनसंख्या बहुत तेजी सं बढ़ल अछि।

आब जं विशुद्ध रूप सं जनसंख्याक आधार पर सीट बांटल गेल, तं देशक राजनीतिक आ सत्ताक संतुलन पूरा तरहे बदलि सकैत अछि। एहि पूरा घटनाक्रम मे आगू की होयत, ई पूरा तरहे सरकारक रणनीति पर निर्भर करैत अछि। फिलहाल मानल जा रहल अछि जे सरकार संसदक विशेष सत्र तखने बजओत जखन ओकरा सदन मे दू-तिहाई बहुमतक पूरा भरोसा भए जायत। कांग्रेस अध्यक्ष खड़गे एहि मुद्दा पर पहिनहि सर्वदलीय बैठक बजएबाक मांग कए चुकल छथि। मुदा पैघ सवाल ई बनल अछि जे की विपक्षक सहमति बिना सरकार अप्रैल जकां स्थिति दोहरएबाक खतरा उठाओत?

# गुरु सम्मान मे सजल मंच, शिक्षकक योगदान कें कएल गेल नमन

## नव शिक्षक प्रतिनिधि सत्यनारायण यादवक फूल-माला सं सम्मान

**मधेपुरा, समदिया**



गुरुजनक प्रति सम्मान, शिक्षाक महत्व आ राष्ट्र निर्माण मे शिक्षकक भूमिकाक समर्पित शिक्षक दिवसक अवसर पर शनिदिन मधेपुरा महाविद्यालय, मधेपुरा मे समारोहक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रम मे महाविद्यालय परिवार महान शिक्षाविद् आ पूर्व राष्ट्रपति डॉ. सर्वपल्ली राधाकृष्णन कें स्मरण करैत शिक्षक सभक योगदान कें नमन केलनि। समारोहक उद्घाटन महाविद्यालयक प्रधानाचार्या डॉ. पूनमयादव केलनि।शिक्षक भविष्यक निर्माण करैत छथि प्रधानाचार्या डॉ. पूनम यादव कहलनि जे 5 सितंबर डॉ. सर्वपल्ली राधाकृष्णनक जयंतीक संग-संग ओहि सभ शिक्षकक सम्मानक दिन अछि, जे समाज आ विद्यार्थी सभक भविष्य कें संवारय मे अपन अतुलनीय योगदान दैत छथि। ओ कहलनि जे शिक्षक मात्र ज्ञान देबाक काज नहि करैत छथि, बल्कि विद्यार्थीसभक व्यक्तित्व आ जीवनक दिशा निर्धारित करबा मे सेहो महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत छथि। उप प्रधानाचार्य डॉ. भगवान मिश्रा कहलनि जे शिक्षक समाजक नींव छथि। शिक्षकक बिना समाजक उन्नतिक कल्पना नहि कएल जा सकैत अछि। विद्यार्थी सभ कें अपन शिक्षकक मार्गदर्शन आ हुनका द्वारा देल गेल संस्कार कें सदिखन स्मरण राखबाक चाही।नव शिक्षक प्रतिनिधिक सम्मानसमारोहक दौरान महाविद्यालयक नव शिक्षक प्रतिनिधि प्रो. सत्यनारायण यादव कें फूल-माला आ बुके प्रदान कए सम्मानित कएल गेल। एहि अवसर पर महाविद्यालय परिवारक सदस्य सभ हुनका शुभकामना देलनि। एनएसएस कार्यक्रम पदाधिकारी डॉ. रत्नाकर भारती शिक्षक दिवसक इतिहास आ डॉ. सर्वपल्ली राधाकृष्णनक व्यक्तित्व पर प्रकाश देलनि। ओ कहलनि जे शिक्षक राष्ट्र निर्माणक

**» मधेपुरा महाविद्यालय मे शिक्षक दिवस पर समारोह**

सभ सं महत्वपूर्ण कड़ी छथि, मुदा हुनकर योगदान पर अपेक्षित चर्चा नहि होइत अछि। डॉ. राधाकृष्णन अपन जन्मदिन 5सितंबर कें शिक्षक सभक सम्मान मे शिक्षक दिवसक रूप मे मनयबाक सलाह दए गुरुजनक सम्मान कें नव पहचान देलनि। एनएसएस स्वयंसेवक सभक सेहो रहल सक्रिय सहभागिता कार्यक्रम मे एनएसएसक कार्यक्रम पदाधिकारी प्रो. बिजेंद्र यादवक संग स्वयंसेवक छात्र-छात्रा सभ सेहो सहभागी भेलाह। समारोह मे गुरु-शिष्य परंपरा, शिक्षा आ राष्ट्र निर्माण कें लए कए सकारात्मक वातावरण देखबा मे आएल। एहि अवसर पर प्रो. अभय कुमार, प्रो. दिनेश कुमार, प्रो. गजेंद्र यादव, प्रो. ब्रजेश कुमार मंडल, प्रो. मनोज भटनागर, प्रो. जयनारायण शाह, प्रो. अमित कुमार, प्रो. सुबोध यादव, प्रो. शशि शेखर कुमार आजाद, प्रो. कुंदन कुमार, प्रो. वीरेंद्र यादव, प्रो. पवन कुमार, प्रो. अजीत अजय सहित महाविद्यालयकशिक्षक सभ उपस्थित छलाह। महाविद्यालयक कर्मचारी ब्रजेश कुमार, अमल किशोर यादव, संजय कुमार, रौशन कुमार, सौरभ कुमार, तरुण कुमार, चंदा कुमारी आ जोगिंदर यादव सहित एनएसएस स्वयंसेवक रिक्की, शुभम कुमारी, काजल कुमारी, अंजली कुमारी, बबिता कुमारी, अजय सोरेन, सूरज कुमार, राकेश कुमार, रौशन कुमार आ शुभम कुमार आदि उपस्थित छलाह। शिक्षक दिवसक ई आयोजन मात्र एकटा समारोह नहि, बल्कि ज्ञानक ओहि परंपरा कें नमन करबाक अवसर बनल, जाहि परंपराक सहारे विद्यार्थी अपनभविष्यक बाट निर्धारित करैत छथि।

# शिक्षक दिवस पर रक्तदान शिविरक आयोजन

**सीतामढ़ी, समदिया**




शिक्षक दिवसक अवसर पर भारतीय स्टेट बैंक, सीतामढ़ी शाखा मे रक्तदान शिविरक आयोजन कएल गेल। शिविरक उद्घाटन मुख्य अतिथिक रूप मे जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया केलनि। एहि अवसर पर जिलाधिकारी लोक सभ सं जरूरतमंद लोकक सहायता लेल रक्तदान करबाक अपील केलनि। शिविरक आयोजन मे प्रारंभिक शिक्षक कल्याण संघ बिहार, बिहार पंचायत नगर प्रारंभिक शिक्षक संघ, माध्यमिक शिक्षक संघ तथा इंडियन रेडक्रॉस सोसाइटी, सीतामढ़ीक सहयोग रहल। कार्यक्रमक दौरान इंडियन रेडक्रॉस सोसाइटी द्वारा उपलब्ध कराओल गेल रक्त संग्रहण वाहन कें सेहो जिलाधिकारी हरी झंडी देखाबैत रवाना केलनि। एहि वाहनक उपयोग रक्त संग्रहण आ एहि सं संबंधित सेवा लेल कएल जायत।जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया कहलनि जे रक्तदान एकटा नेक आ मानवीय काज अछि। हमर द्वारा कएल गेल रक्तदान कोनो जरूरतमंदक जीवन बचयबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभा सकैत अछि। बेसी सं बेसी लोक कें एहि पुनीत काज लेल आगू आबय चाही।

# शिक्षक अपन कर्तव्य कें आत्मसात करथि, छात्रक व्यक्तित्वक सेहो निर्माण करथि : प्रो. चौधरी

## शिक्षक दिवस पर केएसडीएसयू मे सम्मान समारोह

**दरभंगा, समदिया**



डॉ. सर्वपल्ली राधाकृष्णनक जयंतीक अवसर पर शिक्षक दिवसक उपलक्ष्य मे शनिदिन कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालयक दरबार हॉल मे शिक्षक सम्मान समारोहक आयोजन कएल गेल। समारोह मे तीन सेवानिवृत्त शिक्षक सहित करीब दू दर्जन कार्यरत शिक्षक कें सम्मानित कएल गेल। मुख्य अतिथि संस्कृतप्रेमी विधायक सह सीनेटर प्रो. विनय कुमार चौधरी कहलनि जे शिक्षक सभ कें पहिने अपन कर्तव्य कें आत्मसात करबाक चाही। अनुशासन, उन्नत विचार आ कर्तव्यनिष्ठाक माध्यमें शिक्षक अपन छात्र सभक लेल आदर्श बनि सकैत छथि। ओ कहलनि जे संस्कृत मे रोजगारक पर्याप्त अवसर उपलब्ध अछि आ संस्कृतक संबंध मे बनल एहि मिथक कें तोड़बाक आवश्यकता अछि। अध्यक्षता करैत कुलपतिप्रो. लक्ष्मीनिवास पांडेय कहलनि जे शिक्षकक दायित्व मात्र पाठ्यक्रम पढ़ेबा धरि सीमित नहि अछि, बल्कि विद्यार्थी सभक सर्वांगीण व्यक्तित्वक निर्माण करब सेहो हुनकर जिम्मेदारी अछि। शिक्षक छात्र सभ कें सुचरित्र, अनुशासन आ उचित मार्ग पर चलबाक लेल प्रेरित करथि। ओ शिक्षक-छात्र संबंध कें सर्वोच्च महत्वक बतबैत शिक्षक सभ सं आत्ममूल्यांकन करबाक आह्वान केलनि। विशिष्ट अतिथि भारतीय स्टेट बैंकक मुख्य प्रबंधक तिलकनाथ झा प्राथमिक कक्षा सं संस्कृतक पढ़ाइ शुरू करबाक आवश्यकता पर जोर देलनि। शाखा प्रबंधक सुनीति संस्कृत कें सभ भाषाक जननी बतबैत शिक्षक सभक योगदानक सराहना केलनि। विधि पदाधिकारी डॉ. नवीन कुमार झा, डीन प्रो. पुरेंद्र वारिक सहित अन्य वक्ता सभ सेहो अपन विचार रखलनि। अंत मे गुरु वंदनाक संग कार्यक्रमक समापन भेल।

# मधेपुरा कॉलेज मे शिक्षक दिवस पर अनुशासन, संस्कार आ राष्ट्रसेवाक संदेश

**मधेपुरा, समदिया**



कौशल्या ग्राम स्थित मधेपुरा कॉलेज, मधेपुराक एनसीसी कैडेट सभ स्थानीय बिंदेश्वरी सभागार मे शिक्षक दिवस समारोह उत्साह आ गरिमापूर्ण वातावरण मे मनौलनि। कार्यक्रमक शुभारंभ संस्थापक सह निदेशक डॉ. अशोक कुमार, प्राचार्या डॉ. पूनम कुमारी, एनसीसी पदाधिकारी मेजर डॉ. गौतम कुमार, उपप्राचार्य डॉ.भगवान मिश्रा सहित अन्य अतिथि सभ दीप प्रज्वलित कए आ केक काटि कए केलनि। कैडेट सभस्वागत गीत प्रस्तुत कए गुरुजनक प्रति अपन सम्मान व्यक्त केलनि। कैडेट सभ शिक्षक सभ कें अंगवस्त्र आ स्मृति चिह्न भेंट कए हुनकर आशीर्वाद लेलनि। प्राचार्या डॉ. पूनम कुमारी कहलनि जे शिक्षक दिवस भारतक महान दार्शनिक, शिक्षाविद् आ पूर्व राष्ट्रपति भारत रत्न डॉ. सर्वपल्ली राधाकृष्णनक जयंतीक स्मरण करयबाक गौरवपूर्ण अवसर अछि। ओ अपन जीवन शिक्षा आ विद्यार्थी सभक विकास लेल समर्पित केने छलाह। एनसीसी पदाधिकारी मेजर डॉ. गौतम कुमार कहलनि जे शिक्षक दिवस मात्र परंपरा नहि, बल्कि ओहि गुरु-परंपरा कें नमन करबाक अवसर अछि, जे राष्ट्रक मजबूत नींव तैयार करैत अछि। ओ कहलनि जे शिक्षाक उद्देश्य मात्र ज्ञान अर्जित करब नहि, बल्कि चरित्र निर्माण, अनुशासन आ राष्ट्रसेवाक भावना विकसित करब सेहो अछि। एनसीसी कैडेट सभ कें संबोधित करैत ओ एकता आअनुशासन कें जीवनक मूल मंत्र बतौलनि। ओ कहलनि जे अनुशासन व्यक्ति कें प्रत्येक चुनौतीक सामना करबाक लेल तैयार करैत अछि। समारोह मे डॉ. दिनेश यादव, सीनियर अंडर ऑफिसर विकास कुमार, भावेश गिरी, मन्नू कुमार, अभिषेक कुमार, आनंद कुमार, प्रीति कुमारी, स्वाति कुमारी, प्रतिभा कुमारी, मुस्कान कुमारी, सिंपल कुमारी सहित कतेको शिक्षक आ कैडेट उपस्थित छलाह।

# ओबीसी आ ईबीसी वर्गक उचित अधिकार लेल एनडीए सरकार गंभीर नहि : माणिकराव ठाकरे

**पटना, समदिया**




केंद्रक एनडीए सरकार जातिगत जनगणना मे जानि-बुझि कए अड़चन ठाढ़ कए ओबीसी वर्गक वास्तविक भागीदारी कें सोझां नहि आबय देबय चाहैत अछि। एहि लेल प्रश्नावली मे त्रुटि कए जातिगत जनगणनाक वास्तविक उद्देश्य सं ध्यान भटकाबयक प्रयास कएल जा रहल अछि। ओबीसी आ ईबीसी वर्गक वाजिब अधिकार लेल एनडीए सरकार गंभीर नहि अछि। उक्त बात बिहार प्रदेश कांग्रेस कमिटीक मुख्यालय सदाकत आश्रम स्थित स्व. राजीव गांधी सभागार मे आयोजित संवाददाता सम्मेलन मे एआईसीसीक गोवा, दमन दीव आ दादर नगर हवेलीक प्रभारी तथा महाराष्ट्रक पूर्व प्रदेश कांग्रेस अध्यक्ष आ पूर्व गृह मंत्री माणिकराव ठाकरे कहलनि। एआईसीसीक वरिष्ठ नेता माणिकराव ठाकरे कहलनि जे देश मे जातिगत जनगणना पर कुंडली मारि कए बैसल एनडीए सरकार आ हुनकर मुखिया नरेंद्र मोदी ओबीसी-ईबीसी वर्गकजनसंख्याक अनुरूप हुनका सभक हिस्सेदारी रोकबाक कुचक्र रचने छथि। कांग्रेस पार्टी आ हुनकर नेताराहुल गांधी तथा मल्लिकार्जुन खरगे संसद मे एहि बात कें उजागर करबाक काज केलनि। केंद्रक एनडीए सरकार लगातार जातिगत जनगणनाक विरोध करैत आबि रहल अछि। ओ कहलनि जे बिहार मे जखन महागठबंधनक सरकार छल, तखन कांग्रेसक पूर्व अध्यक्ष आ वर्तमान नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधी अपनहि सरकार पर दबाव दए पिछड़ा वर्ग कें हुनकर संख्याक आधार पर भागीदारी सुनिश्चित करबाक लेल जातिगत जनगणना पर जोर देलनि आ बिहार मे जातिगत जनगणनाक शुरुआत भेल। संगहि, तेलंगाना मे हमर सरकार नीक ढंग सं जातिगत जनगणना करौलक, जाहि कें केंद्र सरकार एकटा नजीरक रूप मेउपयोग कए सकैत अछि। बिहार मे तत्कालीन महागठबंधन सरकार आरक्षणक दायरा 65 प्रतिशत धरि बढ़ेबाक लेल प्रयास केलक, मुदा केंद्रक एनडीए सरकारक उदासीनताक कारण ई मामिला न्यायालय धरि पहुंचल। भाजपा नेतृत्व वाली केंद्र सरकार एहि आरक्षण कें संविधानक नवम अनुसूची मे शामिल करा सकैत छल, मुदा पिछड़ा वर्गक लेल एहि सरकार मे कोनो हमदर्दी नहि अछि। ओ कहलनि जे बिहार मेएनडीएक सरकार बनिते जातिगत जनगणनाक अनुशंसा कें भाजपा-जदयू सरकार ठंडा बस्ता मे डालि देलक आ पिछड़ा वर्ग कें हुनकर वाजिब अधिकार नहि भेटि सकल, जाहि लेल हुनकर नेता राहुल गांधी संघर्ष केने छलाह। ओ कहलनि जे आइ देशभरि छात्र सभ अपन अधिकारक मांग कें लए कए आवाज उठा रहल छथि। एहि बीच प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी अपन पूर्व रुख सं पलटी मारैत जातिगत जनगणना करयबाक बात राहुल गांधी आ मल्लिकार्जुन खरगेक दबाव मे मानि लेलनि। मुदा जनगणनाक प्रश्नावली मे कतेको विसंगति भेटल अछि, जाहि सं सरकारक मंशा संदिग्ध बुझाइत अछि।

# एमएलएसएम कॉलेज मे अभाविप लगौलक रक्तदान शिविर




**दरभंगा, समदिया**

अखिल भारतीय विद्यार्थी परिषदक तत्वावधान मे शिक्षक दिवसक अवसर पर एमएलएसएम महाविद्यालय परिसर मे विशाल स्वैच्छिक रक्तदान शिविरक आयोजन कएल गेल। शिविर मेमहाविद्यालयक छात्र-छात्रा, अभाविप कार्यकर्ता, एनएसएस स्वयंसेवक आ शिक्षक सभ उत्साहपूर्वक भागलेलनि। कतेको युवा सभ पहिल बेर रक्तदान केलनि। चिकित्सकक देखरेख मे निर्धारित मानक आ सुरक्षा नियमक पालन करैत रक्त संग्रह कएल गेल। संग्रहित रक्त स्थानीय रक्त बैंक कें सुपुर्द कएल गेल। प्रधानाचार्य डॉ. शंभू प्रसाद यादव कहलनि जे रक्तदान सं पैघ कोनो दान नहि अछि। एकटा इकाई रक्त कोनो जरूरतमंद रोगी कें नवजीवन दए सकैत अछि। ओ कहलनि जे शिक्षाक उद्देश्य मात्र किताबी ज्ञान अर्जित करब नहि, बल्कि समाजक प्रति अपन जिम्मेदारी कें बुझब सेहो अछि। प्रांत विधिक संयोजक राहुल सिंह कहलनि जे अभाविपक मूल मंत्र छात्र शक्ति सं राष्ट्र शक्ति अछि। परिषद छात्र सभक अधिकारकसंग-संग सामाजिक दायित्वक निर्वहन लेल सेहो कार्य करैत अछि। प्रांत एसएफडी सह संयोजक मनोहर मिश्रा रक्तदान कें महादान बतबैत युवासभक उत्साहक सराहना केलनि। प्रदेश कार्यकारिणी सदस्य आदर्श आनंद कहलनि जे परिषद छात्र सभ मे सेवाक भावना विकसित करबाक लेल निरंतर कार्य करैत अछि। जिला संयोजक आदित्य कुमार एहि आयोजन कें समाज लेल प्रेरणादायक बतौलनि। मौका पर अरविंद, डॉ. मनोज कुमार, डॉ. अनुप्रिया, डॉ. कुमुद, डॉ. रविशंकर, डॉ. नीरज कुमार, डॉ. अनीश कुमार, डॉ. ज्वाला कुमार सहित अभाविपक केशव झा, कृष्णा कुमार, रवि झा, प्रभाकर, अंकुश, आस्था, फहत प्रवीण आदि उपस्थित छलाह।

# बिहारक पहिल मधुबनी चित्रकला आधारित कॉमिक बुकक भेल लोकार्पण

## बच्चा सभक सीखबाक प्रक्रिया कें रोचक बनेबाक अभिनव पहल




**सीतामढ़ी, समदिया**

शिक्षक दिवसक अवसर पर जिला शिक्षा कार्यालय मे बच्चा सभक अधिगम कें सहज, सरल आ रोचक बनेबाक दिशा मे एकटा अभिनव पहल कएल गेल। एहि अवसर पर बिहारक पहिल मधुबनी चित्रकला पर आधारित कॉमिक बुक निपुण चितरंगीक लोकार्पण कएल गेल। एहि पहलिक उद्देश्य बच्चा सभ कें पढ़ाइ सं जोड़बाक संग हुनकर सीखबाक प्रक्रिया कें मनोरंजक बनायब अछि। निपुण चितरंगीक विशेषता ई अछिजे एहि मे शिक्षाक विषयवस्तु कें पारंपरिक मधुबनी चित्रकलाक माध्यम सं प्रस्तुत कएल गेल अछि। एहिसं बच्चा सभ कें पाठ्य सामग्री बुझय मे सुविधा होयत आ ओ सभ बिहारक समृद्ध सांस्कृतिक विरासत सं सेहो परिचित भए सकताह। कॉमिकक माध्यम सं कठिन विषय सभ कें सरल आ रोचक ढंग सं बच्चा सभ धरि पहुंचयबाक प्रयास कएल गेल अछि। एहि रचनात्मक पहलिक रचयिता अजिता भटनागर छथि। पुस्तकक संरक्षण जिला शिक्षा पदाधिकारी राघवेंद्र मणि त्रिपाठी केलनि, जखन कि मृदुला कुमारीक मार्गदर्शन मे एकरा तैयार कएल गेल। एकर डिजाइनिंग मनीष कुमार केलनि तथा राष्ट्रीय शिक्षक सम्मान प्राप्त शिक्षिका पुष्पा प्रसाद समीक्षकक भूमिका निभौलनि। जिला शिक्षा पदाधिकारी राघवेंद्र मणि त्रिपाठी एहि पहलिक सराहना करैत कहलनि जे शिक्षाक क्षेत्र मे एहि तरहक नवाचार बच्चा सभक पढ़ाइ प्रति रुचिबढ़ेबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। निपुण चितरंगी आगांक समय मे बिहारक अन्य जिला सभ लेल सेहो प्रेरणादायक मॉडल बनि सकैत अछि।

# नव पदस्थापित जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया कें डॉ. माधवी देलनि बधाइ




**सीतामढ़ी, समदिया**

नव पदस्थापित जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया सं शिव गंगा इमरजेंसी हॉस्पिटल की डॉ. माधवी शिष्टाचार भेंट कए हुनका नव जिम्मेदारी लेल हार्दिक बधाई आ शुभकामना देलनि। एहि अवसर पर डॉ. माधवी जिलाधिकारी कें बुके भेंट कए हुनकर अभिनंदन केलनि आ सफल एवं प्रभावी कार्यकालक कामनाकेलनि। भेंटक दौरान डॉ. माधवी जिलाधिकारी तनय सुल्तानियाक सीतामढ़ी मे पदस्थापन पर प्रसन्नता व्यक्त करैत कहलनि जे जिला मे प्रशासनिक नेतृत्वक महत्वपूर्ण जिम्मेदारी हुनका भेटल अछि। ओ आशा व्यक्त केलनि जे हुनकर मार्गदर्शन मे जिलाक विकास कार्य कें नव गति भेटत तथा आम लोकक समस्या सभक समाधान आ जनहित सं जुड़ल मुद्दा पर प्रभावी पहल कएल जायत।

# अनुसूचित जातिक मजदूरक संग माइरपीट, शरीर पर पेशाब करबाक आरोप

**बेनीपट्टी, समदिया**

**» अरेर थाना मे 13 लोकक विरुद्ध नामजद प्राथमिकी, घटना कए दू दिन बादो गिरफ्तारी नहि**

अरेर थाना क्षेत्रक ब्रह्मोत्रा मे अनुसूचित जातिक एक मजदूरक संग मारपीट करबाक आ बेहोश भेलाक बाद हुनकर शरीर पर पेशाब करबाक मामिला सोझां आएल अछि। घटना कें लए कए पीड़ित मजदूरधकजरी गांव निवासी लक्ष्मी पासवानक आवेदनक आधार पर अरेर थाना मे 13 नामजद लोकक विरुद्धकांड संख्या 165/26 अंतर्गत प्राथमिकी दर्ज कएल गेल अछि। हालांकि, घटना भेलाक दू दिन बादो कोनो आरोपितक गिरफ्तारी नहि भेल अछि। प्राथमिकी मे वादी उल्लेख केलनि अछि जे ओ ब्रह्मोत्रा स्थित खेत मे साफ-सफाइक काज करबाक लेल गेल छलाह। एहि दौरान अशेश्वर यादव, विमल यादव, उदय यादव, भजन यादव, इंद्रदेव यादव उर्फ ननकू यादव, सुनील यादव, बहादुर मंडल, भोगी मंडल, सुभाष यादव, धनिकलाल यादव सहित अन्य नामजद आरोपित सभ हरबे-हथियार आ लाठी सं लैस भए ओतय पहुंचलाह हुनका संग मारपीट करय लगलाह। आरोप अछि जे आरोपित सभ जातिसूचक शब्दक प्रयोग करैत गाली- गलौज सेहो केलनि। पीड़ितक आरोप अछि जे मारपीटक बाद आरोपित सभ हुनकर शरीर पर पेशाब सेहोकए देलनि। तकर बाद बेहोश भेलापर आरोपित सभ हुनकर लग सं सात सय टाका आ मोबाइल फोनसेहो लए लेलनि। वादीक अनुसार, हुनका संग काज करबाक लेल गेल लोक सभ पुलिस कें फोन कए बजौलनि। तकर बाद पुलिस हुनका आरोपित सभक चंगुल सं मुक्त करा कए अनलक आ अनुमंडलीय अस्पताल मे भर्ती कराओल, जतय हुनकर उपचार कएल गेल। एहि संबंध मे अरेर थानाध्यक्ष आनंद शंकर गौरव कहलनि जे मामिला मे प्राथमिकी दर्ज कए लेल गेल अछि। पुलिस मामिलाक जांच कए रहल अछि।

# चांडिल-दामोदरक बीच 614 करोड़ सं बनत तेसर रेल लाइन

» ट्रेनक क्षमता बढ़त, माल दुलाई कें भेटत बढ़ावा

## 36 माह मे काज पूरा करबाक लक्ष्य



रांची,समदिया

दक्षिण पूर्व रेलवेक आद्रा रेल डिवीजन मे चांडिल-दामोदरक बीच तेसर रेल लाइनक काज शीघ्र शुरू होयत। रेलवे परियोजनाक लेल 614 करोड़ रुपैयाक ई-टेंडर जारी कएलक अछि। काज 36 माह मे पूराकरबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। परियोजना ईपीसी मोड मे होयत। एहि मे तेसर लाइनक संग पुल, लेवल क्रॉसिंग, सिग्नलिंग-टेलीकम्युनिकेशन आ विद्युतीकरणक काज सेहो शामिल अछि। तेसर लाइन 25 टन लोडिंग क्षमता आ डीएफसी फीडर रूटक अनुरूप विकसित कएल जाएत। एहि मे 2x25 केवी ओवरहेड उपकरणक स्थापना आ कमीशनिंग होयत। इनडोर-आउटडोर सिग्नलिंग, टेलीकम्युनिकेशन आ भूमिगत केबलक काज सेहो होयत। लेवल क्रॉसिंग पर रबराइज्ड पैड, इलेक्ट्रिक लिफ्टिंग बैरियर आ स्लाइडिंग बूम गेट लगाओल जाएत। परियोजना मे पैघ आ छोट पुलक नींव, सब-स्ट्रक्चर आ रिटेनिंग वॉल बनाओल जाएत। पुल सं जुड़ल काज लेल करीब 54.33 करोड़ रुपैयाक प्रावधान अछि। मुख्य परियोजना काज लेल करीब 418.27 करोड़, उपयोगिता स्थानांतरण लेल 8.36 करोड़ आ आकस्मिक काज लेल 20.91 करोड़ रुपैया राखल गेल अछि। टेंडर प्रक्रिया 9 अक्टूबर सं शुरू होयत आ 23 अक्टूबर आखरी तिथि अछि। 16 सितंबर कें प्री-बिड कांफ्रेंस होयत।औद्योगिक क्षेत्र कें होयत लाभतेसर रेल लाइन बनला सं आद्रा रेल डिवीजन मे रेलखंडक क्षमता बढ़त आ ट्रेनक संचालन लेल अतिरिक्त ट्रैक भेटत। 25 टन लोडिंग क्षमता सं माल परिवहन मजबूत होयत। एकर लाभ बर्नपुर, दुर्गापुर, चांडिल, गम्हरिया, राउरकेला आ झारसुगुड़ा जकां औद्योगिक क्षेत्र कें भेटि सकैत अछि। एहि सं औद्योगिकपरिवहन आ माल ढुलाई तेज होयबाक आशा अछि। — केशवमणि, सेवानिवृत्त एडीआरएम

# जुआ अड्डा पर पुलिसक छापा, 10 जुआरी गिरफ्तार

बोकारो,समदिया

## मोबाइल आ तास बरामद



चास पुलिस जुआक विरुद्ध कारबाइ कएलक अछि। पुलिस एकटा खंडहरनुमा मकान मे चलि रहल जुआ अड्डा पर छापा मारि 10 जुआरी कें गिरफ्तार कएलक। घटनास्थल सं 10 मोबाइल फोन, 4,840 रुपैया नगद, तास आ एकटा दरी बरामद कएल गेल अछि। एहि कारबाइक बाद क्षेत्र मे अवैध जुआ अड्डा सभ पर पुलिसक सख्ती बढ़बाक संभावना अछि। चास थानाक इंस्पेक्टर आ थाना प्रभारी दिनेश कुमार सिंह बतौलनि जे हुनका चासक अंसारी मोहल्ला स्थित सुधीर खटालक पाछू एकटा खंडहरनुमा मकान मे किछु असामाजिक तत्वक जुटान होयबाक सूचना भेटलछल। मकानक घेराबंदी कए छापेमारी सूचनाक जांचक दौरान पुलिस कें पता चलल जे ओतय पैघ संख्या मे लोक जुआ खेलि रहल छल। एकर बाद पुलिस टीम मकानक घेराबंदी कए छापा मारलक आ घटनास्थल सं 10 लोक कें गिरफ्तार कए लेलनि। पुलिसक अनुसार गिरफ्तार आरोपी सभ मे गोविंद अंसारी, गुड्डू महतो, हसन अंसारी, सुलतान स्वर्णकार, अमर कुमार राजवार, आलोक चटर्जी, एकनाथ यादव, मनीष कुमार राय, एरफान रजा आ अब्दुल अंसारी शामिल छथि। पुलिस सभक विरुद्ध चास थाना मे मामिला दर्ज कएलक अछि।छोटू करबा रहल छल जुआ अड्डाक संचालन थाना प्रभारी बतौलनि जे पूछताछ आ जांच मे सामने आएल अछि जे ओहि ठाम बहुत दिन सं जुआक खेल चलाओल जा रहल छल। पुलिसक अनुसार, एहि जुआ अड्डाक संचालन छोटू नामक व्यक्ति करबा रहल छल। हुनका विरुद्ध पहिनहु मामिला दर्ज अछि आ एखन ओ जमानत पर बाहर अछि। पुलिस कहलनि जेहुनकर भूमिकाक जांच कएल जा रहल अछि आ हुनका शीघ्र गिरफ्तार कएल जाएत। पुलिस बरामद सामान कें जब्त कए लेलनि। छापेमारी मे चास थानाक पुलिसकर्मी आ जवान शामिल छलाह। मामिलाक आगांक जांच जारी अछि।

» खंडहरनुमा मकान मे बहुत दिन सं चलि रहल छल जुआक खेल

## कुंडेलवा मे निःशुल्क नेत्र जांच शिविर, 263 लोकक आंखि जांचल गेल; 138 लोक कें भेटल निःशुल्क चश्मा

मेदिनीनगर,समदिया

स्वयंसेवी संगठन सेसा द्वारा मेदिनीनगर सदर प्रखंड क्षेत्रक कुंडेलवा मे निःशुल्क नेत्र जांच सह चश्मा वितरण समारोह आयोजित कएल गेल। शिविरक उद्घाटन मेदिनीनगरक पूर्व जिला परिषद सदस्य अर्जुन सिंह आ मुखिया संगीता देवी संयुक्त रूप सं कएलनि। अध्यक्षता सेसाक निदेशक डॉ. जसवीर बग्गा कएलनि। संचालन आ धन्यवाद ज्ञापन सेसाक महासचिव डॉ. कौशिक मल्लिक कएलनि। महासचिव डॉ. कौशिक मल्लिक बतौलनि जे शिविर मे सनी कुमार आ श्याम सुंदर साहू नेत्र जांच सहायकक रूप मे अपन सेवा देलनि। शिविर मे 263 लोकक आंखक जांच कएल गेल। एहि मे 138 लोक कें निःशुल्क चश्मा देल गेल। 46 लोक मे मोतियाबिंद पाओल गेल, जाहि कारण हुनका सभ कें अन्यत्रऑपरेशन करबाक सलाह देल गेल। शिविरक सफल आयोजन मे अजय कुमार, ज्योति टोप्पो, अजीत कुमार, विकास कुमार आ संदीप कुमारक विशेष सहयोग रहल।

# मेरु कैंप मे भेल 140 जवानक पासिंग आउट परेड, हजारीबाग मे 44 सप्ताहक प्रशिक्षण पूरा

हजारीबाग,समदिया

## तिरंगाक नीचां लेल देशक अखंडताक शपथ



सीमा सुरक्षा बल (बीएसएफ) क मेरु कैंप स्थित रानी लक्ष्मीबाई परेड ग्राउंड मे शनिदिन पासिंग आउट परेड भेल। एहि मे 140 नव जवान तिरंगाक नीचां देशक एकता आ सुरक्षाक शपथ लेलनि। एहि दौरान 'भारत माता की जय'क नारा सं पूरा परिसर गूंजि उठल। एहि जवान सभ 44 सप्ताहक प्रशिक्षण पूरा कएलनि। एहि दौरान ओ सभ अनुशासन आ कड़ा मेहनतिक संग प्रशिक्षण लेलनि। परेड मे जवान सभ शानदार प्रदर्शन कएलनि। एहि प्रशिक्षण मे केरल, तमिलनाडु, पश्चिम बंगाल, उत्तर प्रदेश आ कर्नाटक सहित कतेको राज्यक जवान शामिल छलाह। प्रशिक्षण केंद्रक महानिरीक्षक धीरेंद्र संभाजी कुटे बतौलनि जे जवान सभ कें शारीरिक प्रशिक्षण, हथियार चलाबय, कानून, अंतरराष्ट्रीय कानून आ मानवाधिकारक जानकारी देल गेल। हुनका सभ कें आतंकवाद आ उग्रवाद सं निपटबाक तरीका सेहो सिखाओल गेल। खेलकूद आ सामाजिक गतिविधिक माध्यम सं सेहो हुनका सभ कें अपन जिम्मेदारी लेल तैयार कएल गेल।समारोह मे बीएसएफ बैंड देशभक्तिक धुन बजौलनि। पारंपरिक आ सांस्कृतिक कार्यक्रम सेहो भेल। परेडक बाद सभ 140 जवान आब औपचारिक रूप सं सीमा सुरक्षा बलक हिस्सा बनि गेलाह। ओ सभ आब देशसेवाक लेल तैयार छथि।एहि जवान सभ कें देशक अलग-अलग हिस्सा मे तैनात कएल जाएत। हुनका सभ कें नक्सल प्रभावितक्षेत्रक संग-संग पंजाब आ जम्मू-कश्मीर जकां संवेदनशील सीमावर्ती क्षेत्र मे सेहो देशक सुरक्षाकजिम्मेदारी भेटि सकैत अछि। महानिरीक्षक धीरेंद्र संभाजी कुटे जवानसभक माता-पिता आ परिवारक लोक कें बधाइ देलनि। ओ कहलनिजे बेटा सभ कें बीएसएफ मे पठा कए परिवार सभ सेहो देश सेवा मे अपन योगदान देलनि अछि। जवानसभक परिवारक लोक खुशी जतौलनि आ कहलनि जे हुनकर बेटा आब देशक सुरक्षा मे अपन भूमिका निभाओत। मेरु प्रशिक्षण केंद्र सं प्रशिक्षित एहि जवानसभक देश सेवा मे जाएब हजारीबाग लेल सेहो गर्वक बात अछि।

# पुलिस चलौलक जन-जागरूकता अभियान, बच्चा सभ कें बांटल गेल पठन-पाठन सामग्री

लातेहार,समदिया



लातेहार पुलिस अधीक्षक कुमार गौरवक निर्देश पर गारू थाना क्षेत्रक सुदूरवर्ती आ पूर्व मे घोर नक्सल प्रभावित गांव भीतर पंडरा मे पुलिसक दिस सं जन-जागरूकता बैठक आयोजित कएल गेल। बैठक मे ग्रामीण सभ कें नक्सली शोषण सं मुक्त, भयमुक्त आ आत्मविश्वासपूर्ण जीवन जीबाक लेल प्रेरित कएल गेल। पुलिस अधिकारी सभ ग्रामीण सभ सं अपील कएलनि जे कोनो तरहक समस्या, संदिग्ध गतिविधि अथवा आपात स्थिति संबंधी जानकारी तत्काल थाना कें देथु। आपात स्थिति मे डायल 112 पर सूचना देबाकसंबंध मे सेहो ग्रामीण सभ कें जागरूक कएल गेल। बैठक मे अंधविश्वास सं दूर रहबाक, बच्चा सभ कें नियमित रूप सं शिक्षित करबाक, नशामुक्त समाजक निर्माण आ महुआ शराब तथा हंडिया जकां नशीला चीजक पूर्ण बहिष्कार करबाक लेल ग्रामीण सभ कें जानकारी देल गेल। पुलिस ग्रामीण सभ सं बच्चासभक शिक्षा पर विशेष ध्यान देबाक आ हुनका सभ कें नीक भविष्य लेल प्रोत्साहित करबाक अपील कएलनि।एहि दौरान स्थानीय छोट-छोट बच्चासभक बीच कॉपी, कलम, पेंसिल, रबर, कटर आ चॉकलेट बांटल गेल। पठन-पाठन सामग्री पाबि बच्चासभक चेहरा खिलि उठल। पुलिस बच्चा सभ कें नियमित रूप सं स्कूलजाएब आ मन लगा कए पढ़ाइ करबाक लेल प्रोत्साहित कएलनि। पुलिसक एहि पहलक उद्देश्य सुदूरवर्ती आ पूर्व नक्सल प्रभावित क्षेत्र मे ग्रामीणसभक बीच विश्वास मजबूत करब, भयक माहौल समाप्त करब तथा शिक्षा आ जागरूकताक माध्यम सं समाज कें मुख्यधारा सं जोड़ब अछि।

# वरीय मंडल परिचालन प्रबंधक सं भेटल माकपाक प्रतिनिधिमंडल

ललपनिया,समदिया



■ 13 सूत्री मांगपत्र सौंपलक

धनबाद रेल मंडलक वरीय मंडल परिचालन प्रबंधक मोहम्मद इकबाल सं माकपाक एकटा प्रतिनिधिमंडल भेट कएलक। प्रतिनिधिमंडलक नेतृत्व माकपाक राज्य कमेटी सदस्य प्रदीप कुमार विश्वास कए रहल छलाह। प्रतिनिधिमंडल मंडल परिचालन प्रबंधक कें 13 सूत्री मांगपत्र सौंपलक। मांगपत्र मे कोलकाता-अजमेर, कोलकाता-अहमदाबाद, धनबाद-भोपाल आ धनबाद-मुंबई जकां एक्सप्रेस ट्रेनक गोमिया मे ठहरावक संग चंद्रपुरा-गोमिया-बरकाकाना मार्ग सं पटना, नव दिल्ली, वेल्लोरक रास्ताभए कए केरल-कर्नाटक, हटिया, देवघर, जयपुर, इंदौर आ पुणे जकां जगहक लेल नव एक्सप्रेस ट्रेनक परिचालनक मांग कएल गेल अछि। प्रतिनिधिमंडल मे शामिल माकपाक गोमिया प्रखंड सचिव राकेश कुमार कहलनि जे गोमिया सं भए कए कतेको एक्सप्रेस ट्रेन गुजरैत अछि, मुदा हुनकर ठहराव गोमिया मे नहि होइत अछि। हुनकर पार्टी बहुत दिन सं एहि ट्रेनसभक ठहरावक मांग कें लए कए संघर्षरत अछि। मंडल परिचालन प्रबंधक कहलनि—सकारात्मक पहल कएल जाएत मंडल परिचालन प्रबंधक सकारात्मक आश्वासन दैत कहलनि जे एहि संबंध मे सकारात्मक पहल कएल जाएत। प्रतिनिधिमंडल मे माकपा जिला कमेटी सदस्य विनय महतो, सूरज कुमार आ अश्विनी कुमार शामिल छलाह।

# लोहरदगा मे बिजली आपूर्तिक व्यवस्था चरमरायल, 35क स्थान पर 16 मेगावाट बिजलीक आपूर्ति

लोहरदगा ,समदिया



जिला मे बरखा आ तेज हवाक बीच बिजली आपूर्तिक व्यवस्था एहि दिन सभ संकट सं गुजरि रहल अछि। शहरी क्षेत्र मे स्थिति अपेक्षाकृत नीक रहबाक बावजूद ग्रामीण क्षेत्रक उपभोक्ता कें निर्बाधबिजली नहि भेटि रहल अछि। लगातार ट्रिपिंग, बेर-बेर बिजली कटौती आ लोकल फॉल्टक कारण घंटो आपूर्ति बाधित रहला सं लोकक परेशानी बढ़ि गेल अछि। बिजली विभागक अधिकारीक अनुसार जिलाक आवश्यकताक अनुरूप पर्याप्त बिजली उपलब्ध नहि भए पाबि रहल अछि। ओतहि, विभिन्न स्थान पर फॉल्ट भेला सं सेहो आपूर्ति प्रभावित भए रहल अछि। जिला मे करीब 35 मेगावाट बिजलीक जरूरत अछि, जखनकि वर्तमान मे मात्र 15 सं 16 मेगावाट बिजलीक आपूर्ति भए पाबि रहल अछि। कम आपूर्तिक असर शहरी क्षेत्रक किछु हिस्सा सहित ग्रामीण क्षेत्रक करीब 1.20 लाख उपभोक्ता पर पड़ि रहल अछि।शहरी क्षेत्रक कतेको मोहल्ला मे पछिला 24 घंटा मे मात्र 10 सं 12 घंटा बिजली भेटि सकल। खास कए राति मे फॉल्टक नाम पर बहुत देर धरि बिजली गुल रहला सं लोक कें परेशानीक सामना करय पड़ि रहल अछि। बरखा आ तेज हवाक दौरान बिजली संकट आओर गंभीर भए जाइत अछि। जिलाक कतेको क्षेत्र मे बिजलीक तार पुरान आ जर्जर भए गेल अछि। उलझल आ जर्जर तार निर्बाध विद्युत आपूर्ति मे पैघ बाधा बनल अछि। पेशरार प्रखंड क्षेत्र मे बिछाओल गेल 11 हजार वोल्टक बिजली तार बहुत दिन सं जर्जर स्थिति मे अछि। स्थानीय जनप्रतिनिधिक दिस सं बेर-बेर तार बदलबाक मांग कएल गेल, मुदा ठोस पहल नहि भेला सं ग्रामीण सभ मे नाराजगी अछि। शहरक विभिन्न मोहल्ला मे सेहो फेज उड़बाक आ लोकल फॉल्टक समस्या बढ़ि गेल अछि। बहुत देर धरि बिजली गुल रहला सं लोकक खर्च सेहो बढ़ि गेल अछि। घर आ दोकान मे इनवर्टरक इस्तेमाल बढ़ल अछि। ओतहि, पेट्रोल पंप संचालकक अनुसार बिजलीक स्थिति खराब रहला पर जनरेटर चलाबय लेल प्रतिदिन करीब 400 सं 500 लीटर अतिरिक्त डीजल खर्च भए रहल अछि। "लगातार जर्जर तार कें बदलबाक आ खराब पड़ल ट्रांसफार्मर कें बदलबाक प्रक्रिया जारी अछि। बरखा मे थोड़ी-बहुत समस्या बढ़ैत अछि, जाहि कें सुचारु रूप सं आपूर्ति करबाक लेल प्रयास कएल जाइत अछि।" — अज्जू कच्छप, सहायक विद्युत अभियंता

# कोडरमा घाटी मे रिफाइन तेल सं भरल टैंकर पलटल

कोडरमा,समदिया

## प्लास्टिक डिब्बा आ बर्तन मे भरि कए लए गेल तेल



» तेल लूटबाक लेल ग्रामीण सभ मे मचल होड़

जिलाक सदर थाना क्षेत्र मे रिफाइन तेल सं भरल टैंकर पलटि गेल। दुर्घटना कोडरमा घाटी मे मेघातरी स्थित काली मंडाक लग ढलान बला मोड़ पर भेल। टैंकर पलटितहि एहि मे भरल रिफाइन तेल सड़कक किनार बहय लागल। दुर्घटनाक जानकारी भेटितहि पैघ संख्या मे स्थानीय लोक घटनास्थल पर पहुंचि गेलाह। चालक कें बचाबयक बजाय तेल लूटबाक लेल लोक सभ मे होड़ मचि गेल। टैंकर चालक शुख नैन सिंह बतौलनि जे ओ हल्दिया सं रिफाइन लए कए बिहार जा रहल छलाह। काली मंडाक लग पाछू सं आबि रहल एकटा ट्रक टैंकर कें ओवरटेक करबाक प्रयास कएलक। एहि दौरान टैंकर चालक दोसर ट्रक सं बचबाक प्रयास कएलनि, मुदा नियंत्रण गमा बैसलाह आ टैंकर सड़कक किनार पलटि गेल।प्लास्टिक डिब्बा आ बर्तन मे भरि कए लए गेल तेल टैंकर पलटबाक बाद पैघ संख्या मे ग्रामीण घटनास्थल पर जुटि गेलाह। किछु ग्रामीण टैंकरक केबिन मे फंसल चालक कें बाहर निकाललनि। एकर बाद लोक अपन हाथ मे प्लास्टिकक डिब्बा, स्टील आ एल्युमिनियमक बर्तन लए कए टैंकर सं रिफाइन तेल भरय लागलाह। घटनास्थल पर पुलिसक मौजूदगी नहि रहबाक कारण करीब आधा घंटा धरि तेल लूटबाक सिलसिला चलैत रहल। सड़क सं गुजरि रहल राहगीर सेहो ग्रामीणसभक एहि हरकत कें देखि कए हैरान होइत रहलाह। कतेको लोक हंसैत आगू बढ़ि गेलाह। दुर्घटना मे घायल चालक बेबस भए कए अपन सामान आ तेल लुटैत देखैत रहलाह। एहि दौरान केओ टैंकर सं तेल लूटय बला लोक कें रोकबाक प्रयास नहि कएलक। सूचना भेटबाक करीब आधा घंटा बाद कोडरमा थानाक पेट्रोलिंग गाड़ी घटनास्थल पर पहुंचल।पुलिस पहुंचितहि भागल ग्रामीण पुलिसक गाड़ी पहुंचितहि तेल लूटि रहल ग्रामीण घटनास्थल सं भागि गेलाह। पुलिस पलटल टैंकर कें अपन कब्जा मे लए लेलनि आ घायल चालक कें इलाज लेल कोडरमा सदर अस्पताल पठा देलनि। पुलिसआब टैंकर सं तेल लूटय बला लोकक पहचान करबा मे जुटल अछि। एहि लेल घटनास्थलक आसपास मौजूद लोक सभ आ घटनाक दौरान बनाओल गेल वीडियो सेहो जांच कएल जा रहल अछि।दुर्घटनाक कारण किछु समय लेल मुख्य मार्ग पर सेहो लोकक भीड़ जमा रहल। चालकक अनुसार, पाछू सं आबि रहल ट्रक सं बचबाक दौरान टैंकरक संतुलन बिगड़ि गेल छल। पुलिस आब दोसर ट्रक आ ओकर चालकक संबंध मे सेहो जानकारी जुटा रहल अछि।

# राष्ट्रीय कवि संगमक संस्थापक व राष्ट्रीय अध्यक्ष जगदीश मित्तलकनिधन सं साहित्य जगत मर्माहत

बोकारो,समदिया



राष्ट्रीय कवि संगम के संस्थापक व राष्ट्रीय अध्यक्ष जगदीश मित्तल के निधन सं साहित्य जगत मर्माहत अछि। राष्ट्रीय स्वयंसेवक संघ (आरएसएस) के वरिष्ठ प्रचारक, राष्ट्रीय कवि संगम के संस्थापक एवं राष्ट्रीय अध्यक्ष 76 वर्षीय जगदीश मित्तल के आकस्मिक निधन काल्ह, वृहस्पतिदिन दिल्ली मे इलाज के दौरान भए गेलनि। हुनक निधन के समाचार सोशल मीडिया पर अबिते साहित्य जगत मे शोकक लहरि पसरि गेल। देशभरिक साहित्यकार सभ शोक संवेदना व्यक्त करैत हुनक निधन के समाज आ साहित्य के लेल अपूरणीय क्षति बतओलनि अछि। राष्ट्रीय कवि संगम, बोकारो महानगर इकाई के अध्यक्ष अरुण पाठक शोक संवेदना व्यक्त करैत कहलनि जे साहित्य जगत के लेल हुनक निधन एकटा पैघ क्षति अछि। जगदीश मित्तल जी अपन जीवन साहित्य आ समाजक सेवा मे सर्मर्पितक देने छलाह। ओ असंख्य कवि एवं साहित्यप्रेमीसभक मार्गदर्शन केलनि। साहित्य आ काव्य जगत मे जगदीश मित्तल जी के सभ सं ऐतिहासिक योगदान राष्ट्रीय कवि संगम के स्थापना मानल जाइत अछि। ओ देशभरिक कवि सभ केंएकटा साझा मंच प्रदान कय कविता आ साहित्य के राष्ट्रनिर्माण एवं सकारात्मक चिंतनक सशक्तमाध्यम बनओलनि। राष्ट्र जागरण धर्म हमारा सूत्र वाक्य के चरितार्थ करैत राष्ट्रीय कवि संगम के इकाई आइ देशक लगभग सभ राज्य मे कार्यरत अछि। निधन सं एक सप्ताह पूर्व धरि साहित्यिक आयोजन सभ मे हुनक सक्रियता बनल रहल आ अनचोके दु तीन दिन पूर्व सोशल मीडिया पर हुनक तबीयत खराब होयबाक सूचना आ काल्हि सांझ हुनकर निधन के समाचार अत्यंत दुःखद एवं हृदयविदारक रहल। राष्ट्रीय कवि संगम, बोकारो महानगर इकाई के उपाध्यक्ष समीर स्वरूप गर्ग, उपाध्यक्ष करुणा कलिका, बोकारो जिला इकाई अध्यक्ष विद्या भूषण मिश्र, प्रदेश संगठन मंत्री डॉ श्याम कुंवर भारती, राष्ट्रीय मंत्री व प्रसिद्ध कवि दिनेश देवघरिया, प्रांतीय महामंत्री सरोज झा झारखंडी, प्रांतीय सह मंत्री व गीतकार राकेश नाजुक, कवि रोहित अंबष्ट, पीयूष राज, कल्पना झा, पंकज प्रियम, क्रांति श्रीवास्तव, रीना यादव, नितेश सागर, ब्रजेश पांडेय, रिंकू गिरि आदि से हो हुनक निधन पर गहीर शोक संवेदना व्यक्त कयलनि अछि।

# भागलपुर- गंगा मे बढ़ैत जलस्तर सं विकास काज प्रभावित

## कहलगांव-सुल्तानगंज मे स्थिति बेसी गंभीर

**भागलपुर, समदिया**

भागलपुर मे गंगाक लगातार बढ़ैत जलस्तर सं आम लोकक परेशानी बढ़बाक संगहि जिला मे चलि रहल कतेको महत्वपूर्ण विकास काज सेहो प्रभावित भए गेल अछि। गंगाक बढ़ैत पानिक असर आब विक्रमशिला समानांतर फोरलेन पुलक निर्माण काज पर सेहो देखाइ पड़य लागल अछि। पुल निर्माण मे जुटल एसपी सिंगलाकंस्ट्रक्शन कंपनीक दिस सं कराओल जा रहल निर्माण काज पानि बढ़लाक कारण फिलहाल रोकय पड़ल अछि। निर्माण स्थल पर काज बंद भेलाक बाद आधुनिक मशीनसभ गंगा किनार पर ठाढ़ अछि। गंगाक जलस्तर



**» डेंजर लेवल सं 47 सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल गंगा**

मे लगातार वृद्धि भेलाक कारण निर्माण स्थल आसपास पानि पहुंचय लागल अछि। एहन स्थिति मे मजदूर आ निर्माण काज मे उपयोग होमय बला भारी मशीनक सुरक्षा कें देखैत काज रोकि देल गेल अछि। निर्माण काज रुकला संपरियोजनाक गति प्रभावित भेल अछि। जं गंगाक जलस्तर एहि तरहे बढ़ैत रहल तं आबय बला दिन मे निर्माण काज सं जुड़ल अन्य हिस्सापर सेहो एकर असर पड़ि सकैत अछि।भागलपुर मे गंगाक जलस्तर 34.15 मीटर पहुंचल जल संसाधन विभागक आंकड़ा अनुसार 5 सितंबर कें भागलपुर मे गंगाक डेंजर लेवल33.68 मीटर दर्ज कएल गेल, जखनकि वर्तमान जलस्तर 34.15 मीटर पहुंचि गेलअछि। अर्थात भागलपुर मे गंगा खतराक निशान सं 47 सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। लगातार बढ़ैत जलस्तर कें लए नदी किनार रहनिहार लोक मे सेहो चिंता बढ़ैतजा रहल अछि। सुल्तानगंज मे गंगाक जलस्तर 36.25 मीटर दर्ज ओतहि, सुल्तानगंज मे स्थिति बेसी गंभीर बनल अछि। एतय गंगाक डेंजर लेवल 34.50 मीटर अछि, जखनकि वर्तमान जलस्तर 36.25 मीटर दर्ज कएल गेल अछि।एहि तरहे सुल्तानगंज मे गंगा खतराक निशान सं 1 मीटर 75 सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। जलस्तर बढ़ला सं नदी आसपासक निचला इलाका मे रहनिहार लोकक परेशानी बढ़ि गेल अछि। कहलगांव मे सेहो गंगा खतराक निशान सं ऊपर कहलगांव मे सेहो गंगा खतराक निशान सं बहुत ऊपर बहि रहल अछि। एतय डेंजरलेवल 31.09 मीटर निर्धारित अछि, जखनकि वर्तमान जलस्तर 32.30 मीटर दर्ज कएल गेल अछि। अर्थात कहलगांव मे गंगा 1 मीटर 21 सेंटीमीटर खतराक निशान संऊपर अछि। तीनू प्रमुख जलमाप केंद्र पर गंगाक जलस्तर खतराक निशान सं ऊपर रहला सं प्रशासन आ जल संसाधन विभागक चिंता बढ़ल अछि। गंगाक जलस्तर बढ़ला सं निर्माण स्थल पर काज प्रभावितगंगाक पानि बढ़बाक असर मात्र लोकक आवागमन आ निचला इलाका धरि सीमित नहि अछि, बल्कि जिला मे चलि रहल पैघ आधारभूत संरचना परियोजनापर सेहो पड़ि रहल अछि। विक्रमशिला समानांतर फोरलेन पुल भागलपुर लेल महत्वपूर्ण परियोजना अछि। एकर निर्माण सं भागलपुर सहित आसपासक जिलाक लोक कें आवागमन मे पैघ सुविधा भेटबाक उम्मीद अछि। मुदा वर्तमान मे गंगाक जलस्तर बढ़लाक कारणनिर्माण स्थल पर काज प्रभावित भए गेल अछि। बढ़ैत जलस्तरक बीच निर्माण काज रोकब सुरक्षाक दृष्टि सं जरूरीपानि कम भेलाक आ निर्माण स्थल लेल अनुकूल स्थिति बनलाक बादे फेर काज शुरू कएल जाएबाक संभावना अछि। फिलहाल बढ़ैत जलस्तरक बीच निर्माण काज रोकब सुरक्षाक दृष्टि सं जरूरी मानल जा रहल अछि।एहि बीच, गंगाक बढ़ैत जलस्तर सं नदी किनार आ दियारा क्षेत्र मे रहनिहार लोककमुश्किल सेहो बढ़ि गेल अछि। लगातार पानि बढ़ला सं ग्रामीण कें अपन घर, पशु आ जरूरी सामानक सुरक्षाक चिंता सताबय लागल अछि। निचला इलाका मे पानि पहुंचलाक कारण कतेको स्थान पर लोक कें आवागमन मे सेहो परेशानीक सामना करय पड़ि रहल अछि।

# गयाजी अफसर ट्रेनिंग अकादमी मे भेल पासिंग आउट परेड

## देश कें भेटल 253 नव अधिकारी

**गयाजी, समदिया**

अफसर ट्रेनिंग अकादमी (ओटीए) मे शनिदिन शॉर्ट सर्विस कमीशन (टेक्निकल एंट्री) पुरुष आ महिला कें चारिम बैचक पासिंग आउट परेडक आयोजनभेल। परेडक बाद 253 अफसर कैडेट भारतीय सेनाक हिस्सा बनि गेलाह। एहि मेएसएससी (टेक्निकल) पुरुष-65 कें 218 आ एसएससी (टेक्निकल) महिला-36 कें 35 अफसर कैडेट शामिल रहलीह। कतेको मासक कड़ा प्रशिक्षणक बाद कैडेट सभ सेना मेअधिकारीक रूप मे अपन नव पारी शुरू कएलनि। परेडक समीक्षा अधिकारी वियतनाम पीपुल्स आर्मी केर जनरल स्टाफक उप प्रमुख लेफ्टिनेंट जनरल ले वान हुओंग छलाह। हुनकर समक्ष अफसर कैडेट सभ शानदार ड्रिलक प्रदर्शन कएलनि। कदम सं कदम मिला कए कैडेट सभ आगू



**» कन्हा पर सितारा सजिते झूमि उठल कैडेट**

बढ़लाह। अनुशासन आ तालमेल देखिते बनि रहल छल। पूरा परिसर सैन्य जोश सं भरि गेल। परेडक कमान अकादमी अंडर ऑफिसर पी शशि कुमार संभैलनि। प्रशिक्षणक दौरानहुनकर शानदार प्रदर्शन लेल हुनका स्वॉर्ड ऑफ ऑनर देल गेल। हुनका समग्र योग्यताक्रम मे पहिल स्थान प्राप्त भेल अछि। हुनका स्वर्ण पदक सेहो भेटलनि। पी शशिकुमार कें गोरखा राइफल्स मे कमीशन भेटलनि।दोसर स्थान पर बटालियन अंडर ऑफिसर दीपक सिंह रावत रहलाह। हुनका रजतपदक भेटलनि। हुनका राजपूत रेजिमेंट मे कमीशन देल गेलनि। ओतहि अकादमी कैडेट एडजुटेंट नवनीत सिंह तेसर स्थान पर रहलाह। हुनका कांस्य पदक भेटलनि। नवनीत सिंह कें पैरा स्पेशल फोर्सेस मे कमीशन भेटलनि। कालीधर कंपनी बनल समग्र चैंपियन प्रशिक्षणक दौरान नीक प्रदर्शन लेल कालीधर कंपनी कें समग्र चैंपियन कंपनी चुनलगेल। कंपनी कें थल सेनाध्यक्ष बैनर प्रदान कएल गेल। एहि उपलब्धि सं कंपनीककैडेट सभ मे खुशीक लहरि अछि।समीक्षा अधिकारी लेफ्टिनेंट जनरल ले वान हुओंग नव अधिकारी सभ कें संबोधित कएलनि। ओ कहलनि जे बदलैत युद्धक्षेत्रक संग सेनाक अधिकारी सभ कें सेहो अपनाकें लगातार अद्यतन करय पड़त। तकनीक तेजी सं बदलि रहल अछि। एहन स्थिति मे नव अधिकारी सभ कें नव तकनीक मे दक्ष होमय पड़त।ओ अधिकारी सभ सं नवाचार अपनाबय आ अपन ज्ञान कें लगातार बढ़ाबयक अपील कएलनि। ओ कहलनि जे सेनाक अधिकारी सभ कें उद्देश्यपूर्ण आ दूरदर्शी नेतृत्व विकसित करबाक चाही। शांति हो अथवा युद्ध, प्रत्येक परिस्थिति मे जिम्मेदारीक संग काज करय पड़त।परेडक बाद पिपिंग समारोह सब सं भावुक पल रहल। जखन नव अधिकारीसभक कंधा पर सितारा सजल तं परिवारक आंखि मे खुशी स्पष्ट देखाइ पड़ल। जाहि बच्चा केंपरिवार बचपन सं पैघ होइत देखलक, आइ ओ सभ सेना मे अधिकारी बनि गेल छलाह।बिगुलक धुनक बीच पिपिंग समारोह भेल। एकर बाद पूरा परिसर 'भारत माता कीजय'क नारा सं गूंजि उठल। परिवार सभ अपन बेटा आ बेटीसभक एहि उपलब्धि केंगर्वक संग देखलनि। अकादमी एडजुटेंट लेफ्टिनेंट कर्नल प्रखर धागट नव-कमीशनप्राप्त अधिकारी सभ कें राष्ट्रसेवा आ सत्यनिष्ठाक शपथ देलनि। शपथक संगहि 253 युवा अधिकारी सभ भारतीय सेना मे नव जिम्मेदारी संभैलनि। आइ एहि अधिकारीसभक कंधा पर मात्र सितारा नहि अछि। देशक सुरक्षा आ सम्मानक जिम्मेदारी सेहो अछि। ओटीए गया सं निकलल ई अधिकारी सेना कें अलग-अलग रेजिमेंट आ शाखा मे अपन सेवा देताह।

# शिवहर मे 2919 परिवार कें भेटत नव आवास, दुर्गा पूजा सं पहिने पूरा होयत जगदीश नंदन सिंह पथ

**» शहर कें भेटत पहिल पार्क**

**शिवहर, समदिया**

शिवहर नगर परिषद क्षेत्र मे आवास, सड़क, नाला, जल निकासी, स्वच्छता आ शहरक सौंदर्यीकरण सं जुड़ल योजनाक काज मे तेजी आनबाक दावा कएल गेलअछि। शुक्रदिन नगर परिषद कार्यालय मे आयोजित प्रेस कॉन्फ्रेंस मे सभापति राजन नंदन सिंह नगर परिषदक उपलब्धि आ आगांक योजनाक जानकारी देलनि।3122 लाभार्थी कें भेटल आवासक पूरा भुगतान सभापति कहलनि जे वर्ष 2021 सं पहिने आवास योजना अंतर्गत नगर परिषद कें कुल 4400 आवास भेटल छल। एहि मे 700 आवास वापस भए गेल, जखनकि 3700 आवास शेष रहल। वर्ष 2021 धरि 1118 लाभार्थी कें आवासक पूरा राशि भुगतान कएल गेल छल। आब ई संख्या बढ़ि कए 3122 भए गेल अछि। आवास योजना 2.0 मे 2919 परिवार कें स्वीकृति नव आवास योजना 2.0क पहिल चरण मे 241 लोक कें आवास भेटि चुकल अछि। ओतहि दोसर चरण मे 2919 परिवारक आवास स्वीकृत कएल गेल अछि। एहि मेसामान्य वर्गक 540, ओबीसीक 1592, एससीक 783 आ एसटीक चारि परिवारशामिल अछि। स्वीकृत लाभार्थी सभक संग 15 सितंबर 2026 सं एग्रीमेंटक प्रक्रिया शुरू कएल जाएत।दुर्गा पूजा सं पहिने जगदीश नंदन पथ होयत पूरा सभापति कहलनि जे शहरक महत्वपूर्ण जगदीश नंदन सिंह पथक निर्माण काज दुर्गा पूजा सं पहिने पूरा करबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। एकर अतिरिक्त जेलक लग जिलाधिकारीक



दिस सं उपलब्ध कराओल जमीन पर शहरक पहिल पार्क 'नगर वन' विकसित कएल जाएत। पिच्छियारी पोखरि कें बनाओल जाएत पर्यटन स्थल नगर परिषद पिच्छियारी पोखरि कें मॉडल रूप मे विकसित करबाक तैयारी मे अछि। एकरा आसपासक जिलाक लेल मिसाल बनेबाक संगहि शहरवासी लेल आकर्षण आ पर्यटन स्थल रूप मे विकसित करबाक योजना अछि। तीन वर्ष मे कतेको सड़क आ नाला पर भेल काज सभापतिक अनुसार, पछिला तीन वर्ष मे नंदलाल गली, विद्या विहार बला सड़क,खादी भंडार सड़क, महिला थाना रोड, पंचमुखी हनुमान मंदिर सड़क आ बीआरसी रोड सहित कतेको सड़क पर काज कराओल गेल अछि। ओतहि सुंदरपुर मुख्य नाला, दाउद छपरा मुख्य नाला आ इस्लामपुर-चिकनौटा नाला सहित जल निकासी सं जुड़ल योजनापर सेहो काज भेल अछि। प्रत्येक मास जनता दरबार आ जन सहयोग शिविर नगर परिषदक दिस सं अक्टूबर सं प्रत्येक मासक दोसर बृहस्पति कें जनता दरबार लगाओल जाएत। एकर अतिरिक्त प्रत्येक शुक्रदिन जन सहयोग शिविर आयोजित कएल जाएत। सभापति कहलनि जे एहि शिविरक माध्यम सं लोकक समस्या सुनिओकर समाधानक दिशा मे काज कएल जाएत।

# नालंदा- ओंदा मे जिरायन नदीक तटबंध 70 फीट टूटल, 6 गाम पर बाढ़िक खतरा

## 2500 बीघा फसल डूबल, ग्राउंड जीरो पर पहुंचलाह डीएम-एसपी आ सांसद

**नालंदा, समदिया**

बरखा थमलाक बाद नालंदा जिलाक नदीसभक जलस्तर मे मामूली नरमी आएल अछि, मुदा बाढ़ि सं तबाहीक सिलसिला नहि थमल अछि। अस्थावां प्रखंडक ओंदा मे जिरायन नदीक तटबंध टूटला सं शुक्रदिन स्थिति आरो बिगड़ि गेल। पानिक प्रचंड दबावक कारण कटावक दायरा 25 फीट सं बढ़ि कए करीब 70 फीट धरि पहुंचि गेल अछि। खेत मे तेजी सं पानि पसरला सं अस्थावांक 6 गांव पर बाढ़िक सीधा खतरा मंडरा रहल अछि। हालांकि, राहतक बात ई रहल जे बिंद प्रखंडक उतरथूआ सलेमपुरक लग क्षतिग्रस्त तटबंध कें दुरुस्त कए पैघ खतरा टारि देल गेल अछि। ढाई हजार बीघा मे फसल बर्बाद, किसान पर दोहरी मारि ओंदाक महम्मदपुर खंधाक लग तटबंध टूटला सं ओंदा, नेरुत,



गोमचक, मौलाना बिगहा आ भिखनी बिगहाक किसान कें भारी नोकसान भेल अछि। ढाई हजार बीघा संबेसी मे लागल धान, मक्का आ तरकारीक फसल पूरा तरहे डूबि गेल अछि। ओंदाकमुखिया सुरेंद्र कुमार कहलनि जे पानिक फैलाव लगातार नव इलाका दिस भए रहलअछि।स्थानीय ग्रामीणक अनुसार, तटबंध धरि जाए लेल सुगम बाट नहि रहबाक कारणनिर्माण सामग्री पहुंचाबय मे आबि रहल कठिनाइ सं मरम्मति काज मे बाधा पहुंचि रहल अछि।सोहसराय मे पुलक ऊपर सं बहल पानि, उदेरा स्थान सं कम भेल डिस्चार्जपंचाने नदीक उफान सं बिहारशरीफक निचला इलाका सोहसराय अड्डा पर स्थितपुरान पुलक ऊपर सं डेढ़ फीट पानि बहय लागल। सुरक्षा कें देखैत प्रशासन पुलक दुनूकात बैरिकेडिंग कए देने अछि, मुदा तइयो किछु लोक जान खतरा मे राखि कए आवागमन करैत देखल गेलाह। ओतहि पश्चिमी इलाका मे लोकाइन, भूतही आ कड़ुआ नदीक जलस्तर मे गिरावट आएल अछि। उदेरा स्थान बराज सं डिस्चार्ज 16 हजार क्यूसेक सं घटा कए 4 हजारक्यूसेक कए देल गेल अछि, जाहि सं तटीय इलाका कें आंशिक राहति भेटल अछि। डीएम-एसपी आ सांसद पहुंचलाह ग्राउंड जीरो परस्थिति गंभीर देखैत डीएम उदिता सिंह आ एसपी हृदयकांत प्रभावित उतरथू आ ओंदाक स्थलीय निरीक्षण कएलनि। डीएम अधिकारी सभ कें तटबंधक 24 घंटा निगरानी करबाक, पीड़ित कें सुखायल राशन, शुद्ध पेयजल, दवाइ आ पशु लेल चारा उपलब्ध कराबयक सख्त निर्देश देलनि। ओ लापरवाही बरतनिहार कर्मी पर कारबाइक चेतावनी देलनि। एहि बीच, स्थानीय सांसद कौशलेंद्र कुमार सेहो कटाव स्थल पर पहुंचि किसान सभ सं भेंट कएलनि आ अधिकारी सभ कें बांधक मरम्मति युद्धस्तर पर पूरा करबाक कहलनि। प्रशासन नागरिकक सहायता लेल आपातकालीन हेल्पलाइन नंबर (06112-233168 आ 8789858336) जारी कएलक अछि।

## विविध

# राति भरि जागि कए पढ़ैत अछि बच्चा? विशेषज्ञ देलनि चेतावनी

## माथ सं लए कए रोग-प्रतिरोधक क्षमता धरि पड़ि सकैत अछि असरि

परीक्षाक दिन मे बच्चा प्रायः राति-राति भरि जागि कए पढ़ाइ करैत अछि, मुदा ई आदत हुनकर पढ़ाइक संग-संग स्वास्थ्य पर सेहो भारी पड़ि सकैत अछि। विशेषज्ञक अनुसार, पर्याप्त निद्रा नहि भेला सं स्मरणशक्ति, ध्यान, रोग-प्रतिरोधक क्षमता आ भावनात्मक स्वास्थ्य प्रभावित भए सकैत अछि। आइ-काल्हि एकटा नव प्रवृत्ति चलि रहल अछि आ ओ अछि राति मे जागब। पैघ तं पैघ, बच्चा सेहो राति भरि जागि कए परीक्षाक तैयारी करैत अछि। हालांकि पहिनुका समय मे कहल जाइत छल जे भोर मे पढ़ाइ करबाक चाही। डॉ. सुमोल रत्ना (सहायक प्रोफेसर, चिकित्सा विभाग, नोएडा इंटरनेशनल इंस्टीट्यूट ऑफ मेडिकल साइंसेज, कॉलेज एंड हॉस्पिटल) बतबैत छथि जे आइक समय मे अधिकांश बच्चा मे राति मे पढ़बाक आदत देखल गेल अछि। परीक्षा समय मे सेहो बच्चा राति-राति भरि पढ़ैतरहैत अछि, मुदा राति मे पढ़ब बच्चा लेल नोकसानदायक सेहो भए सकैत अछि। राति मे शांति रहैत अछि आ पढ़बाक लेल ई सब सं नीक समय अछि, एहन बहुतो लोक कें लगैत अछि, मुदा एहि आदत सं माथ आ शरीर दुनू पर गहींर असर पड़ैत अछि। डॉ. सुमोल रत्ना कहलनि जे हमर शरीरक भीतर सर्केडियन रिदम



होइत अछि, जे शरीरक जागबाक आ सुतबाक समय निर्धारित करैत अछि। मुदा जं कोनो व्यक्ति पूरा राति जागैत अछि तं ओकर रिकवरी सिस्टम खराब भए सकैत अछि। राति मे मस्तिष्क स्मृति सभ कें सुरक्षित करैत अछि, मांसपेशी अपना कें स्वस्थ करैत अछि आ अंग सभ अपन रोग-प्रतिरोधक प्रणाली कें मजबूत करबा मे जुटि जाइत अछि। पूरा राति जागला सं ई पूरा प्रणाली प्रभावित भए जाइत अछि, जाहि सं शरीरक बहुतो जरूरी काज ठीक सं नहि भए पबैत अछि। संक्रमण आ रिकवरी मे लगैत अछि बेसी समय जखन बच्चा राति भरि जागैत अछि तं हुनकर स्मरणशक्ति कमजोर होमय लगैत अछि, किएक तं राति मे सुतलाक समय मस्तिष्क स्मृति सभ कें सुरक्षित करैत अछि। मुदा नींद पूरा नहि भेलाक कारण मस्तिष्क जानकारी कें ठीक सं सुरक्षित नहि कए पबैत अछि। एहि कारण बच्चा पढ़ल विषय बिसरि जाइत अछि आ हुनका बेर-बेर दोहराबऽ पड़ैत अछि। कखनो-कखनो एहि कारण परीक्षा समय मे सेहो बच्चा उत्तर बिसरि जाइत अछि। एहि कारण मस्तिष्कक ध्यान देबाक क्षमता सेहो कम भए जाइत अछि, जाहि सं बच्चा बेर-बेर विचलित होइत अछि आ हुनकर निर्णय लेबाक क्षमता कम भए जाइत अछि। राति भरि जागनिहार बच्चा मे चिड़चिड़ापन आ तनाव बढ़ि जाइत अछि, जे नींद मे कमी भेलाक कारण होइत अछि आ भावनात्मक स्वास्थ्य कें प्रभावित करैत अछि। एकर असर हुनकर रोग-प्रतिरोधक क्षमता पर सेहो पड़ैत अछि, जाहि सं बच्चा कें संक्रमण सं उबरबा मे बेसी समय लगैत अछि। देर राति धरि जागला सं वजन बढ़बाक, ऊर्जा स्तर कम होएबाक आ तनावक खतरा बढ़ि जाइत अछि। एकर संग माइग्रेन, माथ दर्द, आंखि मे दर्द आ हृदय सं जुड़ल रोगक खतरा सेहो बढ़ि सकैत अछि। एहि कारण बच्चाक उत्पादकता पर सेहो बहुत असर पड़ैत अछि। प्रयास करबाक चाही जे पढ़बाक काज दिन मे अथवा सांझ धरि पूरा भए जाए, जाहि सं शरीर कें पर्याप्त आराम भेटि सकय। जं कखनो राति मे जागब जरूरी भए तं पर्याप्त पानि पिअय, स्वस्थ भोजन करय आ पूरा नींद लेबाक प्रयास करय। मुदा ध्यान राखबाक चाही जे देर राति धरि जागब नीक आदत नहि अछि। बच्चा लेल समय पर सुतब बहुत जरूरी अछि। नीक स्वास्थ्य लेल पर्याप्त पोषक तत्व बला भोजन करबाक चाही आ शरीर मे पानि पर्याप्त राखबाक चाही। जतबा संभव हो कैफीन सं दूर रहबाक चाही आ व्यायामक संग-संग ध्यानक अभ्यास सेहो करबाक चाही।

# मानसून मे बढ़ि सकैत अछि हार्ट अटैकक खतरा, छाती मे दर्द आ सांस फूलबाक लक्षण कंत नहि अनठियाबी



मानसूनक मौसिम गर्मी सं राहति दैत अछि, मुदा प्रायः लोक एहि बात पर ध्यान नहि दैत अछि जे मानसूनक मास मे बेसी नमी दिल पर अतिरिक्त दबाव डालि सकैत अछि। एकर मुख्य कारण अछि जे नमी बला मौसिम मे पसीना आसानी सं नहि सुखाइत अछि, जाहि सं शरीर कें ठंडा होमय मे कठिनाइ होइत अछि। एहन परिस्थिति मे शरीर कें ठंडा राखबाक लेल हमर दिल कें त्वचा धरि बेसी रक्त पंप करय पड़ि सकैत अछि। स्वस्थ लोक तं एकरा संभालि सकैत छथि, मुदा हृदय रोग अथवा उच्च रक्तचापक समस्या सं पीड़ित लोक लेल खतरा बेसी भए सकैत अछि। रक्त संचार सं जुड़ल समस्या डॉ. समीर गुप्ता (वरिष्ठ इंटरवेंशनल कार्डियोलॉजिस्ट, ग्रुप कैथ लैब निदेशक, मेट्रो हॉस्पिटल्स) कहलनि जे बेसी नमीक कारण शरीर मे पानिक कमी सेहो भए सकैत अछि, भले लोक कें प्यास नहि लागय। बहुत बेसी पसीना होमय सं शरीर सं तरल पदार्थ आ इलेक्ट्रोलाइट्स निकलि जाइत अछि, जाहि सं रक्त संचार सं जुड़ल समस्या भए सकैत अछि। किछु हद धरि शरीर मे पानिक कमी सं दिलक धड़कन अनियमित भए सकैत अछि आ चक्कर सेहो आबि सकैत अछि। ई हुनका लेल विशेष रूप सं खतरनाक अछि जे रक्तचाप आ हृदय सं जुड़ल समस्या लेल दवाइ लैत छथि। बरखाक मौसिम मे शारीरिक गतिविधि सेहो एकटा मुख्य समस्या होइत अछि। लगातार बरखा आ नमीक कारण लोक घर मे रहैत छथि आ कम सक्रिय रहि पबैत छथि। एक दिस, एकर कारण जंक फूड, जेना तलल-भुजल आ नमकीन भोजन तथा मीठ पेय पदार्थक सेवन बढ़ि जाइत अछि। दोसर दिस, एकहि स्थान पर बैसल रहबाक जीवनशैली सं वजन बढ़बाक, उच्च रक्तचापक समस्या होएबाक आ कोलेस्ट्रॉलक स्तर अनियंत्रित होएबाक आशंका बढ़ि जाइत अछि। एहि लक्षण पर दियौक ध्यान हृदय रोग सं पीड़ित लोक कें चिंताजनक लक्षण कें नजरअंदाज नहि करबाक चाही। एहि मे सांस फूलब, छाती मे दर्द, बहुत बेसी पसीना होएब, थकान आ चक्कर एबाक संग दिलक धड़कन मे बदलाव शामिल अछि। एहि लक्षण कें मात्र मौसिमक कारण नहि मानबाक चाही, खास कए जखन ई अनचोके अथवा गंभीर रूप सं देखाइ पड़य। हृदय रोग सं बचाव लेल शरीर मे पानिक कमी नहि होमय दियौक, नमकीन आ अस्वस्थ भोजन सं बचू, हल्का आ स्वस्थ भोजन करू आ सक्रिय रहू। जिनका हृदय सं जुड़ल समस्या अछि, हुनका अपन दवाइ नियमित रूप सं लैत रहबाक चाही आ डॉक्टरक सलाहक पालन करबाक चाही।

# यूएन मे पास भेल नक्शा बदलय बला प्रस्ताव मात्र अमेरिका किएक कएलक विरोध?








न्यूयार्क, एजेंसी

संयुक्त राष्ट्र महासभा दुनियांक वर्तमान नक्शा मे परिवर्तन करबाक लेल मतदान कएलक अछि। एहि प्रस्तावक उद्देश्य अफ्रीका महादेशक वास्तविक आकार कें बेसी सटीक रूप सं देखेनिहार नक्शाक प्रयोग कें बढ़ावा देब अछि। संयुक्त राज्य अमेरिका एकमात्र देश छल, जे एहि प्रस्तावक विरोध कएलक। प्रस्ताव कें फ्रांस, ब्रिटेन सहित 164 देशक समर्थन भेटल, जखन कि छओ देश मतदान मे भाग नहि लेलक।

प्रस्तावक विरोध करैत संयुक्त राष्ट्र मे अमेरिकी प्रतिनिधि कहलनि जे ई संयुक्त राष्ट्रक काज आ उद्देश्यक उपहास करैत अछि। टोगो एहि प्रस्तावक प्रमुख समर्थक देश मे छल। अफ्रीकी संघक सदस्य देश सभ सेहो प्रस्तावक समर्थन कएलनि। संयुक्त राष्ट्र मे भेल ई मतदान बाध्यकारी नहि अछि, मुदा एकर प्रभाव दुनियां भरिक विभिन्न संस्था द्वारा प्रयोग कएल जाएबला विश्वक नक्शा पर पड़ि सकैत अछि। सोलहम शताब्दी सं प्रचलित विश्वक नक्शाक आलोचना एहि कारण सं होइत रहल अछि जे ओ अफ्रीका महादेशक आकार कें ग्रीनलैंडक लगभग बराबर देखबैत अछि, जखन कि वास्तव मे अफ्रीका ग्रीनलैंड सं करीब 14 गुना पैघ अछि।

आलोचक सभक कहब अछि जे एहि तरहक नक्शा भूमध्य रेखाक लग स्थित देश सभक विकास संबंधी आवश्यकता आ संभावना कें कमतर देखाबैत अछि। मर्केटर मानचित्रक डिजाइन 1569 मे फ्लैमिश मानचित्रकार गेरार्डस मर्केटर कएलनि। ई नक्शा विशेष रूप सं यूरोपीय खोजकर्ता सभ कें दुनियां भरि यात्रा करय मे सहायता करबाक लेल तैयार कएल गेल छल।

## वर्तमान नक्शा मे की गड़बड़ी अछि?

गेरार्डस मर्केटरक नक्शा मे मुख्य समस्या एहि कारण सं अछि जे पृथ्वीक गोलाकार सतह कें द्वि-आयामी चार्ट पर पूर्ण रूप सं सटीक देखेनाइ संभव नहि अछि। जखन पृथ्वीक नक्शा तैयार कएल जाइत अछि, तखन किछु ने किछु बात मे समझौता करब आवश्यक भए जाइत अछि। मर्केटर नक्शा पृथ्वीक वक्रता कें देखबैत अछि।

एहि कारण सं भूमध्य रेखाक लग स्थित देश सभ अपन वास्तविक आकार सं छोट देखाइत अछि, जखन कि ध्रुवक लगक देश सभ वास्तविक आकार सं बहुत पैघ देखाइत अछि। एहि विसंगति कें दूर करबाक प्रयास मे नक्शा विशेषज्ञ सभक एक टीम 2018 मे समान क्षेत्रफल बला नक्शा तैयार कएलक। एकरा इक्वल अर्थ प्रोजेक्शन नाम देल गेल। फरवरी मे अफ्रीकी संघक 54 सदस्य देश एहि नक्शा कें स्वीकार कएलनि। संघक कहब छल जे ई नक्शा सभ महादेशक, विशेष रूप सं अफ्रीकाक वास्तविक आकार कें बेसी सटीक रूप सं प्रस्तुत करैत अछि। ऑनलाइन अभियान चलाबयबला समूह हैशटैग कोरेक्ट द मैप कहलनि जे अफ्रीका महादेशक भीतर अमेरिका, चीन, भारत, जापान, मैक्सिको आ यूरोपक एकटा पैघ हिस्सा समेटल जा सकैत अछि आ तैयो किछु भूमि शेष बचि जाएत। शुक्र कें मतदान सं पहिने टोगोक विदेश मंत्री रॉबर्ट डुसे समाचार एजेंसी रॉयटर्स सं कहलनि जे निष्पक्ष दुनियांक शुरूआत एकटा निष्पक्ष नक्शा सं होइत अछि। एहि सं पहिने संयुक्त राष्ट्रक एकटा ब्रीफिंग मे सेहो ओ कहलनि जे नक्शा कहियो तटस्थ नहि होइत अछि। नक्शा लोकक धारणा कें आकार दैत अछि आ दुनियांक लोक आ महादेशक स्थिति कें बुझबाक तरीका पर एकर प्रभाव पड़ैत अछि। रॉबर्ट डुसेक एहि विचार कें फ्रांसक विदेश मंत्री ज्यां-नोएल बरोट सेहो समर्थन कएलनि। ओ कहलनि जे हुनकर मंत्रालय मर्केटर नक्शाक प्रयोग बंद करबाक निर्णय लेने अछि। फ्रांसक विदेश मंत्री कहलनि जे नक्शा बदलला सं निश्चित रूप सं दुनियां नहि बदलि जाइत अछि, मुदा विकृत नक्शा कें सुधारब आवश्यक काज अछि।

**एहि प्रस्तावक उद्देश्य अफ्रीका महादेशक वास्तविक आकार कें बेसी सटीक रूप सं देखेबाक अछि**

## अमेरिका किएक कएल विरोध?

संयुक्त राष्ट्र मे अमेरिकी प्रतिनिधि यारीना फेरेंसेविच प्रस्तावक विरोध करैत कहलनि जे ई संयुक्त राष्ट्र महासभाक काज आ उद्देश्यक उपहास करैत अछि। हुनकर कहब छल जे अंतरराष्ट्रीय शांति, समृद्धि आ देश सभक बीच नीक संबंध जेकां वास्तविक समस्या पर ध्यान देबाक बदला संस्था सोलहम शताब्दीक नक्शा निर्माण पद्धति, ओकर क्षति आ कॉग्निटिव जस्टिस सन विषय पर बहस कए रहल अछि। मार्च मे सेहो अमेरिका एकटा अन्य प्रस्तावक कड़ा आलोचना केने छल। एहि प्रस्ताव मे ट्रांस-अटलांटिक दास व्यापार कें मानवता विरुद्ध सभ सं गंभीर अपराध घोषित कएल गेल छल।

## नक्शा मे अफ्रीका एतेक छोट किएक देखाइत अछि?

मर्केटर नक्शा कें हटेबाक अभियान सं जुड़ल संगठन अफ्रीका नो फिल्टरक लेरोटो मोगोएथले कहलनि जे विश्वक नक्शा मे अफ्रीकाक आकार छोट देखेनाइ मात्र मानचित्र निर्माणक तकनीकी गड़बड़ी नहि अछि, बल्कि ई एकटा धारणा आ कथानकक विषय सेहो अछि। हुनकर अनुसार, अफ्रीकाक संबंध मे दुनियांक स्तर पर बनल गलत धारणा आ दुष्प्रचार कें समाप्त करबाक प्रयासक ई हिस्सा अछि।

केन्याक भूगोलवेत्ता किओको मुएंदोक अनुसार मर्केटर नक्शा अप्रत्यक्ष रूप सं अफ्रीकी महादेशक विशाल प्राकृतिक संसाधन, जनसंख्या आ निवेशक अवसर सभ कें कमतर आंकबाक धारणा कें बढ़ावा देने अछि। ओ कहलनि जे नक्शा यात्रिक लेल मात्र मार्गदर्शक नहि होइत अछि। नक्शा ई तय करबाक मे सेहो भूमिका निभबैत अछि जे कोनो क्षेत्र कें राजनीतिक आ आर्थिक दृष्टि सं कोना देखल जाए।

# भारतीय सेना कें पैघ सफलता, जम्मू-कश्मीर मे लश्करक पाकिस्तानी कमांडर मारल गेल





श्रीनगर, एजेंसी

जम्मू-कश्मीरक बडगाम जिला स्थित ऊपरी इलाका मे भारतीय सेना कें पैघ सफलता भेटल अछि। शनिदिन यूसमर्ग इलाका मे सुरक्षाबल आ आतंकवादीक बीच भेल मुठभेड़ मे लश्कर-ए-तैयबाक पाकिस्तानी कमांडर यासिर मारल गेल। सुरक्षाबल कें क्षेत्र मे आतंकवादी सभक उपस्थितिक गुप्त सूचना भेटल छल, जाहि आधार पर तलाशी अभियान शुरू कएल गेल छल।

इंडिया टुडेक अनुसार, यासिर लश्कर-ए-तैयबाक सुलेमान मूसा समूह सं जुड़ल छल। मुदा करीब एक वर्ष पहिने ओ समूह सं अलग भए गेल छल। तकर बाद ओ स्वतंत्र रूप सं आतंकी गतिविधि कें अंजाम दए रहल छल। सुरक्षाक एजेंसी सभ बहुत दिन सं ओकर गतिविधि पर नजरि रखने छल। इलाका मे ओकर उपस्थितिक जानकारी भेटलाक बाद सुरक्षाबल ओकर खोज मे अभियान शुरू कएलक। तलाशी अभियानक दौरान आतंकवादी आ सुरक्षाबलक बीच मुठभेड़ शुरू भए गेल। एहि मुठभेड़ मे यासिर मारल गेल। सूत्रक अनुसार, समूह सं अलग भेलाक बाद यासिर एहि इलाका मे लश्कर-ए-तैयबाक एकटा महत्वपूर्ण आतंकी संचालकक रूप मे उभरल छल। यूसमर्गक ऊपरी इलाका मे ओकर कथित उपस्थितिक सूचना भेटलाक बाद सुरक्षाबल विशेष अभियान शुरू कएलक। ई अभियान विशेष बल आ 53म राष्ट्रीय राइफल्सक संयुक्त कारबाइक हिस्सा छल। एहि सं पहिने श्रीनगर स्थित सेनाक चिनार कोर सोशल मीडिया मंच एक्स पर कहलनि जे विशिष्ट गुप्त सूचनाक आधार पर भारतीय सेना, जम्मू-कश्मीर पुलिस आ केंद्रीय रिजर्व पुलिस बल (सीआरपीएफ) बडगामक अशदर गली मे संयुक्त तलाशी अभियान शुरू केने छल। घाटी मे कतेको मास धरि शांति रहलाक बाद भेल एहि मुठभेड़ कें सुरक्षाबलक लेल महत्वपूर्ण सफलता मानल जा रहल अछि।

**सुरक्षाबल गुप्त सूचनाक आधार पर केलक कारबाइ**

**सांबा मे पुलिस आ बीएसएफक संयुक्त तलाशी अभियान :** एहि बीच, जम्मू-कश्मीरक सांबा जिला मे सेहो सुरक्षा व्यवस्था मजबूत करबाक लेल पुलिस आ सीमा सुरक्षा बल (बीएसएफ) संयुक्त रूप सं तलाशी आ निगरानी अभियान चलौलक। ई अभियान शुक्रदिन सीमावर्ती इलाका मे सतर्कता बढ़ेबाक उद्देश्य सं चलाओल गेल। अधिकारी सभक अनुसार, अभियान रीगल गाम सं शुरू भेल आ चिल्लेरियां, नडाला आ प्लूरा इलाका धरि चलल। एहि दौरान सुरक्षाकर्मी सभ संवेदनशील क्षेत्र आ चिह्नित मार्गक गहन जांच कएलनि।

संगहि, महत्वपूर्ण स्थान सभ पर सुरक्षाबलक मौजूदगी कायम राखल गेल। अभियानक दौरान पुलिस आ बीएसएफक विशेष संयुक्त दल कें रणनीतिक महत्वक स्थान सभ पर तैनात कएल गेल। सांबाक अपर पुलिस अधीक्षक, विशेष अभियान समूह (एसओजी) केर पुलिस उपाधीक्षक आ बीएसएफक एकटा निरीक्षक अभियानक निगरानी कएलनि। सुरक्षाबलक कहब अछि जे सीमावर्ती इलाका मे कोनो संदिग्ध गतिविधि पर नजरि राखबाक लेल एहि तरहक संयुक्त तलाशी आ निगरानी अभियान नियमित रूप सं चलाओल जा रहल अछि।

## खर्ग द्वीपक लग पैघ हमला, अमेरिकाक निशाना बनल ईरानी तेल टैंकर

**नई दिल्ली, एजेंसी।** अमेरिका आ ईरानक बीच तनाव एक बेर फेर चरम दिस बढ़ि रहल अछि। एहि बीच ईरानी मीडियाक दिस सं खर्ग द्वीप पर पैघ हमलाक दावा कएल गेल अछि। जानकारीक अनुसार खर्ग द्वीपक लग जोरदार धमाकाक आवाज सुनाइ पड़ल। ई धमाका ओहि ठाम भेल अछि, जतय ईरानक प्रमुख तेल केंद्र स्थित अछि। एसएनएनक रिपोर्टक अनुसार खर्ग द्वीपक लग ईरानक एक तेल टैंकर कें निशाना बनाओल गेल अछि। एखन



धरि ई स्पष्ट नहि भए सकल अछि जे अमेरिकाक दिस सं मात्र ईरानी टैंकर कें निशाना बनाओल गेल अछि अथवा खर्ग द्वीपपर सेहो हमला कएल गेल अछि। किछु दिन पहिने अमेरिका दिस सं एआई वीडियो जारी कए दावा कएल गेल छल जे खर्ग द्वीप कें ध्वस्त कए टुकड़ा-टुकड़ा कए देल गेल अछि। मुदा ईरान अमेरिकाक एहि दावा कें खारिज कए देने छल। अमेरिका एक दिस सैन्य कारबाइ जारी रखने अछि, मुदा दोसर दिस कहल जा रहल अछि जे ई युद्ध नहि अछि। अमेरिका उपराष्ट्रपति जे. डी. वेंस सं ह्वाइट हाउस मे पत्रकार सम्मेलनक दौरान पूछल गेल जे तीन नवंबर कें होमयवाला संसदीय चुनाव सं पहिने ई संघर्ष समाप्त भए सकैत अछि कि नहि। एहि पर वेंस कहलनि जे ओ एकरा युद्ध नहि कहताह आ फिलहाल सक्रिय गोलीबारी नहि भए रहल अछि।

## मोदी पुछलनि, जनता सं कोना गप्प करब? महिला शिक्षिका देलनि टिप्स

नई दिल्ली, एजेंसी

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी शनिदिन शिक्षक दिवसक अवसरपर एहि वर्ष राष्ट्रीय पुरस्कार प्राप्त करयबला 48 शिक्षक सं बात केलनि। प्रधानमंत्रीक यूट्यूब चैनलपर एहि बातक पांच मिनटक वीडियो सेहो जारी कएल गेल। प्रधानमंत्री एक महिला शिक्षिका सं पुछलनि जे अहां बच्चा सभ कें सार्वजनिक रूप सं अपन बात रखबाक प्रशिक्षण दैत छी। जं हम अहांक विद्यार्थी छी आ नीक वक्ता बनय चाहैत छी तं हमरा की-की करबाक चाही? एहि पर शिक्षिकाक उत्तर छल जे सभ सं पहिने आत्मविश्वास देखेनाइ जरूरी अछि। प्रधानमंत्री हंसैत पुछलनि जे आखिर ई आत्मविश्वास कोना आयत? शिक्षिकाक कहलनि जे एकरा लेल निरंतर अभ्यास करबाक पड़ैत अछि। एहि वर्ष तीन विभाग सं कुल 82 शिक्षक आ शिक्षाविद कें राष्ट्रीय शिक्षक पुरस्कार लेल चुनल गेल अछि। एहि मे 48 स्कूली शिक्षक छथि। एकर अतिरिक्त उच्च शिक्षण संस्थान आ पॉलिटेक्निक सं 21 संकाय सदस्य तथा कौशल विकास आ उद्यमिता मंत्रालय सं 13 कौशल प्रशिक्षक चुनल गेल छथि।

**स्क्रीन टाइम पर चर्चा :** प्रधानमंत्री स्क्रीन टाइमक विषय मे कहलनि जे ई आब एक प्रकारक लत बनैत जा रहल अछि। हुनकर विचार छल जे जं बच्चा खेलकूद मे गहींर रुचि लेब शुरू कए दे आ वीडियो गेमक बदला मैदान मे वास्तविक खेल खेलय लागय तं धीरे-धीरे ओकर ई लत कम भए सकैत अछि। ड्रेस कोडक मुद्दा किछु पैघ शहर आ विश्वविद्यालय मे देखबाक लेल भेटैत अछि। एतय प्रायः जागरूकताक कमी रहैत अछि। कखनो-कखनो कोनो स्पष्ट व्याख्या देने बिना नियम लागू कए देल जाइत अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे शिक्षक सभ कें बच्चाक मन मे उत्पन्न होइत आशंका आ ओकर प्रभावपर लगातार सजग रहबाक आवश्यकता अछि। शिक्षक सभ कें ई देखबाक चाही जे कोन-कोन कदम बच्चाक व्यवहार मे परिवर्तन आनैत अछि।



कहलनि, आत्मविश्वास जरूरी, पीएम राष्ट्रीय पुरस्कार प्राप्त करयबला शिक्षक सं केलनि भेंट

# पाकिस्तान मे एक कमांडर, तीन सेनाक व्यवस्था लागू, असीम मुनीर कें भेटल सब सं पैघ अधिकार

इस्लामाबाद, एजेंसी

पाकिस्तानक संसद देशक सैन्य कमान व्यवस्था मे पैघ परिवर्तन करैत पहिल बेर एकहि अधिकारी कें थलसेना, नौसेना आ वायुसेना – तीनू सेनाक कमान देबाक कानूनी अधिकार प्रदान केलक अछि। नेशनल असेंबली अगस्तक अंत मे पाकिस्तान रक्षा बल अधिनियम, 2026 कें स्वीकृति देने छल। एहि कानूनक अंतर्गत चीफ ऑफ डिफेंस स्टाफ (सीडीएफ) केर नव पद सृजित कएल गेल अछि। फील्ड मार्शल असीम मुनीर पाकिस्तानक पहिल चीफ ऑफ डिफेंस फोर्सेज बनल छथि। ओ एहि पदक संग-संग सेना प्रमुखक दायित्व सेहो सम्हारैत रहताह। ई परिवर्तन 1976क बाद पाकिस्तानक सैन्य कमान व्यवस्था मे सब सं पैघ पुनर्गठन मानल जा रहल अछि। एकर पहिने कोनो एक अधिकारी कें तीनू सेनापर एहि प्रकारक औपचारिक कानूनी अधिकार नहि छल।



**की बदलल पाकिस्तानक सैन्य कमान व्यवस्था मे? :** एखन धरि तीनू सेनाक बीच समन्वय लेल ज्वाइंट चीफ्स ऑफ स्टाफ कमिटी केर अध्यक्षक पद छल। ई पद 1976 मे बनाओल गेल छल, मुदा एकरा नौसेना अथवा वायुसेनाक सीधा कमान करबाक कानूनी अधिकार नहि छल। नव सीडीएफ पदक अंतर्गत आब सीडीएफ कें तीनू सेनापर परिचालनक कमान रहत। ओ सीधा संघीय सरकार कें रिपोर्ट करताह आ एहन निर्णय लागू करबाक अधिकार सेहो हुनका रहत, जे पुरान व्यवस्था मे संभव नहि छल। असीम मुनीर सेना प्रमुखक पदपर रहैत सीडीएफक जिम्मेदारी सेहो सम्हारताह। रावलपिंडीक एक सेवानिवृत्त थ्री-स्टार जनरल अल-जजीरा कें कहलनि जे नव कानून प्रधानमंत्री सं लए कए जमीनपर तैनात सैन्य इकाइ धरि कमानक स्पष्ट आ लिखित शृंखला तैयार कए देने अछि। सेवानिवृत्त जनरल नईम खालिद लोधीक अनुसार, आब सीडीएफ वास्तविक कमांडर छथि, जखन कि पुरान पद मुख्य रूप सं समन्वय धरि सीमित छल।

**नेशनल असेंबली अगस्तक अंत मे पाकिस्तान रक्षा बल अधिनियम, 2026 कें स्वीकृति देने छल**

**की एहि सं सेना आरो शक्तिशाली भेल? :** नव कानून कें लए कए विश्लेषकक मत एक-जेकां नहि अछि। कानूनक अनुसार परमाणु बलक कमान करबाक पद आब सेना सं आबि सकत। विश्लेषक माजिद निजामीक अनुसार, एहि सं ई संभावना औपचारिक रूप सं समाप्त भए गेल अछि जे पहिने एहि दायित्वपर नौसेना अथवा वायुसेनाक अधिकारी सेहो आबि सकैत छलाह। रावलपिंडीक एक सेवानिवृत्त थ्री-स्टार जनरल नव व्यवस्था कें सेना-केंद्रित बतौलनि। ओतहि रणनीतिक योजना सं जुड़ल रहल एक पूर्व अधिकारी आशंका व्यक्त केलनि जे नौसेना आ वायुसेना मे करियर सं जुड़ल निर्णय आब सेना नेतृत्व वाली कमान व्यवस्थाक माध्यम सं होयत।

**नागरिक सरकारक निगरानी कमजोर होयबाक आशंका :** नव कानूनक बाद नागरिक निगरानी कें लए कए सेहो प्रश्न उठल अछि। अधिवक्ता आ पूर्व अधिकारी कर्नल इनाम रहीमक अनुसार, आब सीडीएफ मात्र एक पत्रक माध्यम सं अधिकारी कें पद सं हटा सकताह। एकरा लेल पहिने आवश्यक कैबिनेट सारांश आब जरूरी नहि रहत। कराची निवासी अधिवक्ता अब्दुल मोइज जाफरीक तर्क अछि जे कानून औपचारिक रूप सं बराबर मानल जाएबला एक सर्विस चीफ कें दोसरक अधीन कए देने अछि। मुदा सुप्रीम कोर्टक अधिवक्ता हाफिज अहसान अहमद खोखर एहि व्यवस्थाक तुलना ब्रिटेन, कनाडा आ ऑस्ट्रेलियाक समान कानून सं केलनि। पाकिस्तान सरकारक अनुसार तीन प्रमुख उद्देश्य पाकिस्तान सरकारक अनुसार एहि पुनर्गठनक तीन प्रमुख उद्देश्य अछि—थल, वायु, समुद्र, साइबर आ ड्रोन अभियानक बीच नीक समन्वय; पुरान अलग-अलग कार्यप्रणाली कें समाप्त करब; आ संकट काल मे शीघ्र निर्णय लेबाक व्यवस्था कायम करब। आब एके अधिकारी तीनू सेना कें एकसाथ निर्देश देबाक स्थिति मे रहताह।

# विमेंस एशिया कप : ईशा ओजाक दमदार प्रदर्शन
# यूएई इंडोनेशिया कें 6 विकेट सं हरौलक

विमेंस एशिया कप 2026क 8म मोकाबला मे यूएई बेहतरीन प्रदर्शन करैत इंडोनेशिया कें 6 विकेट सं हरा देलक। इंडोनेशिया सं भेटल 72 रनक लक्ष्य कें यूएई 13.1 ओवर मे 4 विकेट गमा कए हासिल कए लेलक। लक्ष्यक पीछा करय उतरल यूएईक शुरूआत किछु खास नहि रहल। तीर्थ सतीश बल्ला सं किछु खास कमाल नहि देखौलीह आ मात्र 11 रन बना कए आउट भए गेलीह। हालांकि, एकर बाद टीमक पारी कप्तान ईशा ओजा आ रिनिथा रजित संभारलनि आ दोसर विकेट लेल 36 गेंद मे 45 रनक साझेदारी कएलनि। रिनिथा 24 गेंद मे 3 चौकाक मदति सं 22 रन बनौलीह।

यूएईक कप्तान ईशा ओजा 29 गेंद मे 30 रनक योगदान देलनि। ओ अपन एहि पारी मे 5 चौका लगौलनि। समायरा धरनिधारका 8 आ लावण्या केनी 3 रन बना कए नाबाद रहलनि आ टीम कें जीत दियौने लौटलीह। इंडोनेशियाक दिस सं गेंदबाजी मे सोफिया वेलिक 3.1 ओवरक स्पेल मे मात्र 25 रन दए 2 विकेट लेलनि। ओतहि, नी कादेक अरियानी आ सांग मेप्रियानी एक-एक विकेट लेलनि। एकर पहिने इंडोनेशियाक बल्लेबाज यूएईक गेंदबाजसभक आगू आसानी सं घुटना टेक देलनि आ पूरा टीम मात्र 71 रन बना कए ऑलआउट भए गेल। टीमक शुरूआत बेहद खराब रहल आ मारिया कोराजोन बिना खाता खोलने पवेलियन लौटि गेलीह। रहमावती पंगेस्तुती सेहो बल्ला सं किछु



खास कमाल नहि देखौलीह आ 2 रन बना कए आउट भए गेलीह। नी लुह देवी बिना खाता खोलने सुरक्षा कोट्टेक शिकार बनी गेलीह।

हालांकि, नी पुतु आयु नंदा साकारिनी एक छोर संभारि कए रखलनि आ शानदार बल्लेबाजी करैत 52 गेंद मे 4 चौका आ एक छक्काक मदति सं 39 रन बनौलीह। नी कादेक फित्रिया रादा रानी मात्र 3 रन बना सकलीह, जखनकि देसी वुलंदारी 10 रनक योगदान देलनि। यूएईक दिस सं गेंदबाजी मे सुरक्षा कोट्टे बेहतरीन प्रदर्शन करैत 4 ओवरक स्पेल मे मात्र 16 रन दए 3 विकेट लेलनि। ओतहि, ईशा ओजा 11 रन दए 2 विकेट लेलनि। हीना होटचंदानी आ वैष्णवी महेश दू-दू विकेट झटकलनि।

# विमेंस जूनियर एशिया कप : जीत सं भारतक अभियान शुरू, दक्षिण कोरिया कें 4-1 सं हरौलक

भारतीय जूनियर महिला हॉकी टीम शनिदिन जीत सं जूनियर एशिया कप 2026 मे अपन अभियानक शुरूआत कएलक। गत चैंपियन भारत मोकी मे खेलल गेल एहि मोकाबला मे दक्षिण कोरिया कें 4-1सं हरा देलक। भारत विमेंस जूनियर एशिया कपक पछिला दुनू संस्करण जीतने छल।

दक्षिण कोरियाक विरुद्ध भारत पूरा मैच मे संयमित आ दबदबा बला खेल देखौलक। भारत दिस सं सानिका चंद्रकांत माने, पूर्णिमा यादव, पूजा साहू आ मधु सिदार गोल कएलनि। ओतहि, कोरियाक लेल किल गैबिन सांत्वना गोल कएलनि। भारत पहिल क्वार्टर मे कतेको मौका बनौलक। मोकाबलाक 8म मिनट मे सानिका चंद्रकांत माने गोल कए भारत कें 1-0क शुरूआती बढ़त दियौलनि। एकर बाद भारतीय टीम दक्षिण कोरियाक डिफेंस पर दबाव बनौने रहल आ पहिल क्वार्टर मे दूटा पेनाल्टी कॉर्नर हासिल कएलक, मुदा दुनू मौका कें गोल मे नहि बदलि सकल। पहिल क्वार्टरक समाप्ति धरि भारत अपन बढ़त कायम रखलक।

भारत दोसर क्वार्टरक शुरूआत मे सेहो अपन आक्रामक रुख जारी रखैत शुरूआती पांच मिनटक भीतर एकटा आओर पेनाल्टी कॉर्नर हासिल कएलक। शुरूआती प्रयासक बाद टीम कें री-पीसी यानी दोबारा पेनाल्टी कॉर्नर भेटल, मुदा एकरा सेहो गोल मे नहि बदलल जा सकल।

दक्षिण कोरिया बढ़ैत दबावक संग जवाबी हमला कएलक आ बराबरीक गोल करबाक प्रयास मे 5 मिनटक भीतर लगातार दूटा पेनाल्टी



कॉर्नर हासिल कएलक। मुदा भारतीय डिफेंस विपक्षीक इरादा पर पानि फेरि देलक।

एकर बाद भारत फेर खेल पर नियंत्रण हासिल कएलक आ दोसर क्वार्टरक आखरी क्षण मे एकटा आओर पेनाल्टी कॉर्नर हासिल कएलक। एहि बेर भारतीय टीम बेहतरीन रणनीति अपनौलक आ पूर्णिमा यादव 30म मिनट मे गोल कए भारतक बढ़त दूनू गुना कए देलनि। एहि सं टीम हाफ-टाइम मे 2-0क बढ़त लए कए गेल।

दक्षिण कोरिया तेसर क्वार्टर मे नव इरादाक संग मैदान मे उतरल आ मैच मे वापसीक प्रयास कएलक। मुदा भारतक डिफेंस दबावक बावजूद मजबूत रहल। भारतक लगातार प्रयासक फल तेसर क्वार्टरक आखरी क्षण मे भेटल, जखन टीम एकटा आओर पेनाल्टी कॉर्नर कें गोल मे बदलि देलक। पूजा साहू भारतक बढ़त 3-0 करबा मे सफल रहली।

भारतक लगातार हमलाक नतीजा 51म मिनट मे भेटल, जखन मधु सिदार गोल कए स्कोर 4-0 कए देलनि। दक्षिण कोरिया आखरी सीटी धरि संघर्ष जारी रखलक आ खेल समाप्त होयबाक ठीक चारि मिनट पहिने एकटा गोल वापस कएलक। एकटा आओर पेनाल्टी कॉर्नरक बाद कोरियाक टीम अलग तरहक वेरिएशन अपनौलक, जाहि सं 57म मिनट मे किल गैबिन गोल कएलनि।

# पिकलबॉल वर्ल्ड कप 2026 : भारतक शानदार प्रदर्शन जारी
# फिलीपींस कें हरा कए क्वार्टर फाइनल मे बनौलक स्थान

वियतनामक दा नांग मे चलि रहल पिकलबॉल वर्ल्ड कपक टीम इवेंटक दोसर दिन भारतीय टीम बिना कोनो मैच हारने क्वार्टर फाइनल मे पहुंचि गेल अछि। राउंड ऑफ 16क मोकाबला मे भारतीय टीम फिलीपींस कें हरा देलक। फिलीपींसक विरुद्ध राउंड ऑफ 16क मोकाबला कठिन होयबाक आशा छल, मुदा भारतीय टीम 4–1क स्कोर सं मैच जीतलक। पर्ल आ मिहिकाक महिला डबल्स जोड़ी एक बेर फेर भारत कें पहिल अंक दियौलनि, जखनकि पुरुष डबल्स जोड़ी दोसर टाइ मे कड़ा मोकाबलाक बाद 19–21सं हारि गेल। अगिलाक दुनू मिक्स्ड डबल्स मोकाबला भारतक पक्ष मे रहल, जाहि सं टीम कें 3–1क बढ़त भेटल। आलिया इब्राहिम अपन प्रतिद्वंद्वी कें 21–12सं हरा कए भारत कें क्वार्टर फाइनल मे पहुंचा देलनि। क्वार्टर फाइनल मे भारतीय टीमक सामना मजबूत अमेरिका सं होयत। हर्ष मेहता, अर्जुन सिंह, अनीश फ्रोइलन, अमन पटेल, पर्ल अमलसादीवाला,



नाओमी अमलसादीवाला, आलिया इब्राहिम आ मिहिका यादव बला भारतीय प्रो टीम राउंड ऑफ 32 मे चीन कें 4–0सं हरौने छल। पर्ल अमलसादीवाला आ मिहिका यादव मैचक पहिल टाइ 21–19सं जीतैत नीक शुरूआत कएलनि। एकर बाद हर्ष मेहता आ अर्जुन सिंह टीम इंडिया लेल एकटा आओर अंक हासिल कएलनि। तेसर टाइ मे हर्ष मेहता आ पर्ल अमलसादीवालाक जोड़ी कठिन मोकाबला जीतलक, जाहि सं अर्जुन सिंह आ मिहिका यादव लेल चीनी टीम कें 4–0सं हराबयक बाट साफ भए गेल। पर्ल अमलसादीवाला शुक्रदिन कहलनि, हम अपन योजनाक जेना क्रियान्वयन कएलहुं आ क्वार्टर फाइनल धरि पहुंचलहुं, ताहि सं हम बहुत खुश छी। मिहिका आ हर्षक संग खेलब हमर लेल बहुत नीक अनुभव रहल अछि आ हर्ष मेहताक नेतृत्व बहुत महत्वपूर्ण रहल अछि। टीम लेल अपन भूमिका निभा कए हमरा बहुत खुशी अछि आ हम क्वार्टर फाइनल लेल बेसब्री सं प्रतीक्षा कए रहल छी। शनिदिन बाकी भारतीय टीम सभ लेल महत्वपूर्ण दिन अछि, मुदा हम चुनौती लेल तैयार छी। भारतक मास्टर्स टीम, जूनियर टीम आ किड्स टीम सेहो क्रमशः वियतनाम, चीनी ताइपे आ ऑस्ट्रेलियाक विरुद्ध क्वार्टर फाइनल मे जगह बना लेलनि। भारतक सीनियर टीम राउंड ऑफ 16 मे न्यूजीलैंड सं हारि गेल, जाहि सं वर्ल्ड कपक एहि संस्करण मे हुनकर यात्रा समाप्त भए गेल। इंडिया मास्टर्स राउंड ऑफ 16 मे चीन कें कड़ा मोकाबला मे 3–2सं हरौलक। निर्णायक मोकाबला मे भूषण अकुत आ पेटुलिया बालाजी 21–9सं शानदार जीत हासिल कएलनि। इंडियन पिकलबॉल एसोसिएशनक कोषाध्यक्ष आलाप शर्मा कहलनि, शनिदिन हमर किड्स, जूनियर, ओपन आ मास्टर्स (60+) टीम पूरा जोशक संग क्वार्टर फाइनल मे उतरती। प्रत्येक खेलाड़ी अपन सर्वश्रेष्ठ प्रदर्शन कए रहल अछि आ देश लेल पूरा हृदय, साहस आ गर्वक संग खेलि रहल अछि।

# यूएस ओपन : सबालेंक शानदार प्रदर्शन जारी
# तेसर राउंड मे राखिमोवा कें देलनि शिकस्त

शीर्ष वरीयता प्राप्त आ दू बेरक डिफेंडिंग चैंपियन आर्यना सबालेंका शुक्रदिन न्यूयॉर्कक लुइस आर्मस्ट्रांग स्टेडियम मे यूएस ओपनक महिला सिंगल्सक तेसर राउंडक मोकाबला मे कामिला राखिमोवा कें 6–3, 6–4सं हरा देलनि। तेज रौद मे नारंगी रंगक चमकदार किट पहिरि कए खेलैत आर्यना सबालेंका शानदार प्रदर्शन कएलनि। ओ दुनियाक 92म नंबरक खेलाड़ी राखिमोवाक कड़ा चुनौतीक सामना कए जीत हासिल करैत लगातार पांचम साल यूएस ओपनक चारिम राउंड मे जगह बना लेलनि। यूएस ओपनक छठम दिन भेल एहि मोकाबला सं पहिने आर्यना सबालेंका कें बेसी कठिन चुनौतीक सामना नहि



करय पड़ल छल। ओ अपन पहिल दुनू मोकाबला मे कुल मिला कए मात्र 8 गेम गमौने छलाह आ कोर्ट पर मात्र 2 घंटा 35 मिनट बितौने छलाह। सबालेंका मैचक शुरूआत शानदार तरहे कएलनि आ शीघ्रहि अपन प्रतिद्वंद्वीक सर्विस तोड़ि कए 2–1क बढ़त बना लेलनि। उज्बेकिस्तानक 25 वर्षीय राखिमोवा शुरूआत मे शीर्ष वरीयता प्राप्त खेलाड़ी विरुद्ध दबाव मे देखाइ देलनि। हालांकि, 5–3सं पाछू रहितो राखिमोवा हार नहि माननलि। ओ एकटा महत्वपूर्ण सर्विस गेम जीतलनि आ अपन बेहतरीन रिटर्न, समझदारी भरल शॉट आ अलग-अलग तरहक स्ट्रोकक माध्यम सं मोकाबला मे चुनौती देबाक प्रयास कएलनि। एकर बाद सेहो सबालेंका अपन सर्विस पर पूरा नियंत्रण कायम रखलनि आ मात्र 35 मिनट मे पहिल सेट 6–3सं अपन नाम कए लेलनि। ओ एहि सेट मे चारि ऐस लगौलनि आ एको डबल फॉल्ट नहि कएलनि। अपन पहिल सर्विस पर ओ 81 प्रतिशत अंक जीतलनि, जखनकि राखिमोवा पूरा सेट मे हुनकर सर्विस एक बेर सेहो नहि तोड़ि सकलीह।


धन्यवाद मिथिला




आइ अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेहक बल पर प्रतिदिन 'समदिया मिथिला'क डिजिटल संस्करण दस लाख पाठक धरि पहुंच रहल अछि। भारत आ नेपालक संगहि अपनेक ई दैनिक पत्र यूके, यूएसए, यूएई, सिंगापुर, मॉरिशस, श्रीलंका आदि देश मे रहि रहल मैथिली भाषी लोकनि प्रतिदिन एहि अखबारक बाट तकैत रहैत छथि आ बहुत चाव सं एहि अखबार कें पढ़ैत छथि। अपने लोकनिक एहि प्रेमक बल पर 'समदिया मिथिला' मिथिलाक एकमात्र लोकप्रिय दैनिक पत्र बनि गेल अछि। एकर हार्ड कॉपी सेहो संपूर्ण मिथिला मे देखिते-देखिते छुहक्का उड़ि जाइत अछि।

हमरा सभकें आशा आ विश्वास अछि जे अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेह अहिना बनल रहत आ 'समदिया मिथिला'क पाठकक संख्या मे उत्तरोत्तर वृद्धि होइत रहत।

आभार सहित
समदिया परिवार





# श्रीलंका विरुद्ध वनडे आ टी-20 सीरीज लेल इंग्लैंड टीमक घोषणा, अनेरिन-क्रोकोंबे कें पहिल बेर भेटल मौका

श्रीलंका विरुद्ध 3 वनडे आ 3 टी–20 इंटरनेशनल मैचक सीरीज लेल इंग्लैंड क्रिकेट बोर्ड टीमक घोषणा कए देलक अछि। दूनू फॉर्मेट मे टीमक कमान हैरी ब्रूकक हाथ मे देल गेल अछि। जेमी ओवरटनक टीम मे वापसी भेल अछि। टी–20 इंटरनेशनल सीरीज लेल चुनल गेल 16 सदस्यीय टीम मे सलामी बल्लेबाज अनेरिन डोनाल्ड कें पहिल बेर जगह देल गेल अछि। ओतहि, वनडे टीम मे हेनरी क्रोकोंबे कें पहिल बेर इंग्लैंड टीम दिस सं बुलावा भेटल अछि। भारत विरुद्ध चोटक कारण व्हाइट बॉल सीरीज नहि खेलि सकल ओवरटनक दूनू फॉर्मेटक टीम मे वापसी भेल अछि। सैम करन आ फिल साल्ट इंजरीक कारण एहि सीरीज लेल उपलब्ध नहि भए सकलाह। ओतहि, जैकब बेथेल सफल घुटनाक सर्जरीक बाद रिहैब पूरा कए रहल छथि। क्रोकोंबे पर इंग्लैंड टीमक बहुत दिन सं नजरि छल। ओ न्यूजीलैंड विरुद्ध दोसर टेस्टक दौरान ओली रॉबिन्सनक बैकअपक रूप मे इंग्लैंड टीम मे शामिल भेल छलाह। 24 वर्षीय एहि खेलाड़ी 36 लिस्ट–ए मोकाबला मे 49 विकेट लेने छथि आ अपन गेंदबाजी सं बहुत प्रभावित कएलनि अछि। ओतहि, अनेरिन डोनाल्डक प्रदर्शन टी–20 ब्लास्ट मे डबीर्शायर दिस सं खेलैत शानदार रहल छल। ओ 230क स्ट्राइक रेट सं खेलैत 489 रन बनौने छलाह। एहि दौरान ओ 4 अर्धशतक सेहो लगौने छलाह। 2015 मे अपन टी–20 डेब्यू कएनिहार डोनाल्ड एखन धरि एहि फॉर्मेट मे 2,423 रन बना चुकल छथि, जाहि मे 18 अर्धशतक शामिल अछि। घरेलू



सरजमीं पर इंग्लैंड भारत विरुद्ध व्हाइट बॉल सीरीज मे शानदार प्रदर्शन कएलक छल। इंग्लिश टीम 5 मैचक टी–20 इंटरनेशनल सीरीज 4–0सं अपन नाम कएलक छल। ओतहि, वनडे मे सेहो इंग्लैंडक प्रदर्शन शानदार रहल छल आ टीम सीरीज 2–1सं जीतलक छल। इंग्लैंड आ श्रीलंका बीच टी–20 सीरीजक शुरूआत 15 सितंबर सं होयत। सीरीजक दोसर मोकाबला 17 आ आखरी टी–20 मोकाबला 19 सितंबर कें खेलल जायत। वनडे सीरीजक शुरूआत 22 सितंबर सं होयत। दोसर एकदिवसीय मोकाबला 24 आ तेसर वनडे मैच 27 सितंबर कें खेलल जायत।

**श्रीलंका विरुद्ध टी–20 सीरीज लेल इंग्लैंडक स्क्वॉड :** हैरी ब्रूक (कप्तान), जोफ्रा आर्चर, गस एटकिंसन, सोनी बेकर, टॉम बैंटन, जोस बटलर, जेम्स कोल्स, जॉर्डन कॉक्स, लियाम डॉसन, एन्यूरिन डोनाल्ड, बेन डकेट, विल जैक्स, साकिब महमूद, जेमी ओवरटन, आदिल राशिद आ जोश टंग।

**श्रीलंका विरुद्ध वनडे सीरीज लेल इंग्लैंडक स्क्वॉड :** हैरी ब्रूक (कप्तान), रेहान अहमद, जोफ्रा आर्चर, गस एटकिंसन, टॉम बैंटन, सोनी बेकर, जोस बटलर, जॉर्डन कॉक्स, हेनरी क्रोकोंबे, लियाम डॉसन, बेन डकेट, विल जैक्स, जेमी ओवरटन, आदिल राशिद, जो रूट आ जोश टंग।

वर्ष 16, अंक 355 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेड:** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053